SERAT TRI LAKSITO

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Milik Depdikbud
Tidak diperdagangkan

SERAT TRI LAKSITO

TIM PENULIS :

Drs. Slamet Ds.

Drs. Abdurrahman.

Ny. Endang Susilastuti.

Prof. Dr. S. Budhi Santoso.

Drs. Suloso

Dra. Endang Tri Winarni.

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
DIREKTORAT SEJARAH DAN NILAI TRADISIONAL
PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN KEBUDAYAAN NUSANTARA
TAHUN 1991/1992

SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Usaha untuk mengetahui dan memahami kebudayaan daerah lain selain kebudayaan daerahnya sendiri lewat karya-karya sastra lama (naskah kuno) merupakan sikap yang terpuji dalam rangka pengembangan kebudayaan bangsa. Keterbukaan sedemikian itu akan membantu anggota masyarakat untuk memperluas cakrawala budaya dan menghilangkan sikap etnosentris yang dilandasi oleh pandangan stereotip. Dengan mengetahui dan memahami kebudayaan-kebudayaan yang ada dan berkembang di daerah-daerah di seluruh Indonesia secara benar, maka akan sangat besar sumbangannya dengan pembinaan persatuan dan kesatuan bangsa.

Untuk membantu mempermudah pembinaan saling pengertian dan memperluas cakrawala budaya dalam masyarakat majemuk itulah pemerintah telah melaksanakan berbagai program, antara lain dengan menerbitkan buku-buku yang bersumber dari naskah-naskah lama seperti apa yang diusahakan oleh Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara. Mengingat arti pentingnya usaha tersebut, saya dengan senang hati menyambut terbitnya buku yang berjudul Serat Tri Laksito.

Saya mengharapkan dengan terbitnya buku ini, maka penggalian nilai budaya yang terkandung dalam naskah lama yang ada di daerah-daerah di seluruh Indonesia dapat lebih ditingkatkan sehingga tujuan pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional yang sedang kita laksanakan dapat segera tercapai.

Namun demikian perlu disadari bahwa buku-buku hasil penerbitan Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara ini baru merupakan langkah awal, dan ada kemungkinan masih terdapat kelemahan dan kekurangan. Diharapkan hal ini dapat disempurnakan di masa yang akan datang terutama yang berkaitan dengan teknik pengkajian dan pengungkapannya.

Akhirnya saya mengucapkan terima kasih kepada semua pihak yang telah membantu penerbitan buku ini.

Jakarta, Nopember 1991
Direktur Jenderal Kebudayaan

Drs. GBPH. Poeger
NIP. 130 204 562

KATA PENGANTAR

Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara, Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional, Direktorat Jenderal Kebudayaan telah mengkaji dan menganalisis naskah-naskah lama di antaranya naskah kuno Jawa Tengah yang berjudul Serat Tri Laksito isinya tentang ajaran budi pekerti dan tata krama yang ditujukan kepada kaum muda.

Nilai-nilai yang terkandung di dalam naskah ini adalah nilai yang dapat menunjang pembangunan, baik fisik maupun spirituil.

Kami menyadari bahwa buku ini masih mempunyai kelemahan-kelemahan dan kekurangan-kekurangan. Oleh karena itu, semua saran untuk perbaikan yang disampaikan akan kami terima dengan senang hati.

Harapan kami, semoga buku ini dapat merupakan sumbangan yang berarti dan bermanfaat serta dapat menambah wawasan budaya bagi para pembaca.

Kami mengucapkan terima kasih yang sebesar-besarnya kepada para peneliti dan semua pihak atas jerih payah mereka yang telah membantu terwujudnya buku ini.

Jakarta, Nopember 1991

Pemimpin Proyek

Sri Mintosih B.A.
NIP. 130 358 048

DAFTAR ISI

Halaman

SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN . iii
KATA PENGANTAR v
DAFTAR ISI. vii

BAB I PENDAHULUAN 1
A Latar Belakang Dan Masalah 1
B Maksud Dan Tujuan 4
C Ruang lingkup 6
D Pertanggung Jawaban Ilmiah Penulisan 7

BAB II TRANSLITERASI
I Anyariosaken lelampahanipun Raden Hardoko 12
II Anyariosaken lelampahanipun Raden Madyana 15
III Anyariosaken lelampahanipun Raden Mulyono 60

IV Anyariosaken lelampahanipun Raden Mas Herdaka, Raden Mas Madyana lan Raden Mas Mulyana 111
BAB III TERJEMAHAN 128
I Pengalaman hidup Raden Hardaka 129
II Menceritakan kehidupan Raden Madyana .. 133
III Menceritakan kehidupan Raden Mulyana .. 181
IV Menceritakan kehidupan Raden Mas Hardaka, Raden Mas Madyana dan Raden Mas Mulyana 241
BAB IV TINJAUAN ISI DAN LATAR BELAKANG PENULISAN NASKAH 260
A. Uraian Naskah 260
B. Ajaran Orang Jawa mengenai sikap dan watak yang baik 263
C. Ilmu Katuranggan 268
D. Beberapa pelajaran hikmah yang dapat dipetik dari Naskah Kuno Serat Tri Laksita 270
BAB V KESIMPULAN DAN SARAN 274
DAFTAR PUSTAKA ., ... 276

BAB I
PENDAHULUAN

A. LATAR BELAKANG DAN MASALAH'

Kebudayaan nasional seperti yang tercantum dalam pasal 32 UUD 1945 yang berbunyi : "Pemerintah memajukan Kebudayaan Nasional Indonesia" yang di dalam penjelasannya mengungkapkan bahwa Kebudayaan Nasional Indonesia ialah: "Kebudayaan lama dan asli yang terdapat sebagai puncak-puncak kebudayaan di daerah-daerah di seluruh Indonesia terhitung sebagai kebudayaan bangsa".

Negara Indonesia yang terdiri dari ribuan pulau, di dalamnya hidup berbagai suku bangsa dengan hasil budaya dan bahasanya. Hampir setiap suku dan bangsa mempunyai hasil budaya daerah dengan ciri dan bentuk yang berlainan satu sama lain. Kekayaan budaya daerah tersebut merupakan modal dan unsur penunjang terwujudnya kebudayaan Nasional.

Hasil budaya daerah tersebut sebagian masih ada yang hidup dan berkembang dengan subur, namun banyak yang dikhawatirkan hilang dan punah. Karena banyaknya hasil budaya tersebut, kadang-kadang suku bangsa yang satu dengan lainya masih belum saling mengenal dan mengetahui hasil budayanya

masing-masing. Hal ini menyebabkan masih asingnya akan hasil budaya suku bangsa dari daerah tertentu dan akhirnya tidak merasa memiliki hasil budaya daerah tersebut sehingga hanya dimiliki dan diketahui oleh masyarakat pendukungnya, padahal puncak-puncak kebudayaan itu merupakan penunjang dan saka guru dari kebudayaan nasional.

Sesuai dengan yang diamanatkan oleh pasal 32 Undang-Undang Dasar 1945, pemerintah telah dituntut untuk menangani hasil budaya daerah agar nantinya akan memperkuat kebudayaan nasional. Usaha-usaha penanganan di bidang kebudayaan daerah harus menuju ke arah kemajuan adab, budaya persatuan, dengan tidak menolak bahan-bahan baru dari kebudayaan asing yang dapat memperkembangkan atau memperkaya kebudayaan bangsa sendiri, serta mempertinggi derajat kemanusiaan bangsa Indonesia.

Sehubungan dengan pelaksanaan tugas-tugas tersebut di atas usaha-usaha inventarisasi, pendokumentasian, penelitian, pengkajian, pelestarian dan pengembangan hasil budaya dari berbagai daerah yang ada di seluruh pelosok Indonesia perlu dilakukan. Usaha-usaha penanganan tersebut meliputi hasil kebudayaan phisik maupun non phisik. Salah satu bentuk usaha penanganannya ialah penggarapan karya sastra yang berbentuk naskah kuno (naskah lama)

Penggarapan naskah lama dapat dilakukan dengan melalui penelitian, inventarisasi, alih aksara, penterjemahan, dan penerbitan ulang.

Karya sastra lama perlu diteliti, dikaji, diterjemahkan dan diungkap latar belakang serta isinya sebab naskah lama tersebut merupakan salah satu unsur kebudayaan daerah yang penting dalam kaitannya dengan kehidupan warga masyarakat di mana hasil karya sastra tersebut didukung. Arti pentingnya usaha penelitian, pengkajian, penterjemahan dan pengungkapan isi dan latar belakang karya-karya sastra daerah yang berupa naskah-naskah lama tidak hanya untuk mengungkapkan perasaan hati atau rasa keindahan serta tradisi masyarakat serta

kehidupan sosialnya saja, akan tetapi yang lebih mendalam lagi karena karya sastra tadi berisikan berbagai pesan-pesan budaya yang luhur dari zaman di mana karya sastra itu berada. Sejumlah pengetahuan yang berhubungan dengan alam semesta, keagamaan, kenegaraan, budi pekerti serta pesan-pesan dari orang-orang zaman dulu yang masih sangat berguna bagi masa kini dan yang akan datang.

Isi dan makna yang terkandung dalam naskah banyak yang bermanfaat dan mengandung nilai-nilai luhur namun karena tidak diketahui oleh masyarakat dan generasi sekarang maka seolah-olah tidak ada artinya. Karena kondisi itu, usaha penanganan dari pemerintah untuk mengadakan inventarisasi, penggalian, penterjemahan ke dalam bahasa nasional kita yaitu bahasa Indonesia, pengungkapan isi dan latar belakang penulisan naskah serta penyebar luasan hasil agar dapat saling diketahui oleh satu daerah atau bangsa dengan bangsa lainnya sangatlah diperlukan.

Dengan adanya usaha itu diharapkan akan saling mengenal, saling merasa memiliki dan menghormati dan akhirnya diharapkan pula akan dapat menimbulkan rasa kebanggaan nasional serta mewujudkan rasa kesatuan dan persatuan nasional.

Di samping hal-hal tersebut di atas masih banyak masalah yang berhubungan dengan hasil budaya bangsa yang berupa naskah lama tersebut, antara lain :

1. Dewasa ini masih banyak naskah kuno yang disimpan di rumah-rumah penduduk, bukan untuk dibaca melainkan untuk disimpan sebagai pusaka warisan orang-orang tua yang harus dirawat secara turun-temurun. Padahal naskah-tersebut terbuat dari bahan yang mudah rusak karena pengaruh suhu udara ataupun cuaca. Hal ini dikhawatirkan akan mudah rusak dan hancur sehingga tidak dapat dibaca dan isinya yang berharga tidak dapat dimanfaatkan.
2. Jumlah orang yang bisa menulis dan membaca naskah lama semakin berkurang dan pada saatnya dikhawatirkan akan

habis. Hal ini akan mengakibatkan kerugian bagi bangsa kita sebab pada akhirnya nanti warisan budaya yang begitu berguna dari buku naskah kuno tadi tidak bisa dilestarikan.

3. Jumlah ahli sastra yang dapat menggarap naskah lama jumlahnya masih sedikit dan dapat dikatakan langka. Hal ini menyebabkan hasil penggarapan naskah lama sangat sedikit sehingga isi dan pesan dari naskah lama tidak segera dapat diketahui oleh masyarakat luas. Bahkan dalam kenyataan angkatan muda yang menerjunkan diri dalam masalah penggarapan naskah lama ini sangat jarang sehingga kader-kader penerus dikhawatirkan akan musnah.
4. Dewasa ini masih banyak naskah-naskah lama yang lepas dari pemiliknya karena dijual kepada orang-orang asing dan dibawa ke luar negeri diperdagangkan sebagai barang antik atau dijual ke perpustakaan-perpustakaan dengan harga yang mahal. Hal ini disebabkan kurang sadarnya para pemilik naskah akan arti pentingnya naskah lama sebagai cagar budaya dan warisan budaya yang bernilai tinggi bagi bangsa. Mereka lebih mementingkan kepentingan pribadi serta mementingkan uang.

Di berbagai daerah isi dan pesan naskah telah diresapi dan dihayati sehingga arti, makna dan pesan dari naskah telah dijadikan suatu pedoman hidup, tatanan nilai maupun upacara tradisi. Di sisi lain generasi mudanya karena belum dapat membaca dan menulis, belum bisa memahami nilai-nilainya secara mendalam walaupun sudah mengikuti dan menerima jejak para leluhur dan orang tua yang ada di daerah itu dikarenakan kurangnya pemahaman serta rasa memiliki budaya daerah.

B. MAKSUD DAN TUJUAN.

Penggarapan dan penanganan hasil karya sastra yang berupa naskah lama yang tersebar di berbagai daerah di Indonesia dilakukan dengan jalan mengadakan inventarisasi, penelitian, pengkajian, tranliterasi, penterjemahan, pengungkapan isi dan

latar belakang penulisan naskah lama serta penyebar luasan hasilnya dimaksudkan agar memperoleh beberapa manfaat antara lain :

1. Terinventarisasikannya naskah-naskah lama dan hasil karya sastra yang ada di berbagai pelosok daerah di negara Indonesia sehingga dapat diketahui jumlah, jenis dan bentuk-bentuk yang ada.
2. Terdokumentasikannya naskah-naskah yang ada dengan baik dan lengkap sehingga kemungkinan hilang akan kecil.
3. Tersimpan dan terawatnya dengan baik naskah-naskah yang ada sehingga bahaya kerusakan akan dapat diatasi.
4. Tersusunnya penggolongan naskah ditinjau dari segi umur, bahasa, tulisan, bahan, isi dan latar belakang penulisannya.
5. Mempermudah penggarapan selanjutnya dalam bentuk transliterasi, penterjemahan dan peninjauan isi serta latar belakang penulisan naskah secara mendalam.
6. Dengan menterjemahkan naskah lama serta peninjauan isi serta latar belakang penulisan naskah ke dalam bahasa nasional kita Indonesia, diharapkan akan lebih memudahkan pemahaman serta peninjauan isi, pesan, ide, maksud, tujuan serta ilmu-ilmu yang terkandung di dalamnya.
7. Dengan mengetahui isi, latar belakang, pesan, ide, ilmu, maksud dan tujuan penulisan naskah tersebut diharapkan pula akan menjadi dorongan dan minat baca serta peningkatan ilmu serta penambahan wawasan dan cakrawala baru bagi para pembacanya serta generasi sekarang dan generasi penerus di masa yang akan datang agar nantinya dapat dijadikan motivasi dalam melaksanakan pembangunan nasional yang sedang berjalan di negara kita.
8. Setelah selesai penggarapan naskah lama dari berbagai daerah yang berada di pelosok tanah air kita ini, diharapkan agar dapat disebarkan ke berbagai daerah sehingga satu sama lain akan saling mengenal hasil budaya bangsanya yang

terdiri dari berbagai bentuk dan ragam. Hal ini diharapkan akan saling dapat menimbulkan rasa memiliki, rasa tanggung jawab untuk melestarikan dan mengembangkan, rasa persatuan dan kesatuan, rasa kebanggaan dan akhirnya dapat memperkuat kepribadian bangsa dan ketahanan nasional.

C. RUANG LINGKUP.

Ruang lingkup dari penggarapan naskah kuno yang meliputi penelitian, pengkajian dan pengungkapan nilai-nilai budaya serta penterjemahan naskah lama ini adalah :

1. Menginventarisasi dan mendokumentasikan berbagai naskah lama sebagai usaha menyelamatkan dari kemusnahan, baik secara fisik maupun isinya.
2. Naskah kuno yang dianggap penting dan perlu, ditransliterasikan dari huruf asli ke huruf latin, kemudian diterjemahkan ke dalam bahasa Indonesia dan diungkapkan latar belakang dan isi naskahnya serta diinformasikan dan disebar luaskan hasilnya ke segenap anggota masyarakat.
3. Melalui kegiatan tersebut diusahakan perlu untuk melihat dan mengamati berbagai kegiatan sosial budaya dari warga masyarakat pendukung naskah tersebut seperti misalnya dalam kaitannya dengan berbagai upacara keagamaan, tradisi dan kehidupan sehari-hari yang bersumberkan dari naskah tersebut. Hal ini dimaksudkan pula untuk mengungkap dan mengkaji peranan dan fungsi naskah kuno tersebut dalam kehidupan sehari-hari.
4. Dalam penggarapan naskah lama ini diprioritaskan naskah yang penting. Tolok ukur yang digunakan untuk menentukan arti dan pentingnya naskah yang akan digarap meliputi antara lain :
   - Naskah tersebut belum pernah diteliti dan digarap secara tuntas.

- Isinya dianggap bermanfaat untuk diketahui oleh masyarakat lain dan yang akan datang.
- Apabila ada beberapa naskah lama yang sama, maka perlu ada pengkajian dan pembandingan satu sama lain. Selanjutnya naskah yang dipilih untuk digarap adalah naskah lama yang paling tua, yang masih lengkap dan huruf-hurufnya masih jelas.

D. PERTANGGUNG JAWABAN ILMIAH PENULISAN.

Oleh karena begitu penting akan arti, makna dan pesan yang terkandung dalam naskah lama, agar naskah yang semakin langka tersebut tidak musnah begitu saja atau hanya didiamkan tidak pernah disentuh atau bahkan akan rusak karena dimakan umur serta dapat dimanfaatkan oleh seluruh bangsa Indonesia yang sedang giat membangun maka pemerintah telah berusaha mengadakan usaha-usaha penggarapan naskah kuno dengan jalan :

- Inventarisasi dan dokumentasi.
- Penyimpanan, perawatan dan pelestarian.
- Pembuatan foto copy, pencetakan ulang.
- Alih aksara, alih bahasa serta peninjauan isi dan latar belakang penulisan naskah.
- Penyebar luasan hasil dengan pencetakan, penerbitan untuk disebarkan kepada masyarakat luas agar dapat dibaca dan dipelajari isi, makna dan pesan yang terkandung di dalamnya.

Dalam rangka membantu usaha tersebut, pada kesempatan ini digarap hasil karya sastra yang berupa naskah kuno dari daerah Jawa Tengah yang berjudul *"Serat Tri Laksita"*.

Sebelum Tim memulai mengerjakan pemilihan naskah, tim terlebih dahulu mengadakan penelitian naskah baik yang ada pada perorangan maupun instansi dan perpustakaan yang ada di Jawa Tengah. Tim telah berhasil mendapatkan buku-buku naskah kuno. Sebagian telah banyak yang digarap namun sebagian lagi belum pernah digarap. Naskah-naskah yang sudah

banyak digarap antara lain terdapat di perpustakaan wilayah Jawa Tengah dan Mangkunegaran sedang yang belum digarap banyak terdapat di Museum Negeri Propinsi Jawa Tengah (Daftar Naskah terlampir)

Dengan berpedoman pada TOR yang ada, telah disebutkan agar naskah yang akan digarap merupakan naskah yang belum pernah digarap dan diteliti secara tuntas, isinya bermanfaat bagi masyarakat kini, maka Tim telah memberanikan untuk menggarap *"Serat Tri Laksita"*. Naskah ini isinya sangat menarik karena menceriterakan perjalanan hidup tiga orang pemuda yang mula-mula mempunyai dasar dan sikap yang sama namun akhirnya setelah dewasa mengalami nasib yang berbeda-beda. Ada yang hanya menjadi orang biasa, orang tengahan dan ada yang menjadi orang yang berpangkat tinggi. Kesemuanya itu di samping tidak terlepas dari takdir dan qodar Tuhan Yang Maha Kuasa juga oleh karena pengaruh pergaulan, sikap watak serta kemauan dari pemuda tadi.

Naskah tersebut sangat baik sebagai cermin kehidupan pemuda masa kini serta pendidikan bagi kaum remaja agar mau mawas diri, mencontoh dan menauladani perbuatan dan sikap mereka yang berhasil serta menjauhi watak dari mereka yang sengsara dan nista. Di samping itu telah dibahas pula berbagai jenis ilmu pengetahuan dari tata krama, pertanian, peternakan dan ilmu-ilmu pemerintahan.

Penggarapan naskah meliputi :

a) Transliterasi yaitu pemindahan dari tulisan atau huruf naskah aslinya yaitu huruf Jawa diganti dengan huruf atau tulisan latin. Hal ini dimaksudkan agar dengan tulisan latin tersebut dapat dibaca oleh mereka yang tidak bisa membaca Jawa. Sebab dewasa ini masih banyak orang-orang Jawa yang sudah sulit bahkan tidak bisa membaca tulisan jawa, apalagi orang-orang di luar jawa atau bangsa Indonesia pada umumnya. Dalam mengerjakan transliterasi ini telah digunakan pedoman penulisan latin yang ada dengan ejaan yang disempurnakan. Untuk penggarapan

transliterasi ini tim tidak mengalami kesulitan sebab naskah kuno tersebut berupa ceritera kehidupan susunan tulisan dan hurufnya mudah dipahami.

b) Terjemahan Naskah.
Sesudah selesai mengerjakan transliterasi terus diadakan kegiatan penterjemahan naskah dari bahasa asli (Jawa) ke dalam bahasa nasional (Indonesia).
Karena naskah tersebut berbentuk prosa dan berisikan ceritera, di dalam mengerjakan penterjemahan, tim tidak mengalami kesulitan. Hanya saja dalam pengerjaan penterjemahan kata demi kata secara urut, akan tetapi kadang-kadang satu kalimat baru diterjemahkan bahkan kalau berujud tembang setelah satu pupuh baru diterjemahkan.

Hal ini dimaksudkan agar lebih mudah dimengerti maksudnya dan urutan ceritanya akan lebih mudah dipahami, namun isi dan maksud kata-kata dan pesan yang terkandung di dalamnya tidak berubah.

Agar para pembaca nanti apabila mencocokkan dengan buku asli tidak bingung dan penggarapan ini dapat diuji kebenarannya pada setiap nomor halaman naskah kuno akan tetap dicantumkan pada sebelah kanan dari naskah terjemahan atau transliterasi. Dalam penggarapan penterjemahan naskah kuno ini kadang-kadang tim mengalami kesulitan untuk mencari kata-kata yang tepat dan pas karena kata-kata itu merupakan suatu istilah yang sulit diterjemahkan. Untuk mengatasi hal itu pada terjemahan tim terpaksa memasukkan istilah aslinya di samping kata-kata terjemahan yang dianggap paling tepat.
Sebagai contoh antara lain :

A Wanita Jawa yang baik dalam naskah disebutkan antara lain harus mempunyai watak :
- Taberi, Gemi lan ngati-ati
  Sifat-sifat itu sulit diterjemahkan sebab dari masing-masing watak itu harus diuraikan.
- Taberi : Selalu berusaha mencari kecakapan agar

jangan sampai kekurangan.

– Gemi : Semua hak milik harus dirawat dengan baik walaupun hanya sedikit.

Ngati-ati: Harus pandai mengatur kebutuhan dan belanja.

Kalau kata-kata itu kita terjemahkan apa adanya :

Taberi : Usaha

Gemi : Hemat

Ngati-ati : Hati-hari, rasanya kurang tepat.

B Wanita harus Mugen, Rigen dan Togen

– Mugen : Tidak suka bepergian kalau tidak perlu.

– Rigen : Bisa mengatur rumah agar baik.

– Togen : Kokoh, kuat budinya tidak suka bergurau.

Di samping itu masih banyak lagi istilah seperti :
Tapa ngeli, Tapa obong, Tapa pendem dan lan-lain.

Tapa ngeli : Kalau kita terjemahkan bertapa di air, padahal yang dimaksudkan sebagai sanepan yang artinya supaya bisa mengikuti kehendan kemauan umum dan masyarakat sekitar.

Juga adanya beberapa ciri atau watak binatang yang apabila kita terjemahkan secara apa adanya akan tidak cocok sehingga oleh tim kata itu tetap ditulis seperti istilah aslinya. Misalnya apabila ada kuda yang pusarnya berada di lutut kaki depan, dia punya watak buas, sering menjatuhkan, mau menginjak yang naik dan apabila dipakai perang akan kalah. Kuda seperti itu diberi nama *"Dudho Mustoko "*. Padahal kalau kita terjemahkan *Dudho* itu orang laki-laki yang sudah tidak punya istri karena cerai, *Mustoko* berarti kepala. Terjemahan ini akhirnya akan menjadi tidak tepat sehingga istilah itu tetap dicantumkan apa adanya dalam naskah terjemahan. Juga adanya paham orang jawa terhadap "Gugon Tuhon" hal ini kalau dicari terjemahannya yang tepat ke dalam bahasa Indonesia sulit. Ada yang menterjemahkan takhayul namun agar dapat tepat penulis

tetap menuliskan kata Gugon Tuhon dalam terjemahan.

c) Analisa isi naskah.

Sesudah transliterasi dan penterjemahan naskah selesai, kemudian diadakan pengkajian isi dan latar belakang penulisan naskah kuno. Dalam pengkajian isi dan latar belakang penulisan naskah tersebut diharapkan akan dapat diungkapkan isi, pesan, ide, maksud, tujuan, latar belakang serta hikmah yang didapat dari naskah tersebut.

Di samping itu akan dapat kita tarik suatu kesimpulan akan arti dan makna, ilmu serta pesan naskah yang patut kita catat dan dicantumkan sebagai modal dalam pengembangan ilmu dan kondisi di masa sekarang. Tim juga berusaha untuk mengambil dan menonjolkan perbandingan-perbandingan dari masalah yang dibahas dalam naskah tersebut dengan dikaitkan masalah yang ada dewasa ini, sehingga kajian tersebut akan bermanfaat pula bagi kehidupan masa kini dan yang akan datang.

d. Penggarapan naskah kuno ini tidak terlepas dari bantuan dari berbagai pihak baik instansi maupun perorangan yang tidak dapat kami sebutkan satu persatu. Dalam kesempatan ini perkenankanlah tim menyampaikan terima kasih atas segala bantuan yang telah diberikan guna kelancaran penggarapan naskah kuno ini. Tim penyusun menyadari bahwa penggarapan naskah kuno ini masih banyak kekurangannya, untuk itu perkenankanlah tim mohon maaf atas segala kekurangannya. Harapan tim penyusun semoga penggarapan naskah kuno ini ada manfaatnya.

Semarang, 10 Nopember 1989
TIM PENYUSUN.

BAB II

TRANSLITERASI NASKAH KUNO

SERAT TRILAKSITA

Serat Trilaksita punika hanyariosaken lalampahanipun lare tetiga,, ...3 satunggal nama Raden Hardaka satunggalipun nama Jaka Madyana, satunggalipun malih nama Jaka Mulyana.

Lare tetiga wahu sami nunggil pasuwitan ing wusana lelampahanipun wonten ingkang dhawah nistha, wonten ingkang dhawah madya, wonten ingkang dhawah utama, mila lajeng kahanggit kadhapur dedongengan kanamekaken *Serat Tri laksita,* tegisipun : lelampahan tigang prakawis inggih punika : nistha, madya, hutama, ing pangangkah sageda dados tepa tuladha, tumrap dhateng lare anem ingkang sami anggayuh dhateng kautaman sumerepa witing lalampahan ingkang wusananipun dhumawah ing nistha, madya, utama.

I

Anyariyosaken lelampahanipun Raden Hardaka.

Raden Hardaka punika putra tetilaranipun Raden Tumenggung Setya Nagara, Bupati ing nagari Madyapura. Sasedanipun

Raden Tumenggung Setya Nagara, kalenggahanipun sumeren dhateng putra pambajeng nama Raden Tumenggung.....4 Niti Praja, inggih punika ingkang raka Raden Hardaka, dados Raden Hardaka wau kaemong ingkang raka. Raden Hardaka sampun umur 18 tahun, pambekanipun gungan kumaluhur, kados nalika taksih sugeng ingkang rama, amargi kala rumiyin ragi dipun hugung, boten patos dipun pardi dhateng kasagedan inggih dipun sekolahaken, ananging dhasaripun malincur, ingkang rama boten patos marsudi, mila sekolahipun boten dados, boten kados ingkang raka, sekolahipun inggil pambeganipun alus, nalika sedanipun ingkang rama, Raden Tumenggung Niti Praja, saweg mentas medal saking sekolahan Opleidhe Sekul saking karsanipun Kanjeng Guprenemen lajeng kajunjung kagentosaken ingkang rama, mila sadangunipun momong ingkang rayi Raden Hardaka, Raden Tumenggung welas sanget amirsani ingkang rayi, dene anggenipun sekolah boten saged majeng, wah manahipun wangkal, manawi kapardi dhateng ingkang raka, saking judheging galih, mila sasolah tingkahipun lajeng dipun kendelaken kemawon.

Dangu-dangu Raden Hardaka rumaos bilih dipun kendelaken dateng ingkang raka, wekasan tuwuh ciptanipun badhe suwita dhateng ingkang rama.....5 paman Raden Tumenggung Karti Praja, bupati ing nagari Madyapura, lajeng nyuwun pamit dhateng ingkang raka.

Kepareng, malah inggalih semu bingah, amargi rumaos sampun wegah mulang dhateng ingkang rayi, dening wangkalipun wahu. Raden Hardaka lajeng matur malih dhateng ingkang raka, badhe tumunten bidhal ingkang raka lajeng paring piwulang, pangandikanipun :

"Hiya dhi, aku jumurung kang dadi sedyamu, ora liwat wekasku marang kowe. Wong suwito mono aja pisan-pisan rumasa putrane wong gedhe, sanadyan rama Raden Tumenggung Karti Praja iku iya wong tuwane dhewe, nanging wus ana arane Bapa paman, dadi westhi beda karo wong tuwane kang ngukir, mulane tandukmu iya aja mutra, kudu

kang kumawula, yen mungguh ing jaman kuna sangune wong ngawula iku : limang prakara; siji guna, loro sarana, telu sakti, papat wani, lima nurutan.

Tegese, guna : sugih kapinteran nanging mungguh ing jaman kuna kang diarani pinter iku; siji: andhap asor, loro : weruh ing sambang liring, telu : tanggap ing sasmita, papat : bisa nuju karsa. Ing zaman saiki iya isih rada kanggo, nanging yen dudu weton sekolahan kang wus oleh tandha kursus utawa diploma, durung diarani pinter, mung jeneng wong graita, lan weruh tata krama bae, durung pati migunanani. .6 ing jaman saiki, nanging sarehning kowe wus kebacut ora duwe kepinteran kang oleh tandha saka guru-guru, yen kowe bisa nganggo wewarah kuna mau iya luwung, bok menawa yen manteb iya uga bisa narik tibaning darajat.

Tegese sarana : apa barang kang dadi duwekmu, manawa dipundhut marang lurahmu, utawa bendaramu kudu aturna lan aja rumangsa motangake, dieklas, nanging ing jaman saiki bokmenawa wus ora pati tumindak, awit Kanjeng Guprenemen wus adhawuhake, kabeh priyayi gedhe cilik ora kena nampani reruba saka Kalarehane.

Tegese sakti : sugih kadigdayan kanuragan babasan otot kawat balung wesi, ora tedhas tapak paluning pandhe, wisaning gurinda, nanging tumraping ing jaman saiki kang mangkono mau wus ora kanggo babar pisan, kang diarani sakti mau iya wong pinter kang dhuwur sekolahe.

Tegese wani : kang diarani wani iku ing jaman kuna, wong kendel iya iku diadu karo macan ora wedi, karo banteng ngamuk wani. Ing jaman saiki ora mengkono, kang diarani wani iku wong kang nindakake apa benere 7

Tegese nurutan : iya iku yen diutus ing bendaraane aja pisan ngersula, sanadyan sayah dipeksa, sanadyan bengi tengah wengi, udan deres tur petengan iya mangkat bebasane sanadyan dikon malebu ing geni murub meksa dileboni, nanging ing jaman saiki ora mengkono kudu nganggo nalar, lan apa murwate.

Cekake pituturku kabeh mau pikiren kang isih bisa tumrap ing jaman saiki, iya dienggo, dene kang luwih perlu wong suwita iku jaman kuna jamana saiki, angger taberi satiti, lan sregep sarta nglakoni apa kang dadi wajibe kanthi temen lan tumemen wus mesthi kanggo lan kinasihan ing bendarane."

Aturipun Raden Hardaka,

"Inggih mugi-mugi angsala pangestunipun Kang Mas kula sageda nglampahi kados dhawuhipun Kang Mas sadaya".

"Mangkata sesuk esuk wae, karo dak gawani layang aturna rama Tumenggung".

Injingipun Raden Hardaka, sasampunipun mirantos lajeng sowan ingkang raka ngabekti sarta dipun paringi serat tuwin sangu, lajeng bidhal.

Boten kacarios ing margi, enggalipun Raden Hardaka sampun dumugi ing nagari Madyapura, lajeng sowan ingkang rama Raden 8
Tumenggung Karti Praja, panyuwunipun suwita dipun tampeni kalayan suka pirenaning galih; sigeg.

Raden Tumenggung Karti Praja punika satunggiling priyagung ingkang ambek berbudi legawa para marta, misuwur ing liyan praja, remen mitulungi dhateng para kasangsaran temahan dados pangungsenipun para kulawarga ingkang sami rekaos panggesanganipun sami sowan suwita pasrah jiwa raga, wekasan kathah ingkang manggih kabingahan dados priyantun saking pitulunganipun Raden Tumenggung Karta Praja.

II

Anyariosaken lelampahanipun Jaka Madyana.

Jaka Madyana punika anakipun tiyang mardika nama Kyai Mardawa, griya ing dhusun Langen Sana, karemenanipun among tani, ing ngajeng inggih dharah ing sujana, nanging katalarak

lajeng gegriya ing dhusun dados tiyang tani, ewadene sanadyan ing dhusun inggih kalebet moncol piyambak, dipun sepuh-sepuh dhateng tangga tepalihipun, dening sugih piwulang ingkang andadosaken pamareming tetiyang sadhusun ngriku.

Kacariyos Kyai Mardawa wau anakipun enem taksih alit-alit. 9
pambajengipun jaler nama Jaka Madyana saweg umur 12 tahun dereng saged punapa-punapa, saweg saged angen maesa kados limrahipun lare dhusun, mila Kyai Mardawa taksih prihatos angraos bilih turunipun badhe kalajeng dados sikep dhusun tansah anenuwun dhateng ing Gusti Allah, mugi anakipun sampun ngantos kalajeng kados badanipun sageda anapak tilasing leluhuripun sami dados sarjana narapraja.

Ing satunggaling dinten Kyai Mardawa kapondhokan tiyang ambarang taledhek angklung, wiyaganipun gangsal, taledhekipun satunggal ing riku dipun purih tilem wonten ing pandhapa, serta dipun rimati kalayan sae.
Sareng wanci jam 09.00 dalu Kyai Mardawa medal dateng pandhapa aninggali wiyaganipun ingkang satunggal katinggal radi manjila kaliyan sanes-sanesipun sarto katinggal radi dipun ahosi piyambak malah sareng dipun emper kados sampun nate sumerep mila Kyai Mardawa lajeng anyelaki tumut lenggahan sarta apitaken, tembungipun :

"Salirane pundi sadherek sajak sampeyan dede kanca ngriki".

Wiyaga ingkang manjila mangsuli :

"Kula saking Sida Mulya, tumut Kabupaten ing Argapura". 10
"Salirane Sidamulya"
"Inggih"
"Sinambat sinten sampeyan, dhi . . .. "
"Kula karan anak Pak Sandi"
"Sami disekecakaken mawon gene sami lenggahan, ampun pekewed"
"Inggih, la sampeyan punika ing ngajeng saking pundi

Mas. . ."

Kyai Mardawa lajeng amrasajakaken aslinipun ing ngajeng, Pak Sandi – Kraos manahipuń bokmenawi taksih wonten tarikanaipun akrab, mila pitakenipun saya neseg, dangu-dangu Kyai Mardawa lajeng waleh namanipun alit sarta dunungipun ingkang nurunaken (sajarah). Ing ngriku Pak Sandi semu bingah lajeng gumujeng sarta wicanten :

"Dhuh, Mardawa, tunggak kaliyan rone, kalingana kowe iku sadulurku dhewe, adhiku, aku iki si Mursid".

Kyai Mardawa kaget sarta ngenget-enget, dangu-dangu kengetan bilih Pak Sandi punika sadherekipun nak sanak kaleres sepuh Pak Sandi, wusana bingah semungungun lajeng anggagas makaten : Jebul sedulurku nak sanak Kang Mas Mursid biyen kepriye jebul nempuh byat dadi wiyaga barengan, sak mengkono aku iki sanadyan ora lumaku gawe isih kalebu . . . . . .11 oleh kamurahaning Allah, dene ora kongsi nistha dadi wiyaga barangan sasampunipun anggagas makaten lajeng wicanten semu memiringi :

KM "Kang Mas kula boten nginten pisan-pisan bilih saged pinanggih sampeyan manawi mirit anggenipun pisah wiwit alit ngantos sapriki, rak sampun wonten salangkung tahun"'

PS "Iya wis ana, iya dilalah karsaning Allah rehning kulit daging suwe suwe bisa ketemu".

KM "Inggih, nanging kula gumun sanget Kang Mas dene sampeyan sapunika maletik saged ulah karawitan ngantos saged dados wiyaga, kula punika kalajeng bodho, boten saged punapa-punapa, kajawi ngudang doran".

Pak Sandi mangsuli kalayan gumujeng, sarta tampi bilih dipun semoni, tembungipun :

PS "Mardawa, barese aku sakanca iki laku ńyalamur, nanging sarehning saiki satengah wis kajodheran apa dene

karo kowe dhewe, dadi upama aku prasaja kaya-kaya ora dadi apa, prasajane mangkene, saka pangestuning para sepuh, lan saka pamujimu, ...12 aku saiki wis dadi asisten Wedana ana ing Dwonder Distrik Sidamulya, melu ing Kabupaten Argapura, jenengku Mas Guna Saraya, kancaku iki kang siji upasku, kang siji kepala desa, sijine kabayan, sijine maneh wiyaga temenan, taledheke iya taledhek temenan, tekaku ing kene iki nyalamur, perlune ngudi katrangan prakara raja pati. Sakitan sing ndak tahan ana ing padhapa lagi sawengi banjur minggat aku diancam nagara, yen sajrone sesasi aku ora bisa nyekel durjana kang minggat mau bakal diundur saka kalungguhanku, saking susaking hatiku mikir kapriye reka dayane gonku ngupaya kecekele pasakitan mau, tinemune pamikirku, becike gonku anggoleki katrangan sarana nyalamur ambarang taledhek angklung bae, banjur dak lakoni mangkat ambarang anjajah desa milangkori, kelunta-lunta kongsi tekan ing kene iki, lawase wus sepuluh dina meksa durung bisa oleh sisik melik mulane banget prihatinku".

Kyai Mardawa sadangunipun amirengaken ginemipun Mas Guna Saraya, ngantos anjombelong, sarta sanget getun ngenguning manahipun wekasan bingah angemu welas, getunipun dene dereng-dereng kala wau sampung kesesa nyemoni bab nistha ning sadherekipun, ngungunipun dene piyantun pulisi punika ngantos dipun lampahi kados makaten, ...13 bingahipun dene gadhah sedherek pisah wiwit alit sareng kepanggih sampun dados priyantun, welasipun saiba sayahipun ingkang dados perlu dereng saged angsal ular-ular, wusana Kyai Mardawa lajeng mingser lenggahippun sarta hormat nyuwun ngapunten Mas Guna Saraya dipun purih lenggah ler (griyanipun majeng ngidul) lajeng wicanten anuraga, tembungipun :

KM "Kangmas kula nyuwun ngapunten ing panjenengan dene kula kami purun matur deksura ing panjenenganipun Kangmas".

MG "Hiya ora dadi apa-apa, malah aku kang luput, dene ing ngarep aku ora prasaja, nanging kabeh mau wis ora dak pikir, saiki mungkari bungah dene bisa ketemu kowe, lan padha kaslametan prasasat wis mati urip maneh, amarga pisahku karo kowe kira-kira wis ana salawe tahun".

KM "Kados inggih sampun wonten salangkung tahun kula inggih samanten ugi bingah kula tanpa upami, kados manggih mas saredi"

Kyai Mardawa lajeng malebet ing griya cariyos dhateng semahipun bab wonten ing tamunipun wiwitan dumugi wekasan sampun kagelaraken sadaya, Nyai Mardawa malengak wusana sanget bingahipun manah 14
dene katamuan priyantun tur sadherek piyambak lajeng tatatata badhe nyegah nedha, sarta nata patileman wonten ing griya.
Sasampunipun kasegah nedha, Kyai Mardawa lajeng ngajak malebet ing griya, tembungipun :

KM "Kang Mas panjenengan sare griya kemawon sampun dipun tata"

MG "Hiya".

Lajeng sami malebet ing griya, dene upas sakancanipun sami tilem ing pandhapa.

Mas Guna Saraya tuwin Kyai Mardawa lajeng lenggahan wonten ing griya. Mas Guna Saraya lajeng pitaken dhateng Kyai Mardawa, tembungipun :

MG "Mardawa anakmu kabeh pira".

KM "Bilih putra sampeyan dalem sadaya enem, jaler kalih, estri sekawan, nanging taksih semekul sadaya, pambajengipun jaler nama pun Mardyana, saweg umur 12 tahun, lajeng estri nama pun Mardani saweg umur 10 tahun, lajeng jaler malih, lajeng estri sadaya dados tumruntun kemawon, ingkang alit piyambak umur 2

tahun, biyungipun sampun ngandheg malih kawan wulan".

MG "Wah sugih anak kowe dhi, bakyumu mung patutan siji lanang, lagi umur rong tahun banjur ora gelem diemong".

KM "Inggih manungsa sademi Kang Mas, kula punika pangestunipun 15
Kang Mas inggih sugih anak, nanging sarehning wonten ing dusun sami kalajeng bodho sadaya".

MG "Mardawa, yen andadekake leganing atimu sakarone, anakmu si Madyana lan si Mardani dak jaluk, si Madyana arep dak sekolahke, becik ben dadi priyayi, aja kebanjur ana ing desa kaya kowe, si Mardani becik ben dwulang ibune".

KM "Inggih nyumanggakaken Kang Mas dhasar pangesthining manah kula inggih makaten putra sampeyan dalem sadaya saged malampah damel sampun kalajeng-lajeng dados tiyang tani nistha kados kula".

MG "Yen satemene pagawean tetanen iku dudu jeneng nistha, malah pagawean kang absah sarta ambrekati, awit wetuning napkah sarana meres keringet pangarep-arepe mung sumendhe karsaning Allah, bareng wus tuwa mangsane panen saben wong melu ngrasakake, pikuwating praja iya saka dayane wong tani, mulane yen aku ngrasakake ananing wong tani, atiku ngeres banget, wus kangelan ngethiyu dilakoni panas perih, yen udan kudanan yen panas kepanasen tur kanthi nyangga pajeg bareng metu dipangan wong akeh.....16
awake dhewe mung mangan sathithik ora lali isih nyonggo pagawean rupa rupa, yen luput sathithik diprakara tanpa patrapan mulane ana bebasane wong cilik ongkak-angkik gawene iplik pangane sathithik yen luput digigit, suprandene kang padha dadi priyayi, oleh balanja akeh tur sabenere kang aweh balanja

iku iya wong cilik kang gaweyane iplik mau, dudu ratu, ratu iku mung paring wewenang bae maring wong cilik suprandene akeh kang banjur sawenang-wenang, ora kena luput sathithik disrengeni, diukumake, ora welas marang wong cilik iku kaliru, benere panganggepe mangkene, sumungkeme iya marang ratu, nanging kudu tepa lan welas asih marang wong cilik".

KM "Leresipun para pangageng punika inggih kados dhasuhipun Kang Mas wau, nanging kathah ingkang lajeng kesupen namung kasesa ngraosaken kawibawanipun kemawon".

MG "Iya".

Lajeng mapan dhateng patileman nanging Mas Guna Saraya boten saged-saged tilem namung tansah kalisikan kemawon dening ngraosaken karibedanipun anggening dereng saged angsal culikan katrangan katrangan dumunungipun pasakitan sura culika. Kyai Mardawa ugi dereng tilem sarta Kyai Mardawa sumerep bilih tamunipun dereng saged . . . . . .17 tilem dening angemu sedhih, mila Kyai Mardawa ugi tumut ngenam-enam sagedipun tumunten angsal katrangan salebetipun anglaras-laras Kyai Mardawa enget bilih tangganipun nama Gita sampun sawatawis dinten ketamuan tiyang, wangunipun nyalawados katandha awis medal nanging Kyai Mardawa sampun sumerep sesipatanipun mila Kyai Mardawa lajeng tangi nyelaki Mas Guna Saraya sarwi pitaken, tembungipun :

KM "Kang Mas durjananipun ingkang miruda punika namanipun sinten saha sesipatanipun kados pundi?"

Mas Guna Saraya mangsuli :

"Jenenge Sura Culika, karan anak Pak Angkara kulitane ireng, rambute brindhil, pawakane dhepah, matane semu ngeleng, sarta abang, irunge njeplak, cangkeme dhongos, yen lumaku egah-egoh".

Ing ngriku Kyai Mardawa gadhah panginten bilih tiyang ingkang

kasebut ing nginggil wau durjananipun amargi sesipatanipun angepleki, lajeng bisik-bisik dhateng Mas Guna Saraya, anyariyosaken seserepanipun wau. Garegah, Mas Guna Saraya lajeng tangi anerangaken. Sasampunipun terang, lajeng angrembag kados pundi rekanipun saged ngatingal, pinanggihipun pambudi, inggih namung ambeberaken anggenipun ambarang, supados lajeng medal aningali, sanalika .....
upas tuwin bekel ingkang tumut lajeng dipun undang malebet ing griya, sarta lajeng dipun cariyosi kados cariosipun Kyai Mardawa wau, upas sarta bekel semu bingah.

Sareng enjang taledhek kapurih dandos sarta upas inggih lajeng dandos cara badhut, wanci jam 09.00 enjing, lajeng kagebyakaken wonten ing palataranipun Kyai Mardawa, boten dangu lajeng brol kathah tetiyang ningali, badhutipun cucut sanget mila tansah garger sami anggegujeng, dhasar taledheke swaranipun sae, arum, renyah, warninipun cekapan pancen sampun dipun pilih, ingkangngendhang Mas Guna Saraya piyambak, sakawit tamunipun Kyai Gita inggih boten medal-medal, sareng tansah mireng gujengipun tiyang dening leluconing badhut ingkang tansah anggunjengaken tamunipun Kyai Gita lajeng medal ningali, wah lajeng nyelak ngegla wonten ngajeng. Mas Guna Saraya sakancanippun waspada anggenipun ningali, boten samar bilih ingkang ngegla wonten ngajeng wau : Sura Culika ingkang dipun padosi, lajeng kejep-kinejepan badhut ingkang tansah lelucon boten saranta lajeng anjangkah dhateng Sura Culika, sarwi anjambak rambutipun dipun ukel, Mas Guna Saraya 19

lajeng malumpat nyepeng tanganipun, bekel kekalih inggih lajeng tumut ngrubut anyikep, Sura Culika budi sarosanipun nanging boten saged uwal awit dipun sekawani, lajeng dipun banda sarta dipun user kaliyan saka.

Kocapa tetiyang ningali, sareng sumerep tandangipun para wiyaga anyepeng Sura Culika, lajeng sami bibar pating balesar, sarta sami gumun dening boten sumerep darunanipun wusana sami jinatenan dening Kyai Mardawa, lajeng sami sareh, sawe-

neh sami wangsul ningali sarta sami gumun ing kawasisanipun Mas Guna Saraya.

Ing nalika punika Mas Guna Saraya lajeng gandos ngangge rasukanipun sikepan cekak cemeng sarta mawi benik leter W, Upas lajeng mangangge sarta lajeng prasaja dhateng Sura Culika, bilih piyambakipun asisten wedana ing Sidamulya, Sura Culika boten mangsuli, namung andhekukul pindha ketek tinalikung. Mas Guna Saraya sakancanipun lajeng mirantos kados satatanipun angirit pasakitan ingkang mutowatosi, sasampunipun rampung pangrakitipun lajeng pamitan dhateng Kyai Mardawa, sarta medharaken şanget suka panarimanipun dhateng Kyai Mardawa sasemahipun rumaos sampun dipun pitulungi kasusahanipun dados rumaos kapotangan. . . . . .20 dhateng Kyai Mardawa.

Kyai Mardawa mangsuli :

"Bilih sampun leresipun, tiyang sepuh karibetan anak tumut biyantu, makaten ugi kosok wangsulipun manawi anak manggih susah dhateng pundi purug ipun sampun, saestu nenangis dhateng tiyang sepuh, bebasanipun wonten anak polah bapa kepradah, punapa malih bab punika anggen kula ambiyantu boten kalayan rekaos bebasan ketuju ngunu, dados dumunung wonten kabegjanipun Kang Mas piyambak".

MG " Iya bener, nanging kabegjanku mau tumibane nganggo lantaran saka pitulunganmu, wajibe ngaurip kudu ngelingi lantarane, dene wujude lantaran iku limang prakara; siji lantaraning tumitah, liya iku bapa biyung, loro lantaraning kanikmatan, kanikmatan kang nuwuhake wiji, wiji kang andadekake kasenengan tegese anak iya iku mara tua, telu lantaran kang madhangake ati, kang minterake, iya iku guru. Papat lantaran kang aweh kamulyan kadrajadan iya iku ratu utama lelurah kang wenang marentah. Lima lantaran kang bisa ngudhari apa kang dadi karibedane, iku tumibane saka sanak sadulur

kang asih.

Mungguh lantaran limang prakara mau wewalesane dhewe-dhewe 21

etrape. Kayata : wewalesane marang wong tua, kang luwih perlu iya iku bekti, wedi lan ngajeni.

Wewalesane marang mara tua meh padha marang wong tuane dhewe, kaceke malah tuwuh ngati-ati, catur basa sakecap laku satindak kudu ngarah-arah, aja nganti gawe sok serik. Amarga yen nganti gawe sok serik angel pulihe.

Wewalesane marang guru : iya meh kaya marang bapa biyung lan marang mara tua, kaceke kudu tansah ngelingi lan ngetokake piwulange.

Wewalesane marang ratu : iya iku setya lan rumeksa.

Wewalesane marang kang asih bisa ngudhari karibedane, sabisa-bisa aweh bungah atine ngetokake katresnane.

Kyai Mardawa rumaos kaluhuran sabda, mila namung angleresaken.

MG "Wis Mardawa, amburu cukup aku lilanana mangkat saiki, mumpung esuk mung anakmu si Madyana lan Mardani bae tumuli terna, iba bungahe bakyumu".

KM "Inggih, lajeng badhe kula sowanaken".

Mas Guna Saraya sakancanipun lajeng ambekta pasakitan Sura Culika 22

Kacarios Mas Guna Saraya sakancanipun sampun dumugi ing griyanipun Sidamulya, pasakitan lajeng kaladosaken ing kabupaten kanthi pamriksan tuwin proses perbal dalah tanda cihnanipun jangkep.

Sapengkeripun Mas Guna Saraya, Kyai Mardawa lajeng tata-tata badhe ngeteraken anakipun dhateng Sidamulya tuwin mirantos angsal-angsal pamedhahipun ing dhusun, wos, jadah, jenang, wajik tuwin karowodan warno-warni ngantos kalih pikul, sasampunipun mirantos lajeng bidhal, boten kacarios

ing margi, Kyai Mardawa saha anakipun kalih sampun dumugi ing Sidamulya. Kapanggih kalian Mas Guna Saraya, dipun tampeni kaliyan suka bingahing manah, sasampunipun binagekaken lajeng dipun sugata wedang panganan tuwin nedha kalayan sae. Mas Guna Saraya lajeng wicanten dhateng Jaka Madyana, tembungipun:

> "Madyana, besuk Senin kowe dak lebokake sekolah,[1]) nanging wong sekolah iku kang resikan . . . . . .23 sregep lan kang taberi, yen tangi kang esuk jam lima wus tangi, banjur adus sabunan untune disikat kang resik digosok nganggo areng, gripe dilancipi banjur sarapan, yen sarapan sega bae karo dhendheng, nanging yen mangan aja akeh-akeh mundhak wetenge cegeh, jam 07.00 mangkat kang kepara esuk aja nganti kawanan yen keri mundhak di res, wus ngerti dieres Madyana?" Dereng.
>
> Dieres mono dikon ngadeg ana ngarep bor, lan disunggeni sabak nganti sepuluh, ditumpuk ora kena noleh noleh, nganti sabubare sekolah, dene kang dires mangkono mau iya iku bocah kang nakal, nakal mono : siji: dhemen gojeg, loro dhemen kerengan, telu kesed dhemen dolan, papat kurangajar, mulane yen kowe wus sekolah aja sok gojeg, aja dhemen kerengan, aja dhemen dolan, sing ngalahan sing lembah manah, lembah manah mono ngajeni marang gurune, ngajeni marang wong tua, kajaba iku aja sok mangan kekecut, pepedhesan amis-amis mundhak kerep lara wetenge, yen kerep lara ora bisa malebu sekolah, banjur bodho yen bodho ora bisa dadi priyayi, lan aja dhemen dolan ana ing lurung gedhe mundhak katunjang kareta utawa grobag 24

---

1) nanging namung sekolahan jawi dwangka II, jaman 20 tahun sapriki, lare dipun sekolahaken jawi Dwangka II, sampun kalebet peng-pengen bapakipun sampun bingah sanget.

aja sok dhemen dolan ing pinggir kali mundhak kecemplung".

Kyai Mardawa nyambuti :

"Madyana, didhawuhi siwa, dirungakake lan diestokake. Siwa iku kereng, yen kowe ora ngestokake dirangket. Wis turua, Madyana, wis wengi, sesuk tukua sabak karo grip".

Mardayana lajeng mapan tilem.

KM "Kang Mas kula namung nyumanggakaken putra sampeyan, pangesthu kula ing tembe namung sageda utami kados panjenenganipun Kang Mas".

MG "Mardawa, mungguh utamaning wong urip iku kapriye?'

KM "Menggah saking pamanggih kula ingkang winastanan utami punika, inggih tiyang sugih, singgih".

MG "Hiya bener, kaya panemumu iku, tegese : wong kang kadrajatan sugih dhuwit".

KM " Inggih"

MG "Kautaman kang karepmu mau genepe malah limang prakara; siji : kawiryan, tegese kadrajatan, loro : kahartan tegese kesugihan, telu : kagunan tegese kapinteran, papat : kabrayan tegese dreman anak, lima : kayuswan tegese dawa umure. Limang prakara iku yen panemuku. 25
dudu kautamaning wong urip iya iku kang diarani oleh swarga donya utawa swarga lahir, dene kautaman iku yen panemuku pambekan, ambek utama iku panemuku mangkene siji : ambek welasan marang sapadhaning tumitah, loro : nariman, telu : rahayu.
Tegese welasan, iku dhemen tetulung marang wong kang lagi nandhang papa sangsara.
Tegese nariman, iya iku ora duwe pangarah marang apa kang dudu benere.
Tegese rahayu, iku wong kang suci atine, lumuh marang

panggawe ala. Yen pambekan telung prakara mau ngalumpuk dadi siji kena sinebut utama, nanging kang mengkono mau angel pangaose,, dadi wong kang nemu swarga limang prakara mau durung kena sinebut utama marga isih akeh sambekalane, bareng wong kang wis bisa nglakoni telung prakara : welasan, nariman, rahayu mesthi adoh sambikalane. Aku iki bisa kandha, nanging durung bisa nglakoni."

KM "Wah inggih kasinggihan dhawuhipun Kang Mas, gangsal bab ing nginggil wau, malah saya kathah rencananipun sisip.....26 sembiripun .saged dhawah sangsara, wangsul manawi saged nglampahi ingkang kados pangandikanipun Kang Mas tigang bab wau, sampun saestu tentrem gesangipuh".

MG "Utama : iya iku kang diarani oleh swarga batin, dadi mungguh wong kang kaya aku ini durung apa-apa, sarga lahir ora, swarga batin ora, rak iya mangkono ta Mardawa".

KM "Inggih, nanging katimbang kula Kang Mas, taksih swarga Kang Mas wangsul kula, boten sugih, wonten pamanggih, namung saweg sugih anak, raosipun dhateng manah kados kiyamat sabendinten, wangsul tiyang boten gadhah anak dhateng pamanahan entheng".

MG "Mardawa, yen dipikir temenan aku karo kowe rak seneng kowe, iya bener aku iki wus singgih, nanging ora sugih, wah kagawa saka enggonku singgih, sabendina pikiranku tikel satus tinimbang karo kowe, tansah kumitir tarataban bae, apa dene yen tak gagas enggonku ora duwe anak atiku saya kekes awit pagaweanku iki ya ketrima, besuk tuwane oleh pensiun yen ora katrima dipecat dhasar wus tua, dipecat ora duwe anak banjur kepriye polahe, rak dadi geguyon temenan barang kowe sanadyan ora duwe nanging sugih anak .....27 pamburine isih duwe pangarep-arep.

Kowe dak dongengi Mardawa, aku duwe pamitran loro, kang siji dadi asisten Wadana, sijine dadi mantri gudhang kopi, kang dadi asisten Wadana mau anake sepuluh, kang lanang pitu, kang wadon telu, wah malarat banget, kang dadi mantri gudhang mau sugih banget nanging ora duwe anak, dene Asisten Wedana mau sanadyan malarat marang anak mardi banget, lanang wadon kabeh padha disekolahake, bareng wus tua Asisten mau dipensiun, nanging anak-anake wus padha dadi priyayi kabeh, ana kang dadi Kolektur ana kang dadi Wadana, ana kang dadi Asisten Wadana, cilik-cilike dadi mantri Kabupaten lan kabeh padha amblanja marang wong tuane, wusana Asisten mau tuane nemu kamulyan saiki isih slamet iku wujude wong sugih anak dhek isih cilik-cilik iya dadi ati dadi pikiran dhasar wong ora duwe, kaya apa ribede, nanging bareng wus padha tua nyuwargakake wong tua, janji diperdi marang kepinteran, kosok baline yen ora diperdi, anak akeh bodho-bodho, ora bisa nyuwargakake malah nerakakake sajege.

Ambaleni mantri gudhang kang sugih, ora duwe anak mau, dhek nalika isih dadi.....28 mantri, wah omahe sasat dalem pangeran karetane loro, rakitane papat siji rega 3000, jarene tunggangan papat siji rega 1000, kang sathitik dewe rega 500, selire papat, diomahake dhewe-dhewe miranti kabeh, gamelane rong rancak pelok saléndro regeng bae ana ing pandhapa, sabendina kalenengan, yen ngahat tayuban royal minum nyeret, nyeret sadina saringgit, wusana dipecat, awit kaluputan nanging royale saya mempeng, awit ngelingi ora duwe anak, antara limang taun karo enggone dipecat mau, wis katon melarat mung kari omah bae, bareng antara rong taun meneh omahe wus entek diedoli, cekake dadi melarat banget babasan mangan bae ora bisa, wah wus tua, pangungsenane marang panggonane asisten pensiun mau, awit dhak

nalika sugih kerep dijaluki tulung marang asisten mau, saiki mantri gudhang mau uga isih urip, lalakone priyayi loro mau, kenaginawe pangilon; bab wong kang sugih anak lan kang ora duwe anak, mulane yen aku ngelingi. 29
enggonku ora duwe tuwuh kekes banget.
Dene kowe Mardawa, aja sumelang pikirmu sanadyan malarat sugih anak anggere slamet lan padha kokperdi marang kepinteran ing tembe mesthi bisa ambungahake atimu, kaya asisten wedana mau, saiki janji wong kepengin.

KM "Inggih kasinggihan dhawuhipun Kang Mas namung nyuwun pangestu kemawon mangsuli bab anggenipun Kang Mas dereng nuwuhaken, saupami dipun budi kados pundi, amargi bak ayu teksih enem".

MG "Pambudine kepriye, upama dhukun sajatine dhukun-dhukun iku aku ora ngandel ewadene aku uga wus kerep madhukun saka enggonku nuruti panjaluke mbak ayumu nanging iya tanpa wusana".

KM "Sayektosipun dhukun jaman sapunika kathah ingkang anggedebus namung saking kesedipun nyambut damel lajeng reka-reka awas, reka-reka saged nyukani
sarat sarana, malah wanten ingkang dados palawangan ngumukake kasagedanipun, watakipun bangsa jawi dhateng gugon tuhon taksih kandel sanget dhasar ingkang dados palawangan saged gelaripun sakedhap kemawon lajeng kumebul sami dhateng nedha sarana, sarehning tiyang kathah, ...30
saestunipun inggih wonten ingkang kaleresan kadumungan kajengipun, ingkang kadumugen kajengipun wau inggih saya pitados lajeng martos-martos akan dhateng sanak sadherek tangga tepalih.

MG "Iya wong pethekan, mesthine mung iya karo ora, upama wong meteng, nganti wong lima nenem padha

methekake, mesthine ana kang kepethek, kang kepethek mau kagawa saka bodhone banjur ngarani awas".

KM "Inggih makaten dene ingkang kula aturaken dipun budi wau : boten saking andhukunaken, manawi bab dhukun kula sampun andherek kados dhawuhipun Kang Mas pancen boten pitados, namung wonten pamanggih dhukun ingkang ragi gathuk kalian nalaripun utawi sampun asring wonten katatalanipun ingkang kula aturaken gathuk kaliyan nalaripun wau makaten. Kang Mas kodrating Pangeran punika makaten tiyange, kewana, utawi wit witana, tentu sami nuwuhaken anggenipun boten saged nuwuhaken temtu saking wonten sababipun upami kekajengan anggenipun boten saged tuwuh punika inggih kabekta saking kirang kopen utawi kenging ama, manawi dipun openi punapa dene kabucalan amanipun sampun saestu . . . . . .31 saged tuwuh, sanadyan tiyang kados inggih makaten.

MG "Ayake iya mangkono bener panemumu iku pasaksene mangkene, tanduraning para tuwan kayata : tebu,tomat, bako utawa liya-liyane yen tanduraning para tuwan kabudidayan kajaba lemu-lemu sarta wohe andadi rasane iya luwih enak awit kopen banget, bareng tandurane wong jawa, bareng ceblok wus ora dipikir, pengopene mung sakenane bae, mulane wetune iya ora sapiraha.

Kang mangkono mau tumrap tanduran, bareng manungsa pangopene kapriye? Mardawa.".

KM "Menawi pamanggih dhukun sababipun tiyang ingkang boten gadhah tuwuh, punika saupami siti inggih siti cengkar boten eloh, dene pangopenipun, kakalihipun jaler estri sasaged-saged kedah ngupakara badanipun saha nata tedhanipun awit pangupakaraning badan punika pinangka siramipun tetedhan punika minangka lemipun dene pangupakaraning badan makaten upami Kang Mas tuwin mbak ayu saben dinten panggalihipun

kedah dipun yem-yem inggih punika nyenyuda hawa napsu, kedah sarwa sareh sampun ngantos kagetan, boten kenging ngangsa-angsa, saben enjing kedah siram grujug 32

Dene panatanipun dhahar makaten : boten kenging dhahar ingkang sarwa benter, kedah dipun asrepaken rumiyin, boten kenging dhahar sarwa pedhes, sarwa kecut, sarwa amis, langkung malih menawi dipun carub inggih punika mentas dhahar amis-amis upami balur, ulam loh sasampunipun lajeng dhahar jeram, blimbing, manggis sapanunggalanipun, wowohan ingkang kecut boten kenging, amargi woring tetedhan kalih warni wau awonipun saged ngrendhetaken lampahing erah, utawi asring dados gerah padharan.

Utawi malih saben dinten mbak ayu kedah wewejah, inggih punika ngunjuk jampi ingkang asrep-asrep, oyod-oyodan utawi gegodhongan ingkang gadhah daya asrep dhukun sampun mangertos supados wejahan. Menawi saged anglampahi makaten adatipun boten ngantos tigang wulan lajeng wonten.

Mas Guna Saraya gumujeng sarta wicanten :

"Amarga kandhamu mau mungguh ing nalar memper kabeh akeh empere karo wawarah kadhokteran, nanging bareng mbak ayumu wus tuwa, wong wis ngumur patang puluh, ayake wus mupus ora liwat mung ngempek kowe bae, anak-anakmu dak puji . . . . . .33 padha keslametan lan kadrajatan, kena dingengeri wong tuwa".

Kyai Mardawa setuju manahipun, aturipun :

"Nuwun pangandikanipun Kang Mas sageda kabul".

MG "Wus wengi Mardawa, wus jam 2 turun begog [1] kamar pandhapa tatanana paturon".

---

1) begog punika punakawan.

KM "Inggih"'

MG "Wis ngasowa Mardawa".

KM "Inggih".

Lajeng sami mapan tilem, dalunipun malih Mas Guna Saraya gineman malih kaliyah Kyai Mardawa.

MG "Mardawa, yen slamet sarta Gusti Allah anembadani, anakmu si Madyana iku yen metu saka sekolah bakal dak suwitakake ing panjenengane Raden Tumenggung Karti Praja, bupati ing Madyapura, amarga Raden Tumenggung Karti Praja iku pamulange marang bocah mardi banget mulane bocah kang suwita marang panjenengane akeh kang padha dadi, awit saka sugih tepa tuladha sebab jumenenge bupati jalaran saka cilik : tur saka nandhang sangsara, dadi lelakon kang nistha madya hutama wus diuningani kabeh.

KM "Inggih nyumanggakaken punapa sakarsanipun Kang Mas, kula.....34 namung andherek, mangsuli Raden Tumenggung Karti Praja wau; Kang Mas anggenipun jumeneng bupati punika punapa boten kabekta pancen saking kodratipun, amargi kacarios wontening manungsa punika : andhap inggil, ageng alit, sugih miskin, sampun kodratipun piyambak-piyambak manungsa namung sadarmi nglampahi, dipun iradatana kados punapa, tentu boten saged malesed kaliyan kodratipun".

Mas Guna Sraya gumujeng sarta wicanten :

"Mungguh garbane iya mangkono, dene tembung garban mau tegese : ringkesan durung diular dawa, yen dipikir sarta digagapi kang salesih, mesthi bisa sumurup delesing kodrat lan iradat utawa dhasar lan ajar, kodrat padha dhasar, iradat padha ajar, dadi kodrat iradat mau mungguh panemuku mangkene : loro-lorone kudu tunggal ora bisa pisah, jaba jero lahir bathin, kodrat

iku batin, irodat iku lahir, lire batin lan lahir mengkene, upama kowe duwe cipta, anakku si Madyana iku dak puji besuk bisaha dadi priyayi, ciptamu mangkono mau dak upamakake kodrat, nanging pamujimu mangkono mau anakmu mung kokkeloni bae, ora banjur kok sekolahake lan ora kok magangake 35
kepriye enggone bisa kalakon dadi priyayi, wong kodrate ciptamu banjur kok nengake bae ora kok iradati.

Pasaksen kang kaping pindho, kodrating watu iku atos, manungsa weruh yen watu iku atos, wus mesthi duwe daya pengkuh utawa santosa, upama digawe umpak mesthi peng-pengan banget, nanging bisa dadi umpak kudu diirodati dhisik amurih sedhengan gedhe cilike lan patute sinawang banjur diwangun dadi dhapur pasegi utawa tajung, yen wus mangkono lagi kena ginawe umpak nanging mungguh ora diwangun utawa didandani apa kena dienggo, wus mesthi ora.

Paseksen kang kaping telu, upama daging sapi, iku kodrating iwak nanging banjur koknegake bae, ora kokolah apa-apa, apa kena ginawe lawuh mangan, wus musthi ora malah suwe-suwe dadi bosok, angenak-enaki ati, sanadyan tempe nanging diolah kang becik mesthi bisa dadi rampadan, nanging kodrating tempe, iya ora bisa dadi daging.

Paseksen kang kaping papat, upama inten nanging ora diembani apa kena dienggo, sanadyan yakut nanging diembani kang becik amesthi kena dienggo, nanging yakut dikapakhena 36
iya ora bisa malih dadi barlian.

Paseksen kang kaping lima, upama wong ayu banget, nanging ana ing dalan wuda bae, kapriye, malah ora ana wong kang wani nyedhak amarga diarani wong edan.

Dadi mungguh panemuku mangkene Mardawa : kang

ingaran kodrat mau ringkese wujud kang kapisan diarani gaweyan Gusti Allah, iya kodrat ing Allah. Irodat iku wujud kang kaping pindho, utawa kaping telu kaping papat iya iku saka pakartining manungsa, amarga manungsa kadunungan budi sampurna lan wenang ngowahi kodrating Pangeran, kodrat ing pangeran sedurunge diowahi manungsa, akeh kang ora kena dianggo manungsa, dadi kena ingaranan Gusti Allah iku waskitha, manungsa iku wicaksana, lire mangkene: Gusti Allah anggone ngodratake kahanan isining jagad iki, iya iku kang gumremet, kang gumrebeg, kang kumrincing, kang mancorong, kang umancur, kabeh mau sajeke mung nyedhiyani manungsa, nanging Gusti Allah mung kendel bae, ora andhawuhake yen wujud kang kaya mengkono iku jenenge anu, dayane mengkene, kanggone mengkene, rasane legi utawa sepet ora, dadi mung kaya cangkriman bae, ewadene manungsa weruh kabeh, bisa anjenengake kabeh, mangerti karepe kabeh . . . . .37 wusana akeh kang maedai marang manungsa, mulane Gusti Alah dak arani waskitha, dene nguningani kang dadi butuhing manungsa. Manungsa dak arani wicaksana, dene apa kang dianakake Gusti Allah sanadyan ora mawa andhawuhake perlune, kanggone, dayane, rasane, manungsa wus mangerti kabeh, dadi kosok baline kang diarani kodrat iku dumunung ana kawaskithaning Gusti Allah, manungsa ora bisa nggayuh, kang diarani iradat iku dumunung ana wicaksananing manungsa, Gusti Allah ora nguningani?.

KM " Dados sok makaten Kang Mas, manungsa boten perlu ngrembug kodrat amargi dede bebahanipun, wajibing manungsa punapa ingkang dipun sedya namung kados tumindak kaliyan iradat utawi ihtiyar, tanpa ihtiar boten dumugi ingkang sinedya".

MG "Iya mengkono, cekake manungsa mung kudu budi daya, iya mesu dayaning budi, ora kena sumendhe

ing kodrat, anarima, iku wong bodho, uripe prasasat kewan iya kewan iku jenenge kang mung nglakoni kodrat mangane, turune, tanpa ditata, mung sakenane bae 38
yen turu mung angger kewengen, banjur ambruk saenggon-enggone sarta kewan iku ora kadumungan budi wicaksana dadi mung nindhakake apa kodrate bae, mulane kahanane dadi asor tinimbang manungsa, awit mung nglakoni kodrat ora duwe ikhtiyar, manungsa kang diarani bodho banget tinimbang karo kewan kang pinter isih pinter manungsa, awit isih nglaokake ihtiyar.

KM "La inggih Kang Mas, Gusti Allah punika, sababipun punapa, manungsa kalian kewan teka kadamel beda".

KG "Mardawa, iya bener pitakonmu mau, nanging bab kawruh iku pangrembuge ana ing ndalem kawruh khakekat.
Barang kang digunem mau golongan kawruh sarengat iya besuk takana marang kang ngerti kawruh khakekat yen aku durung nggayuh.
Mardawa, wangune iki wus wengi, tandhane wus karasa adhem ngawowa, Mardawa"

KM "Inggih".

Enjingipun Kyai Mardawa pamitan badhe mantuk, tembungipun :

"Kang Mas sarehning sampun dumugi anggen kula sowan ing ngarsanipun Kang Mas kula nyuwun pamit badhe mantuk, boten langkung kula namung nyumanggakaken putra sampeyan kekalih 39

MG "Iya kang iklas bae, sak kerep tilikana"

KM "Inggih, sampun Kang Mas kula kalian nyuwun pangestu".

MG "Iya nyangoni slamet.'.

KM · "Inggih, nuwun".

Kacarios sapengkeripun Kyai Mardawa, boten watawis dangu Jaka Mardayana lajeng kalebetaken sekolah, menawi dalu kawulang ngaji tuwin sambahyang, sawawratipun lare dhusun Jaka Mardyana kalebet lantip sarta majeng, anggenipun ngaji saweg satahun sampun katam Qur'an kaping tiga, dhasar dipun pardi sanget dhateng Mas Guna Sraya, pangrengkuhipun dhateng Jaka Madyana sampun kados anakipun piyambak manawi enjing jam 5 sampun dipun gugah lajeng dipun ajak malampah-malampah, sarta dipun ajak gineman ingkang sae-sae tumrapipun dhateng lare, jam : 6 kapurih adus lajeng dandan lajeng kapurih sarapan : sekul kalian ulam dhendheng, wedang teh secangkir lajeng kapurih mangkat sekolah boten dipun sangoni arta amargi mindhak kadamel jajan tetedhan ingkang boten migunani utawi mindhak kadamel dolanan ingkang mawi toh arta, samantukipun saking sekolah . . . . . .40 lajeng kapurih nedha, ulamipun namung warni satunggal saupami kalian dhendeng inggih namung dhendeng kemawon manawi kalian ulam terik inggih ulam terik kemawon destun namung kalian jangan duduh-duduhan, ingkang boten pedhes utawi amis, ulam bandeng, balur, urang sapanunggilanipun boten suka.

Nedha woh-wohan pelem, blimbing, manggis, langsep sapanunggilanipun ingkang kecut boten suka, punapa dene semangka, timun, krai, besusu tuwin pala kependhem, pala kesimpar boten suka sadaya, kajawi namung pisang satunggal menawi sampun bibar nedha. Saya malih pepedhes, sambel, pecel, rujak, lotis, dipun cegah sanget, punapa malih boten kenging mal mil nenedha sapurun purunipun kedah mawi mangsa, inggih punika sasampunipun nedha sing sampun boten kenging nedha punapa-punapa. Boten kenging ngombe toya tawa utawi sampun dipun cawisi wedang jongrahap, wedang jongrahap punika dayanipun sae sanget, dhateng weteng lega, dhateng uyuh bancar, dhateng napas landhung, kengengipun nedha panganan menawi sampun jam 5 sonten inggih punika menawi

sampun jam 5 sonten namung dipun sukani wedang teh sacangkir kalian panganan mari kalih utawi roti sairis, jam 06.00 . . 4½ sonten lajeng ngaji, jam 8 bibar, lajeng kapurih nedha, jam 9 kapurih tilem, jam 5 enjing dipun gugah kados ingkang kasebut nginggil.

Pangajaran ingkang makaten wau dipun ajegagen sanget kadadosanipun Jaka Madyana badanipun kasarasan sarta lema, guwayanipun sae, wah lajeng enggal ageng, engetanipun gathekan, mila para ingkang kagungan putra pamardinipun mirita Mas Guna Saraya wau priyayi sanget.

Kacarios anggenipun sekolah Jaka Madyana sampun kawan tahun lajeng medal kaliyan angsal tandha tamat belajar.

Nalika samanten Jaka Madya sampun ngumur 16 taun lajeng dipun tetakaken pangrengganipun radi ageng, nalika midadareni mawi maos prajanji, dhikir maulud, anggenipun andhatengaken santri ngantos 40, Jaka Madyana dipun anggen-anggeni cara kaji, wanci jam 7 sonten Jaka Madyana dipun arak mawi trebang, dilahipun lilin 40, diubengaken salebeting dhusun sidamulya, jam 8 wangsul ing pandhapa lajeng maos Kur'an (Kataman) sabibaripun maos Kur'an lajeng dhikir maulud, enjingipun bibar gres lajeng tupengan tamunipun priyantun. . . . . .42 kathah, wadana mangandap, pandhapanipun ngantos kebak, lelangenipun kajawi wayangan mawi kasukan warni-warni, enjingipun bibar wilujeng boten kirang satunggal punapa.

Sabibaripun damel waraganipun kapotang telas Rp 400, nanging waragad samanten wau anggenipun nyambut sadaya tur mawi anyaremi, gangsal welasan dados petangipun telas Rp. 600,– wakasan andadosaken rekaosipun Mas Guna Saraya, dening gadhah sambutan samanten, dados balanjanipun saben wulan kalong Rp. 40,– kadamel nicil, nalika samanten balanjanipun asisten Wadana pangkat I sawulan Rp. 100,–; dados ing dalem 15 wulan balanjanipun saben wulan kantun tampi Rp. 60,– tujunipun Mas Guna Saraya prayitna salebetipun 15 wulan betahipun punapa-punapa kasuda, pikajengipun punapa-punapa ingkang badhe mawi ngedalaken waragad dipun ampet

kemawon wusana dumuginipun 15 wulan sambutanipun sampun pundhat, balanjanipun sampun wetah Rp. 100,–; tujunipun enget anuwa rak rewel upami boten enget nata kabetahanipun punapa pikajengipun taksih dipun umbar kados ingkang sampun, saestu sambutanipun saya kathah. Awit saking punika Mas Guna Saraya kados angsal piwulang, saben wulan balanjanipun ingkang dipun. 43
angge betah namung Rp. 60,– ingkang Rp. 40,– lajeng dipun celengi wonten kantor Bank, dados lajeng wiwit gemi wiwit ngatos-atos sareng dumugi 4 tahun dipun petang sampun gadhah celengan Rp. 1520,–. Mas Guna Saraya saweg mangertos dayanipun tiyang ngatos-atos tuwin gemi pancen ageng paedhaipun mila saben kempalan kepala dhusun tansah kawulangaken supados gemi tuwin supados ngatos-atos sampun ngantos remen ambucal arta ingkang ambeborosi, manawi gadhah damel mantu, netakaken sampun ngantos dipun aya-aya, kakamanaho saperlunipun kemawon sampun buru aleman amargi menawi sampun kalajeng rekaosipun kasanggi piyambak ingkang sami ngalember, ambaledeg boten tamat punapa-punapa, malah lajeng nacad punika nyata, malah saangsal-angsal para bekel sakancanipun dipun perdi nyelengi, dipun pratikelaken patrapipun nyelengi sarta paedahipun dipun gelar sadaya, lelampahanipun piyambak nalika mentas gadhah damel salajengipun dumugi lajeng nyelengi arta ngantos angsal Rp. 1520,–; dipun cariosaken sadaya mila wantos-wantos sanget para kancanipun Kepala sapangandhap supados sami gemi ngatos-atos dhateng wedaling arta, kapetanga 44
kalian pamedalipun sampun ngantos nyorok amargi menawi panganggenipun arta ngantos nyorok kalian pamedalipun punika angel pulihipun ingkang temtu lajeng nyambut-nyambut, punika mawi sareman saya dangu saya rekaos wekasan sangsara gesangipun.

Nalika samanten Jaka Madyana dereng kamagangaken lajeng kapurih ngrencangi padamelan ing asisten, watawis satahun Jaka Madyana sampun saged nindakaken padamelan serat-serat ing asisten kados serat papriksan rol, papriksaan

landrad, proses perbal sapanunggalanipun sampun mangertos sadaya, Mas Guna Saraya kantun teken kemawon, andadosaken kemayaranipun Mas Guna Saraya dhasar kala semanten asisten Wedana dereng angsal carik mila Mas Guna Saraya dhateng Jaka Madyana saya kasok tresnanipun.

Kacarios Jaka Madyana anggenipun nindakaken padamelan ngantos tigang tahun wilujeng boten nguciwani, Mas Guna Sarya lajeng minggah dados Wedana wonten ing dhistrik Sidaharja, taksih tumut Kabupaten Argapura.

Sareng anggenipun dados Wadana, Mas Guna Saraya sampun watawis setengah tahun Jaka Madyana matur dhateng ingkang rama nyuwun magang, aturipun :

"Bapak sarehning panjenengan 45
sampun jumeneng Wadana, sampun angsal Carik dados bab seseratan sampun wonten ingkang majibi, kula nyuwun magang".

MG "Thole Madyana, sadurunge kowe duwe panjaluk mangkono wus dak pikir, kowe bakal dak suwitakake Raden Tumenggung Karti Praja ing Madyapura, nanging saka karepku kowe arep dak rabekake dhisik yen kowe wus duwe bojo banjur dak sebakake karo bojomu pisan supayane ben tentrem atimu ora royal".

Jaka Madyana kendel kemawon pancenipun Jaka Madyana inggih dereng purun rabi nanging ajrih maoni.
Ing satunggiling dinten Mas Wadana Guna Saraya rembagan kalian garwanipun : tembungipun : "Ibune, saka karepku si Madyana arep dak magangake nanging arep dak rabekake dhisik".

R.ng.W. "Ajeng dimagangake teng pundi?"
M.W.G. "Arep dak dherekake Raden Tumenggung Karti Praja".
R.ng. W. "Madyana niku empun umur pinten?"
N.W.G. "Wus umur 20 tahun"

R.ng.W. "Saweg umur samanten mawon teka empun kesesa

ajeng dirabekaken, bok inggih dimagangake mawon kriyein, yen empun dados priyayi mangsa kiranga bojo. 46
ana kasepe sathithik wong bocah lanang rak ya ora saru".

M.W.G. "Iya bener saka panemumu iku, nanging mangkene ibune, kodratte manungsa iku angger wis akil balik utawa wus diwasa, yen bocah lanang iya wus kasengsem marang wong wadon yen bocah wadon iya kasengsem marang wong lanang, upama kembang: yen wus mangsane arep megar mangsa kenaha ditrekah, wus mesthi banjur megare mau aja kongsi wigar, dadi tumrape bocah kang wus akil balig iya kudu tumuli digolekake jodho kang prayoga, aja nganti anggolek dhewe sacandhak-candhake, yen kebanjur ambalunthah royal ora becik dadine pamburine gawe susahe wong tua, amarga wus akeh kalatahhane, iya iku anake Mas Aisten kagelan, anake lanang bagus pinter wus ngumur 20 tahun, sadurunge magang dipundhut Mas Patih ing kacuwan arep didaupake karo putrane wadon rupane ayu lagi ngumur 16 tahun Mas Asisten kagelan ora ngaturake awit duwe panemu kaya panemumu mau, liyane Mas patih iya akeh priyayi kang arep ngepek mantu 47
nanging Mas Asisten iya ora aweh.
Enggale bocah mau banjur dimagangake marang Batawi, dipondokake ana ing, ngomahe tepungane, dadi upas Wadana, upas mau duwe anak wadon, lanjar, rupane ora pati ayu, dadi anake Mas Asisten ana ing kana diladeni anake upas kang lanjar mau, suwe-suwe banjur dhemenan karo mbak lanjar mau nganti meteng, bareng wus meteng banjur diningkah, dene saiki bocah mau wus dadi mantri kabupaten, bojone lestari malah anake wus telu.
Kang mangkono mau ibune, saiba gelane wong tuane, liyane iku akeh bae bocah lanang kang banjur rabi

sacandhake utawa banjur ambaluntah dhemenan karo wong ala, wekasan kena lara wadon nganti dadi sengsarane. Dening ora diprenahake sadurunge.

R.ng.W. "Enggih niku pancen lare boten nalar, mung kesesa ngumbar hawane, dene tuwan kontrolir nika empun yuswa 40 tahun dereng krema, anggudhik mawon boten kok inggih boten barang-barang, tiyang jawi kalih landi napa kodrate bedha".

M.W.G. "Kok aneh kowe iku ibune, bangsa tuwan mono beda karo wong jawa".

R. ng. W. "Bedane napa tiyang sami tiyang". 48

M.W.G. "Bedane saka pangajaran, saya para kontrolir sekolahe dhuwur, dadi nalare akeh, bisa nayuti hawa napsune, bareng wong jawa dhuwur dhuwure sekolah bayaran setali, mesthi kawruhe nyamut-nyamut yen kok timbang karo bangsa tuwan".

R.ng.W. "Yen empun dados karsa sampeyan si Madyana dirabekake sahiki kula enggih andherek, napa sampun angsal congcongan ta . . . . . ?..

M.W.G. "Barese wus dak tembungake anake adhi Asisten Sidaharja jenenge si Supeni, rupane ayu, umure lagi 16 tahun, kowe rak wus wuruh taibune".

R.ng.W. "Enggih empun dhasar ayu yen nika, kula enggih condhong".

M.W.G. "Yen kowe wus condhong, aku arep kirim layang no dhi, besuk kapan enggone ningkahake?".

R.ng.W. "Bok enggih".

M.W.G. "Madyana"

M "Kula".

M.W.G. "Mrenea".

M "Enggih".

M.W.G. "Madyana, kowe arep dak suwitakake Raden Tu-

menggung Karti Praja 49
nanging arep dak rabekake dhisik, yen wus rabi banjur dak sebakake karo bojomu, dene bakal bojomu iku putrane bapakmu Asisten Wadana Sidaharja, kowe rak iya wus weruh rupane".

M "Kados inggih sampun kala andherek panjenengan ngurus prakawis kaya punika".

M.W.G. "Rak iya ayu ta".

M "Inggih ayu".

M.W.G. "Cekake kowe saiki gawea layang marang bapakmu Asisten Wadana Sida Harja, tembunge aku nyuwun katrangan bab rembugku arep nggonku anjaluk anake kang bakal dak dhaupake karo kowe, panikahe diarah besuk apa, yen dhangan dak jaluk tumuli, marga kowe kaselak arep dak magangake menyang Madyapura, wis tulisen".

M "Inggih".

M.W.G. "Wus rampung, wacanen".

M "Inggih".

Salam.

Sasampuning taklim kula tuwin bak ayu jengandika, wiyosipun adhimas Guna Wicara, bab putra sampean estri pun rara Supeni ingkang kula suwun dhaupipun kaliyan putra sampean.....50
pun Madyana, menawi adhi sekalian saestu sampun marengaken ijabipun kaangkah binjing punapa, manawi sepen pakewed kula suwun tumunten amargi kaselak badhe kula sowanaken ing panjenenganipun Kyai Lurah Raden Tumenggung Karti Praja, kados rembag kula ing ngajeng mila kula nyuwun katrangan, wusana sapengkeripun serat punika, kula sadaya wilujeng.
Kaserat ing sida trusthi kaping....

raka

M.W.G. "Iya bener (lajang kateken) wis bungkusen banjur

alamatana"

Enggalipun serat sampun kalampahaken dhateng Sidaharja, sarta sampun angsal wangsulan, ungeliipun wangsulan kados ing ngandhap punika.

Serat saha ingkang taklim pun Gunawicara sekalian katur panjenenganipun ingkang raka Mas Ngabei Guna Saraya sakalian mbak ayu.

Sasampunipun kadya punika wiyosipun kula sampun nampeni paringipun serat Kang Mas katiti mangsa tanggal kaping . . . . . suraosipun kula sampun mangertos trang. Kula nuwun menggah saking keparengipun Kang Mas bab dhaupipun . . . . . .51 putra sampean pun thole, Madyana, sekalian adhinipun gendhuk Supeni, kapundhut tumunten saderengipun kula nampeni paringipun serat Kang Mas pancen sampun kula angkah, katungka panjenenganipun Kang Mas dados dapur kaleresan, wondene rembag kula kaliyan tiyang estri, menawi sami wilujeng ing sadayanipun anggen kula ngrabekaken benjing ing dinten Selasa Paing tanggal kaping 14 wulan ngajeng, punika kalayan riringkesan inggih namung badhe angestokaken dhawuhipun Kang Mas namung ambujeng perlu.

Menggah punika mugi andadosna ing kauningan.

Katur kaping . . . . . .

rayinipun.

Sasampunipun Mas Wadana Guna Saraya nampeni wangsulan serat saking Mas Asisten Gunawicara lajang rembagan kalian garwanipun, tembungipun :

"Ibune besuk pangundhuhe anakmu si Madyana iku arep dak gawe ringkesan bae, mung jagongan sawengi kancane dhewe bae, ora nyuruhi priyayi kutha utawa liya-liyane, ora nganggo apa-apa, mung main karo klenengan bae, esuk banjur bubaran, arahen cukupe, waragad Rp. 50,– (seket rupiah) bae" 52

R.ng.W. "Kala rumiyin tetak mawon diagengaken, tur sampeyan taksih dados Asisten Wadana, saniki sampun

dados Wadana, mantu ringkes mawon rak enggih digegujeng tiyang, napa boten lingsem".

M.W.G. "Iya bener kandhamu iku, nanging mengkene ibune, rasakna kang temenan dhek netakake kae, pon ponane rekasane rak ya nganti suwe, aja ha dak ati-ati seprene durung pulih amarga dhek biyen durung duwe pikiran dawa mung amburu dialem wong, tetakan wae gedhen pancen pikire ambaledhag nanging sarehning anggonku mengkana kae saka dak aya-aya dak rewangi utang-utang wekasan rekasane disangga dhewe. Sakiki upama dak gedhekake nganti ngluwihi dhek biyen iya bisa, nanging perlune apa yen ing buri dadi rekasa, rak iya becik disangokake. Kajaba rekasane kudu ngetokake waragad akeh, wong duwe gawe gedhen iku atine iya rekasa banget mikir barang-barang kudu bedik kudu resik, wong duwe gawe gedhen yeng ora sembada tiwas rekasa ngetokake waragad akeh dadi cacadan, mulane yen dipikir temenan wong ora duwe, duwe gawe dirowakake iku ora bener banget malah kalebu wong bodho 53
awit ora bisa mikir pamburine, wong pancen ora ana, ora bisa, duwe gawe disengka-sengka, diaya-aya, direwangi utang-utang nekuk nikeli, mung amburu bungah, amburu dialem uwong wekasane bareng bubar gawe kang nagih lunga teka, bareng ora bisa nyaur omahe didol digawe nyaur utang banjur krabyakan anggolek pondokan, ora lali isih digugat cina kaya apa sangsarane. Kajaba mikir rekasane dhewe, aku wus andhawuhake sabawahku kabeh yen duwe gawe dak purih riringkesan bae, yen duwe dhuwit luwung disangokake bocahe bae becik prentahku mau wus akeh kang ngestokake wusana aku dhewe bareng duwe gawe gedhen rak iya ora becik utamane wong mulang iku kudu nglakoni dhewe dadi kang diwulang anggugu malah adhi Asisten Sidaharjo iya

wus dak kandhani besuk ijabe dak purih ringkesan bae".

R.ng.W. "Enggih empun yen makaten kula andherek kersa sampean.

Enggaling carios Jaka Madyana sampun kapanggihaken kalian rara Supeni.....54 wonten Sidaharja sapekenipun kaundhuh dhateng Sidatrustha. Anggenipun jejodhowan atut rukun adamel senenging tiyang sepuh. Sareng antawis tigang wulan kalian anggenipun dados panganten, Jaka Madyana dalah semahipun lajeng badhe kasowanaken ing panjenenganipun Raden Tumenggung Karti Praja, saderengipun bidhal Jaka Madyana sasemahipun dipun pituturi kados ing ngandhap punika.

M.W.G. "Madyana, kowe lan bojomu sida dak suwitakake Raden Tumenggung Karti Praja, kang nyebakake aku dhewe lan ibumu, angkate dak arah sajroning sasi iki, nanging mangkene Madyana, kowe dak tuturi, suwita marang wong gedhe iku angel kudu ngatiati, taberi satitik wedi lan eling-elingen aja pisanpisan duwe watak nem prakara :

siji : aja nistha, loro : aja dhustha, telu aja dara, papat : aja drengki, lima : aja srengkara, enem : aja cendhala.

Tegese nishta iku bui asor, saen para jalukan, ngunghutuh, yen utang ngemplang yen nyenyilih ora gelem ngulihake.

Tegese dhusta : iku budi culika, dhemen colong climut lan melik duweiking liyan.....55 kang dudu benere.

Tegese dora : dhemen para cidra yen dipracaya ambalenjani, ora kena ingandel.

Drengki iku watak jail epeh dahwen pati open.

Srengkara : iku panasten dhemen ngumbar hawa nepsu, dhemen gawe sak serik atining wong, karem pitenahan.

Candhala : lanas panas baranan lantap lengus lan maneh aja kebluk aja lebuh aja blubuh aja kethah aja dhemen baruwah aja dhemen wuru.
Tegese kebluk keset ora dhemen nyambut gawe.
Lebuh karem sanggama, karem ulah ambabandrek.
Blubuh : karem turutan pawatara.
Kethuh : carobo, kemproh ora resikan.
Ambaruweh : karem wewangan tanpa wareg tanpa nganggo mangsa.
Waru : dhemen mendhem dhemen bungah-bungah.

M' "Ulah ambabandrek punika kados pundi Bapak?"

M.W.G. "Ulah ambabandrek mono karem jina"

M "Manawi jina kula sampun mangertos inggih punika remen tiyang estri ingkang dede samahipun piyambak".

M.W.G. "Iya, jina kowe mangerti, barang bandrek durung mangerti, mangka .....56 pancen tembunge jawa lugu bandrek. Jina iku jinah tembung Arab. Dene ulah ambabandrek iku kaperang dadi nenem, yen ora kaliru :

1. ngagak-agak turus ijo
2. ngrusak pager ayu
3. angrong prasanakan
4. anggege mangsa.
5. meksa saresmi
6. anjajamah.

Sanggama nembab mau ora becik kabeh, dene kang becik iku iya mung karo wajibe dhewe, ewa dene kudu nganggo duga prayoga, yen tanpa duga prayaga iya ora apik".

M. "Ulah bandrek nem bab wau wijangipun kados punti bapak?"

M.W.G. "Wijange mangkene :

1. Ngagak-agak turus ijo iku dhemen marang bocah

wadon kang isih legan, durung ana bojone, bocah iku diupamakake turus, diogak-ogak direncana.

2. Ngrusak pager ayu, iku dhemen wong wadon kang wus ana bojone 57
karepe mangkene : pager ayu ; pager becik kang diumpamaake pager becik iku kang lanang, kang dipageri iya kang wadon dirusak direncana.
3. Angrong pra sanakan, iku wong dhemen andhemeni bojoning sanak sadulur, tangga teparo, tegese angrong : iya angerong, prasanakan : para sanak, sedulur utawa kawanuhan yen diturutake tembunge ngerong para kawanuhan : iya durung mathis karo karepe, nanging sarehning wus dadi ucap-ucapaning wong mengkono, iya wus padha nampani.
4. Anggege mangsa : iku dhemen bocah kang durung akil balig.
5. Meksa saresmi : iku dhemen wong kang ora sarju, diroda peksa.
6. Panjajamah : iku wong karem sanggama kang tanpa dedaya, tanpa ewuh pakewuh, ora mikir sapa-sapa, janji pepencil ditandangi, mulane elingelingen, kabeh mau aja pisan-pisan koklakoni.

Piwulangku ing dhuwur mau yen kok enggo kaya wus cukup kanggo sangu suwita. Kajaba iku kowe saben sasi dak belanja Rp. 15,–, iku cukup cukupna sukur bisa turah, yen turah celengana 58

R. ng. W. "Supeni, kowe semono uga dak tuturi rungokno, saka karsane bapakmu kowe uga dipurih melu suwita ana ing Madyapura, dadi kowe saiki kudu nglakoni suwita rong prakara, kang sapisan suwita marang bojomu kapindhone suwita marang Raden Tumenggung Karti Praja sakalian yen dirasakake iya rekasa banget pamikirmu nanging yen iklas sarta yen kok sedyakake idhep-idhep tapa utawa ngrewangi prihatin marang bojomu, iya ora dadi rekasaning pamikirmu, dene

saranane amurih katarima loro-loro mangkene:

- Tangi kang esuk, jam 5 wus tangi banjur adus banjur dandan kang singset nanging aja besus-besus banjur nyadiyanana apa perlune Kang Mas mu, apa nata sandhangane Kang Masmu kang dianggo seba, apa nata sarapane, yen wus rampung banjur malebu marang dalem reresik, tebah-tebah pasarean, nyaponi kamar, nata gantenan, tata dhahar sarapan kang mesthi iya wus akeh abdi sentana kang padha majibi, nanging kowe kang bisa nyarembahi kabeh, aja katon nganggur, sawise apa dhawuhe Raden Ayu Manggung apa sing dingendikaake ambathik apa olah-olah 59
  ana ing pawon iya banjur diestokake digarap kang satiti kang ngati-ati, aja kongsi dadi duka.
  Dene kowe Madyana sarehning ana pangengeran yen ana lupute bojomu kang gedhe pangapuramu. (Rara Supeni manawi bab rerigening griya sampun saged sadaya punapa dene olah-olah cara walandi ingkang warni ulam-ulaman utawi ngolah pepanganan sampun saged sadaya, ambathik, nyulam, nyongket inggih saged amargi ibunipun merdi sanget dhateng anak estri, mila sadangunipun ngenger mara sepuh wonten ing Sida Trustha, mara sepuhe sekalian kasok sihipun ngantos kados putranipun piyambak).
  Dene wajibing wong urip : kudu kang taberi, kang nestiti, kang gemi, kang ngati-ati. Tegese taberi : marsudi marang kacukupan diperdi bisane tulus aja nganti kekurangan sandhangan.
- Tegese gemi : barang kang isih kanggo, sanadyan trasi sadulit kudu dirawati kang becik apa dene barang akeh iya saya diati-ati pangrumate.
- Tegese ngati-ati : wetuning butuh saben dina kudu ditata aja brah breh, aja ler weh, kang

bakal ambeborosi kudu dicegah. 60
kudu nganggo murwat awet aja guru aleman.
Apa dene wong wadon iku kudu kang mugen, kang rigen, kang togen.

- Tegese mugen : ora dhemen lelungan, nenonton lan sasanjan kang ora ana perlune, kajaba yen netepi kalumrahan, kayata : jagong, layat sapadhane, kang pancen perlu samono iku kudu lilahe lakine, yen lakine ora nglilani aja maksa.
- Tegese rigen : bisa tata-tata mematut sajroning omah, aja ana kang katon saru.
- Tegese togen : mantep santosa budine, ora pinginan ora lemeran apa dene maneh utamane wong wadon iku kudu duwe ambek : ririh, rereh, ruruh.
- Tegese ririh : nyambute gawe, malakua, caturana, angguyua, kudu kang alon.
- Tegese rereh : sabar aja dhemen napsu, aja dhemen nyuwara kang saru, kayata misuh, nosotake iku ora apik.
- Tegese ruruh : anteng jatmika, ora dhemen caturan utawa angguyu kang. 61
tanpa perlu.

Wis gendhuk Supeni kabeh pituturku mau yen kok enggo kaya-kaya wus cukup ginawe sangu suwita ing laki utawa bendara, mulane eling-elingen aja nganti lali.

S. "Inggih ibu, mugi angsala pangestunipun ibu, sageda enget sarta sageda anglampahi kados dhawuhipun ibu".

Kacarios sawatawis dinten Mas Wadana Guna Saraya sekalian lajeng bidhal dhateng Madyapura, ngeteraken putranipun panganten sarimbit jam 5 sonten dumugi ing Kabupaten Madyapura, Raden Tumenggung Karti Praja kaleresan lenggah ing pandhapa, sakalian ingkang garwa sareng uninga wonten tamu,

Raden Tumenggung jumeneng saking kursi sarta ngandika :

"Elo ana dhayoh, Kang Mas Wadana Sida Trustha sumangga Kang Mas lajeng kemawon"

M.W.G. "Nuninggih" (nyembah).

R.T. "Sumangga mak ayu".

R.ng.W. "Nuninggih" (nyembah).

R.T. "Lenggah inggil kemawon".

M.W.G. "Nuninggih".

Lajeng lenggah satata wonten ing kursi.

R.T. "Bidhalipun saking dalem jam pinten Kang Mas. . .62

M.W.G. "Kulanun jam 11 siang".

R.T. "Wilujeng tindakipun"

M.W.G. "Kulanun pangestu dalem wilujeng".

R.T. "Punika punapa ingkang putra?".

M.W.G. "Nuninggih : abdi dalem anak".

R.T. "Rak panganten ta?".

M.W.G. "Nuninggih panganten saweg tigang wulan".

R.T. "Putra sampean ingkang pundi?, jaleripun punapa estrinipun".

N.W.G. "Kulanun ingkang jaler ingkang estri anakipun abdi dalem Asisten Wadana Sidhaharja".

R.T. "Asisten Sidhaharja punika kalian Kang Mas punapa taksih akrab".

M.W.G. "Nuninggih taksih kaleres misanan".

R.T. "Dados lare punika kaleres angsal sadherek ngaping kalih".

M.W.G. "Nuninggih".

Raden Ayu manggung nyambeti : "Bak ayu kok baud pados mantu sampean. umurane sedhengan rupane meh padha".

R.ng.W. "Nuninggih pangestu dalem".

R.T. "Jarena yen rupane memper kuwi sok dadi, inggih mbak ayu 63

R.ng.W. "Nuninggih kaluhuran dhawuh dalem asring dados".
Ra. T. "Punapa inggih mbak ayu, kados boten temtu".
R.T. "Tamtu ibune, la aku karo kowe iki rak memper ta, rak iya dadi".
Ra. T "Sampun mboten, kula memper sampean".
R.T. "Ora memper kapriye, la wong aku kaya Kumbakarna, kowe kaya Sarang ngono kok, sing kandha ora memper sapa ? lajeng gumuyu.
(Raden Tumenggung sakalian punika, sarira sami ageng inggil sarta lema-lema).

Katungka pangunjukan wedang lumados.
R.T. "Mangga Kang Mas: mbak ayu wedangipun kahunjuk".
M.W.G. "Nuninggih".
Kula nuwun, sowan kawula kajawi sowan tuwi kasugengan dalem sekalian menawi wonten kaparengipun panggalih dalem anak kawula ingkang tumut sowan punika, kawula suwunaken suwita ngarsa dalem dalah semahipun"
R.T. "Inggih, prayogi Kang Mas, sekolahipun wonten pundi? 64
M.W.G. "Kulanun wonten ing Ngergapura kemawon".

R.T. "Sampun angsal kursus".
M.W.G. "Kulanun sampun".
R.T. "Ibune, mbak ayu diaturi ngaso siram-siram".
R.T. "Inggih, mbak ayu ngaso rumiyin dhateng gandok".
R.ng.W. "Nuringgih".
Mas Wadana sakalian lajeng sami ngaso dhateng gandok, pancen sampun sediya pondokan tamu.
Sareng sampun wanci jam 9 dalu Mas Wadana sakalian katimbalan dhahar wonten ing dalem, sarampungipun dhahar Raden Tumenggung ngandika :
"Kang Mas mangga lenggahan jawi rumiyin".
M.W.G. "Nuninggih"

R.T. "Cah"(bocah).
nungkula.
R.T. "Timbalana den bei Jaksa"
"Nuninggih sandika".
R.T. "Mangga Kang Mas celakan ngriki kemawon".
M'W.G. "Nuninggih".
R.T. "Sapa kuwi, Jaksa 65
Dj. "Nuninggih".
R.T. "Kene lo linggiha dhuwur kene"
Dj. "Nuninggih"
R.T. "Takjak nemoni bapakmu Wedana Sida Trustha kok nyedhaka bae".
Dj. "Nuninggih""
R.T. "Durung wanuh kowe karo bapakmu Wedana iki".
Dj. "Kulunun dereng"
R.T. "Punika putranipun Kang Mas Patih ngriki Kang Mas, wedalan Dwapledheng sekul".
M.W.G. "Nuninggih, katepangaken kemawon angger"
Dj. "Inggih bapak kalapunapa rawuhipun bapak".
M.W.G. "Kala wau jam 5""
Dj. "Inggih tindakipun bapak wilujeng"
M.W.G. "Inggih wilujeng"
R.T. "Bapakmu Wadana iki kancaku magang dhek biyen wis rada suwe ora tilik aku, saiki takjak kangen-kangenan".
DJ. "Nuninggih".
R.T. "Dene perlune gone bapakmu Wadana mrene iki kajaba tilik, ngeterake putrane panganten sarimbit diwehake aku, cekake ya dipurih andandani mulane jaken ana ing Kantormu bae 66
Dj. "Nuninggih".

R.T. "Tur upama dimagangake kana bae iya ora beda, nanging perlune kajaba enggone pracaya utawa tresna menyang aku, bocah yen dipisah iku : bisaha metu

prihatine, yen diemong dhewe iku yen kurang pamerdine, dhasar bocahe ora marsudi dhewe, sok dadi kogung yen kebacut ugungan pamburine kang kapitunan iya wong tua mulane bener bapakmu Wadana iku tur putrane mung siji kowe, suprandene iklas diwenehake aku"

Dj. "Nuninggih, kaluhuran dhawuh dalem saha kawula inggih condhong kados karsanipun Bapak Wadana amargi lare punika menawi boten dipun penthes dateng kasagedan utawi dhateng tata krami, kadadosanipun utawi kudanganipun anak lanang bisa amikul dhuwur mendhem jero".

R.T. "Kados pundi Kang Mas Wadana? bebasan mikul dhuwur mendhem jero"

M.W.G. "Nuninggih, pikajengipun mikul dhuwur punika, ngurmati saha .....67 nyaheni dhateng kuburipun Bapa, mendhem jero: saged anasabi wawadosing Bapa".

R.T. "Kados inggih makaten dados mendhem jero punika, boten mendhem 10 meter lebetipun utawi mikul inggilipun ngantos ngungkuli sirah".

M.W.G. "Kulunun boten (lajeng sami gumujeng), bebasanipun tiang kina punika asring kerasan : utawi tegesipun asring rangkep angsal lahir batos"

R.T. "Ingkang kerasan kados pundi Kang Mas ".

M.W.G. "Nuninggih mikul inggil mendhem lebet punika wau tembung kerasan : namanipun panunggilanipun tapa ngeli, tapa mendhem, tapa abang, ingkang kirang lepas panampanipun kininten ngeli, mendhem obong sayektos.

Tapa ngeli pikajengipun : saged angelani manahipun tiyang utawi boten nate nyulayani ginemanipun tiyang.

Tapa mendhem saged nyimpen wewados.

Tapa obong pikajengipun sabar saupami mireng

swara ingkang boten sakeca tumraping dadanipun boten kagetan ayem kemawon, saminipun tapa mbisu, tapa ambudheg, tapa micak, ewadene jaman kina kacarios Sunan Kalijaga tapa mendhem 100 dinten 100 dalu 68
ingkang dhawuh Sunan Bonang. Sunan Geseng dipun obong ingkang ngobong Sunan Kalijaga.
Panembahan Senopati tapa ngeli satahun ingkang aken Panembahan Juru Martani. Dene ingkang gadhah teges rangkep kadasta wonten babasan :

1. Darahing kusuma rembesing madu.
2. Terahing andana warih.
3. Tedhaking amara tapa.

Saupami dharehing kusuma sayektos : inggih wonten rembesing madu, boten wonten wujudipun mila pikajengipun babasan wau tedhaking kusuma rembesing madu punika inggih turunipun tiyang ingkang arummanis wicantenipun. Trahing andara warih pikajengipun turunipun tiyang legawa Paramarta. Tedhaking para tapa inggih tedhaking tiyang betah tapa utawi sabar. Wonten malih ingkang tegesipun rangkep inggih punika bebasan curiga, wisma, wanita, turangga, pikajengipun, upaminipun ngagesang punika dhuwungipun sae, majapait tur mrobot.
Aryanipun ageng, sae mirantos.
Semahipun ayu darahing ngawirya 69
Kapalipun margawati tur angsal panegar sae.
Dene rangkepipun makaten ngagesang gadhaha ambek 4 prakawis, ambek ing curiga, ambek ing wisma, ambek ing wanita, ambek ing turangga.

1. Ambeking curiga tegesipun : landhep, lantip.
2. Ambeking wisma, jember : monot sabar.
3. Ambeking wanita : lemes, alus.
4. Ambeking turangga : rikat, banter utawi lepas.

R.T. "Jaksa bapakmu Wadana kok baud, dak pikir-pikir iya bener bapakmu Wadana. Ambaleni bab tapa,

saupama : tapa ngeli temenan tapa mendhem temenan saya tapa obong temenan apa ana kang bisa nglakoni, amarga tapa telung prakara mau dedalaning pati kabeh.

Dj. "Nuninggih kaluhuran dhawuh dalem, pancen tiyang kina punika inggih saged-saged, nanging saged damel pralambang pasemon perlunipun punapa tiyang piwulang dhateng kasaenan mawi pralambang pasemon inggih menawi ingkang lepas kados bapak Wadana, saged sumerep pikajenganipun ingkang lugu, wangsul ingkang boten namung tansah damel seling serap, kados serat Dewa Ruci, Wrekodara andhungkar redi mejahi Denawa, angger byar seganten mejahi naga 70
Kabaripun inggih namung pralambang kemawon, lugunipun tiyang ngupados ngelmi kasucian punika lampahipun kedah mejahi hawa napsu, kedah sabar, kedah tawakal, kedah sentosa. Ingkang makaten wau kajengipun tiyang kina punika kados pundi? tiyang damel piwulang teka boten ngeblak, wekasan malah andamel Kodheng damel ngungun, damel gumun dhateng tiyang bodho, mangka leresipun piwulang makaten damel padhangipun tiyang bodho, mila bangsa jawi, kalajeng-lajeng anggenipun kerem dhateng gugon tuhon inggih saking piwulangipun boten prasaja wau, boten kados bangsa Eropah, menawi damel piwulang ngeblak blaka suta, mila sinten ingkang angsal piwulang saking bangsa Eropah, ingkang sampun nama saged inggih saged sayektos.

R.T. "Iya bener kandhamu iku Jaksa, wong kuna piwulange ora ngeblak, ora prasaja, kakehan pralambang, kakehan pasemon, nanging saka panemuku mangkene Jaksa, enggone wong kuna yen gawe piwulang kanthi pralambang lan pasemon mau ora saka enggone kurang prasaja mangkono, mulane saben gawe pi-

wulang sinamar ing pasemon mau sababe mangkene : dhek jaman samana durung akeh wong pinter.....71 kang pinter lagi siji loro, dadi kapinterane mau durung akeh kang nekseni lan durung oleh tandha yekti saka kang luwih pinter utawa saka negara, kaya dene wong pinter ing tanah Eropah, iya iku kang wis sinebut dhokter, mester, pujangga gedhe (profesor) iku wus padha kasaksen ing bab kapinterane, dadi yen gawe piwulang ora tidha-tidha, balik pujangga jawa kawruhe durung oleh pasaksen dadi enggone gawe piwulang nganggo kasujanan aja nganti katon ngegla mulane banjur sinamar ing layang kaya dene layang Dewa Ruci sapepadhane, dening kapinterane mung metu saka kalepasaning pambudine dhewe. Kaya kang muni ing layang wedharaga, anggitane Raden Ngabei Ronggowarsita, kaca 6 mengkene :

] Lamun wus sarwa putus, kapinteran simpenen ing pungkur, bodhonira katakna ing ngarsa yekti, gampang trape tindak tanduk, amawas pambekaning wong.

] Karono ing tumuwuh, akeh lumuh katana balilu, marma tansah mintonken kawruh pribadi, amrih dene alema punjul, tan wruh bakal kajalomprong.

] Lamun pinter satuhu, tan mangkana ing reh patrapipun, kudu nganggo watara duga prayoga, pinter angaku balilu, denya met kagunaning wong.

] = Angarah warah wuruk, lamun seje murat maksudipun .....72 rasakena ing ati dipun nastiti, aja pijer umbag umuk, mundhak kawiyak yen bodho.

Mangkono iku pujangga kuna yen gawe piwulang, mangka iku anggitan lagi salaweyan taun saprene, piwulange isih kaya mangkono, nanging iya ora saben piwulang sinamar pasemon, kanthi nganggo sinamar

mau bebasan anggutuk lor kena kidul iya iku mung kang pancen gepakan wewadining keraton, wewadining ratu, wewadining wong gedhe utawa wewadining ngelmu, kayata : Jaka Tingkir (Sultan Adiwijaya ing Pajang) kang kasebut ing layang babad nalika arep suwita menyang Demak kanthi mas manca kiwil lan wuragil ana ing Kedhung Srengenge dikroyok baya, jarana lugune ora mengkono, sayektine nalika Jaka Tingkir leren ana ing gethek kono, weruh prawan ing desa padha ngangsu, kang rupane kalimis dhewe dibeda, wusana prawane keguh, nganti metu ana ing gethek, konangan bapakne : bebekele ing desa kono, jenenge Ki Bau reksa, Jaka Tingkir diuman-uman, suwe-suwe dadi regejegan, Jaka Tingkir banjur dikarubut wong desa kono. Sarehning Jaka Tingkir sakancane padha tiyasa, enggone.....73
pancakara menang. Awit saka iku banjur ginawe pasemon : Jaka Tingkir dikerubut baya ana ing Kedhung Srengenge.

Bareng wus kalakon suwita ana ing Demak Jaka Tingkir ditundhung jalaran kaluputan nyuduk Dhadhungawuk pingit kalawan sadak nganti mati, jebul lugune jare ambedhang pingitan kraton mulane ditundhung.

Apa dene maneh sinuhun Puger Kartosura (Pakubuwana I) kasebut ing babad bisa nyirep tenung saka sabrang, jebul lugune jare nyanggemi prajanjiyane Kanjeng Gupermen mulane jumeneng ratu, kabeh mau mulane ginawe mengkono, awit nyaritakake wewadining karaton apa dene layang ngelmu iya iku suluk-suluk meh kabeh mau pralambang, dadi ora saben gawe piwulang sinamar ing pasemon, dene piwulang kang ngeblak iya akeh kayata : layang wicara keras anggitana Raden Ngabei Yasadipura II

padha pujangga ing Surakarta, layang wulang reh yasene ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan PB IV, layang Centhini yasane ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan PB V pimulange padha ngeblak kabeh ora ana kang sinandi.

Jaka kaluhuran sabda lajeng andheku, aturipun :
"Kaluhuran dhawuh dalem 74
nanging kuciwanipun dumuginipun sapunika sampun santun jam para sepuh taksih kathah sanget ingkang ngangge cara jaman kina, taksih kathah ingkang ngangge tembung : ngarah apa, mangsa ngantia umur satus taun : ora mila bangsa jawi punika kalajeng dhawah ngandhap dening tembung ngarah apa wau, mahanani sarwa sasakecanipun kemawon, mila jaman sapunika bangsa-bangsa jawi dereng majeng-majeng, amargi para sepuh taksih kathah sanget ingkang sami ngangge pambekan kina, boten ngengeti bilih manungsa punika saben santun jaman santun salega.
Anggen kawula matur jaman santun salaga wau makaten :
manawi jagadipun inggih boten santun ingkang santun namung ingkang ngasta pangawasa. Kirang langkung 150 tahun sapriki, tanah jawi kahasta Kanjeng Gupremen sampun saestu sadaya tata cara pangretos tuwin rekadayanipun inggih santun sadaya, nanging santunipun wau pancen prayogi sadaya leresipun inggih kedah dipun lampahi ewa dene para priyantun sepuh taksih kathah ingkang dereng anglampahi, kadasta bab nyekolahaken lare taksih kathah sanget ingkang narimah sekolah jawi kemawon ingkang purun nyakolahaken walandi saweg satunggal kalih.....75

R.T. "Iya, amarga wong kang lahir jaman 50 tahun saprene isih akeh dadi isih kanggonan ambeg jaman samana, bok menawa besuk putumu, mesthi wus padha bisa ngrasakake salining jaman, luwih maneh menawa Kanjeng Gupermen wis maringi sekolahan kang pangajarane luwih saka saiki, tembung ngarah apa mesthi bisa sirna, amarga sayektine bangsa jawa iku iya akeh kang lantip sarta

akeh kang alus gegayuhane, dene enggone katon bodho mau : saking ora oleh pangajaran, kang wus oleh pangajaran kayata : Raden Mas Ismangun Danuwinata, Raden Kamil, cilike kowe sapanunggalane weton Opledheng Sekul weton Kwik Sekul weton lenbao, kawruhe iya ora beda karo bangsa Eropah. Malah ana kang elok tegese ora sekolah : ana kang pinter, nganti misuwur asmane, kayata :

1. Raden Ngabei Ranggawarsita, putus marang kesusastraan utawa liya-liyane nganti sinebut pujangga.
2. Raden Saleh, kabaudane anggambar nganti ngerameramake.
3. Ki Padma Susastra, iya ora sinau ewa dene kasuwur pinter, nganti kerep oleh ganjaran saka Kanjeng Gupermen, iku tandhane yen wong jawa dudu gegolongane bangsa kang bodho 76

apa dene dhek jaman purwa, apa madya yasane kang alus bab kasusastran, bab karawitan, tembang gedhe lan gendhing.

Kang bangsa kriya, kanyata : wesi aji, tumbak, keris sapanunggalane lan yasane candhi-candhi, wong saiki ora andungkap babar pisan apa dene kapinteran jaman kuna kang dak kandhakake mau tumrap jaman saiki, wus ora ana kang anggayuh, amarga kinira wus ora migunani, kang mangkono mau iya bener, awit kawruh kang dak kandhakake mau, bangsane kawruh kawibawan, ing jaman saiki wus ora kanggo, malah suwe-suwe bok menawa bisa sirna nanging mungguh panemuku : yen nganti sirna babar pisan owel, amarga kawruh patang bab mau telesing kawruh jawa".

Jaksa tuwin Mas Wadana sami angluhuraken dhawuhipun Raden Tumengung.

R.T. "Jang Mas Wadana, kados sampun dalu, sare Kang Mas".

M.W. "Nuninggih".

R.T. "Bubaran Jaksa wis wengi, sesuk yen Kang Mas Wadana durung kondur guneman maneh".

Dj. "Nunungguh, bapak Wadana kunduripun benjing punapa?"
M.W. "Benjing – enjing".
Dj. "Punapa boten pinarak ing pondhok kula rumiyin Bapak" 77
M.W. "Boten saged, engger, amargi pamit kula sampun telas, benjing malih kemawon kula sowan".
Dj. "Inggih, manawi kondur andherekaken wilujeng".
M.W. "Inggih".
Lajeng bibaran Mas Wadana ngaso dhateng pondhokan, enjingipun Mas Madana sekalian pamit mantuk kalilan, Jaka Madyana sabojonipun kantun. Sigeg.

III

Anyariosaken lelampahanipun Jaka Mulyana. . . . . 78.
Wonten tiyang nama Ki Saguna bekel ing dhusun Karangsana, Dhistrik Sidokarya Kabupaten Madyapura pejah, tilar anak jaler satunggal nama Jaka Mulyana saweg ngumur 8 tahun, Sarehning Ki Saguna wau malarat sanget dados boten gadhah tilaran, ingkang wonten asor ipun, tilaranipun namung griya atap satunggal sampun risak. Mila sa-ajalipun Ki Saguna, Nyai Saguna saha anakipun Jaka Mulyana panggesanganipun saya rekaos sanget, ingkang dipun tedha saben dinten namung anggenipun reripik dhateng wana kalian anakipun. Mendhet Godhong, kajeng lajeng kasade, pajeng kalih tengah uwang; ka angge nedha. Watawis satengah tahun Nyai Saguna lajeng sakit panas dados ajalipun, dados Jaka Mulyana lajeng lola boten gadhah tiyang sepuh, boten gadhah sadherek, saajale biyungipun dados welasan.

Bekelipun ing dhusun griku, ingkang anggentosi bapakipun Jaka Mulyana nama Ki Sardana, sanget welasipun aningali dhateng Jaka Mulyana, mila Jaka Mulyana lajeng dipun kukup dipun pendhet rencang, kapurih angen maesa. Jaka Mulyana ugi purun sarta rumaos bingah awit badhe boten kapinten tedhanipun, sareng watawis sataun 79

Ki Sardana remen sanget dhateng Jaka Mulyana awit warninipun radi resik sarta wanthon tuwin wekel punapa dene gumatos dhateng maesanipun sadangunipun dipun ngen Jaka Mulyana, maesanipun sami lema-lema, kalimis-kalimis dhasar Jaka Mulyana boten remen nganggur, menawi wonten pangenan, yen maesanipun aring lajeng ngarit menawi wanci anggiring sonten sampun mapanaken maesanipun lajeng kalepat kesah sade rumputipun dhateng nagari pajeng Suwang utawi sekethip lajeng katumbasaken panganan, enjingipun kadamel sangu angen sarta kadum-dumaken. dhateng kancanipun angen mila kancanipun sami remen dhateng Jaka Mulyana. Menawi sonten karemenanipun dolan dhateng Carikan nedha wulang Carakan dhateng Carikipun inggih dipun wulang, dangu-dangu Jaka Mulyana lajeng saged maos jawi.

Ing satunggiling dinten Jaka Mulyana ngungkabi pethi tilarane tiyang sepuhipun, pethi sampun risak boten wonten isinipun punapa-punapa, kajawi namung isi rosok-rosokan, wonten kudhi garang, wonten timang wesi sampun risak, wonten karah tuwin sanes-sanesipun ingkang boten mbejaji sarta parimbon jawi sampun kuluh-kuluh sanget, parimbon wau lajeng kawaos 80

isi petangan warni-warni, kadosta : bincilan raja muka, pasatowan tuwin sanes-sanesipun sarta bab petangan among tani pungkasanipun isi sala silah, sadaya wau kawaos ngantos tamat, ing nalika punika Jaka Mulyana Sumerep jebul bapakipun taksih darahing bupati kaleres buyut dados piyambakipun taksih leres canggahing bupati.

Jaka Mulyana sareng rumaos taksih turuning ngawirya, lajeng rumaos boten kraos wonten ing dhusun. Santun cipta remen dados priyantun nanging kados pundhi jalaranipun amargi rumaos taksih bodho sanget sarta sampun kapejahan obor, boten sumerep sanak sadherekipun ingkang taksih dados priyantun dados manahipun lajeng gidhuh sanget nanging boten carios dhateng sinten-sinten saya dangu sangsaya boten gurnan tumut Ki Sardana, amargi tamtu badhe kalajeng-lajeng dados kuli sade rumput.

Ing satunggaling dinten wonten asisten Madana dhateng papriksa ing dhusun ngriku, dipun iringaken upas ngangge sarempang, sarta Kapala Dhusun tuwin Kabayan punapa dene, kami sepuh sakiwa tengenipun dhusun ngriku lajeng kampir ing griyanipun Ki Sardana. Ki Sardana gugup tuwin bikut sanggenipun nata palenggahanipun lajeng dandan iket-iketan bebedan 81
mawi kelambi sikepan cemeng tuwin dhuwungan lajeng andhodhok ngacarani tembungipun : "Sumangga ndoro seten lenggah ing griya, kula nyuwun pangapunten dalem amargi kulo boten sumerep bilih panjenengan dalem rawuh mriki mula rewe-rewa kemawon."

Ass. W. "Ora dadi ngapa, wong pancen aku ora andhawuhake, iki mau mentas mriksa tegalan kalinongko, kang disuwun arep digawe padhukhuhan marang lurah Kalinongko, ngiras mriksa pager-pager desa, pagermu desa akeh kang rusak".

"O, inggih ndara, kula nyuwun pangapunten dalem amargi saweg sami anggelak anggarap sabin".

Mas Asisten Wadana lenggah kursi ijen Kepala Dhusun, Carik, bekel tuwin kabayan sami ngadhep wonten ing ngandhap. Andher, kinten-kinten wonten tiyang gangsal welas, Asisten Wadana lajeng andhawuhaken : bab reresik dhusun sarta pager-pager sasaminipun.

Ing nalika punika Jaka Mulyana pinuju anggiring maesanipun, sasampunipun kakandhangaken Jaka Mulyana kalajeng melebet ing pandhopo badhe nyinggahaken aritipun, lebetipun dhateng pandhapa tanpa riringa, lajeng mak beleng lanyak-lanyak kemawon. Ki Sardhana sareng sumerep dhateng 82
Jaka Mulyana, Jaka Mulyana lajeng dipun getak sarta dicanten Sora : "ana priyayi ndara seten lenggah, jebul gendadapan mrono. Jaka Mulyana kaget lajeng medal jarandhalan, wonten ing jawi lajeng linggih wonten ing lesung, nyarehaken napas sarta anguda raosmakaten : "Kyaine Sardana kebangeten men olehe anggetak-getak nganti tratahan atiku, dene priyayine

meneng bae ora apa-apa". Sareng napasipun sampun aring lajeng dhateng latar sarta ningali dhateng Mas Asisten lenggah wonten ing nginggil piyambak ingkang ngadhep wonten ing ngandhap andher, Jaka Mulyana lajeng anggagas : priyayi iki kok samono kajen keringane, awake ngadhangkrang linggih kursi dhewe karo udud srutu tumpang dhengkul kancane ngadhep ana ngisor padha andhekukul, wong padha wong kok samono kaceke pancen kepenak banget wong dadi priyayi iku awake kapenak kajen keringan balanjane akeh.

E . . . . . Gusti Allah kula nyuwun dados priyantun.

Boten antawis dangu, asisten Wadana mantuk sadaya sami ngiringaken, sareng dumugi kikis dhusun Ki Sardana kalilan wangsul . . . . . 83.

Ing satunggiling dinten Jaka Mulyana sade rumput kalian kancanipun dhateng nagari, Sadumuginipun nagari Jaka Mulyana sakancanipun lajeng sami kendel wonten ing pinggir margi ageng andhasaraken rumputipun, boten antawis dangu dipun oyak mantri polisi kapurih kesah, amargi badhe wonten rawuhan Jendral, pinggir margi boten kening dipun enggeni tiyang sesadean, dereng ngantos ngangkat rumputipun jendralipun sampun rawuh, nitih kareta kapal wolu, ingkang ngiring priyantun kakapalan gumredeg Jaka Mulyana sakancanipun gugup wah dipun getak-getak dhateng mantri pulisi sangsaya kerepotan, sareng kedangon Jaka Mulyana dipun cemetheni serta dipun jongkong-jongkoaken ngantos dhawah karungkep, dhodho tuwin dhengkulipun babak bunyak, rumputipun ambyar lajeng katilar manthuk kalayan nangis anggriyeng, sareng dumugi ing griya lajeng wadul dhateng lurahipun Ki Sardana, nanging malah dipun srengeni kathah-kathah serta dipun tetah anggenipun calola-calolo boten sumerep ing dedugi.

Jaka Mulyana manahipun saya karonta-ronta. Ing nalika punika andadosaken kencenging ciptanipun anggenipun kapingin dados priyantun amargi rumaos manawi tiyang alit punika prasasat kewan, saumpami piyambakipun anaking priyantun saestu bonten . . . . . 84.

kalampahan dipun gebugi wonten ing margi kados maesa.

Kacarios anggenipun Jaka Mulyana dhateng Ki Sardana ngantos dipun tetakaken. Kala samanten sampun umur 16 tahun, sangsaya kenceng anggenipun kapengin dados priyantun, sedyanipun badhe medal saking Ki Sardana, badhe pados pasuwitan dhateng nagari. Ing Satunggiling dinten wanci sonten Ki Sardana saweg linggih wonten ing pandhapa ijen, Jaka Mulyana nyelak lajeng linggih wonten ing ngandhap sila, pamitan, tembungipun : "Kyai, kapareng boten kaparenga kula nyuwun medal badhe ngupados pasuwitan andherek priyantun dhateng nagari.

Ki Sardana kaget sarwi wicanten : "Elo . . . ! kepriye ta le . . . ? jebul kowe mengkono, mangka wiwit cilik kowe dak itik-itik, dak kukup dak raup, nganti tak tetakake barang, saking aku wis dhemen menyang kowe, jebul bareng wis gedhe arep megat tresna, mangka yen karepku kowe dak pek anak dak rabekkake barang, dak gawekake omah sarta bakal dak gawani kebo sarakit kena agawe ular-ular tetanen apa dene saka pikarepku sarehning . . . . . 85.

wakne sakerti (Kabayan) wis tuwa, arep dak kon ngaso enggone dadi kabayan kowe arep dak gentekake jebul kowe arep ngoncati mengkono, kepriye Mulyana . . . .? pikiren rembugku iki mau yen kena dak gondeli aja lungo".

DJ. M. "O . . . . ! Inggih Kyai sakalangkung bingah panuwun kula, dene sampeyan karsa anggalih kadadosanipun badan kula, punapa dene anggen sampeyan karsa ngukup ngrahup, wiwit kula alit- dipun tilar bapa biyung, ngantos ageng kula samanten, pangraos kula sampun boten kekirangan inggih sakalangkung panuwun kula, kula enget-enget salaminipun gesang sarta pangestunipun manah kula mugi sagedo males dhateng sampeyan nanging kauningana kula sapunika sampun boten karaos wonten ing dhusun, inggih meksa nyuwun pamit badhe suwita priyantun".

K.S. "Ora . . . . ! Mulyana, enggonmu karaya-raya arep ngenger priyayi iku kowe arep ngarah dadi apa . . .?"

DJ. M. "Menawi saking pikajeng kula sarta angsal pandonga sampeyan kula kepingin dados priyantun".

Ki Sardana anjingklak gumujeng sarta wicanten makaten "Trembelanmu kowe kepingin dadi priyayi . . . . ?".

DJ. M. "Inggih" . . . . . 86.

K.S. "Wong dadi priyayi mono angel banget, apa pangrasamu gampang mono, sapisan kudu trahing priyayi, kaping pindho kudu sugih kapinteran lan kagunan, bareng kowe wong kulinamu ana ing desa mung angon lan adol suket jebul anggayuh dadi priyayi mongso bisaha, aja maneh priyayi, wong suwita priyayi bae kudu sangu kawruh. Cekake mupusa, trimaha melu aku bae, kandhamu mau aheng, elok, langka, dudu gegayuhanmu aja kok tutugake ger, anggugua aku".

DJ. M. "Tiyang suwita priyantun kedah sangu kawruh punika, kawruh punapa kyai ?".

K.S. "Priyayi mono beda karo wong tani kaya aku ini, yen wong tani esuk macul awan mulih mangan banjur macul maneh, sore mulih mangan banjur turu wis ora nganggo pikiran apa-apa, ora nganggo kasenengan apa-apa, bareng priyayi, dhasar priyayi gedhe, kudu sugih panggalihan sugih kasenengan, sugih prabot lan piranti. Tegese sugih panggalihan amarga sugih kawajiban, Tegese sugih kasenengan dene kerep kekumpulan kerep pasamuwan terkadhang nayuban apese kalenengan . . . . . 87.
ana kang remen adu-adu jago, gemak, kecik, kemiri, ana kang remen manuk berkutut, branjangan lan liya-liyane, tegese sugih prabot, kudu kagungan kareta, bendi, jaran titian lan rakitan, wangkingan tumbak, bedhil sapanunggalane. Mulane yen arep suwita priyayi gedhe sangune kudu sarwa mangerti, kayata : ngerti marang kawruh jaran iya iku kudu bisa nunggang jaran, sumurup marang katurangan, kudu ngerti marang gendhing, iya iku bisa nabuh bisa anjoged. Cekake kudu

ngerti apa-apa kang kasebut ing dhuwur mau, mangka iku isih kawruh remeh-remeh kabeh amarga lagi kawruhing punakawan bae durung kena dianggo dadi priyayi kang nyekel papentrahan, kang luwih perlu banget kudu mangerti kasusastra Jawa, malayu, utamane cara walanda.

Yen wis mangerti kabeh lagi katampan suwitan priyayi gedhe".

Anggenipun Ki Sardana carios makaten wau namung supados Jaka Mulyana wegah lajeng kandheg sedyanipun amargi menawi Jaka Mulyana saestu kesah, rumaos badhe kecalan bau ingkang kenging pinitados nanging Jaka Mulyana malah adreng pikajengipun malah bade ngudi kawruh ingkang kacariosaken sadaya wau lajeng mangsuli dhateng Ki Sardhana, tembungipun . . . 88.

Dj.M. "Kyai manawi makaten kula nyuwun pangestu badhe sinau sadaya kawruh kados carios sampean wau, supados lajeng katampen pasuwitan kula".

Ki Sardana ngungun kekajenganipun Jaka Mulyana, teka boten kadheg dipun ajrih-ajrihi, lajeng wicanten :

K.S. "Kowe sida kenceng enggonmu kapingin dari priyayi.

Dj.M. "Inggih".

K.S. "Yen kowe wis ora kena dak handheg, aku iya mung anjurugake bae, muga-muga Gusti Allah anyembadanana kang dadi karepmu".

Dj.M. "Inggih sampun Kyai kula nyuwun pangestu, badhe mangkat benjing-enjing wanci sawung kaluruk, boten ngentosi wungu sampean".

K.S. "Iya, la sing arep kok jujug sapa".

Dj.M. "Inggih dereng kantenan, ngupados seserepan rumiyin".

K.S. "Iya, sesuk nyangoni slamet bae, enya gilo dak sangoni mung saringgit".

Dj.M. "Nuwun".

K.S. "Nanging ya kerepa tilik mrene Mulyana".

Dj.M. "Inggih" . . . . . 89.

K.S. "Wis turua".
Dj.M. "Inggih"

Enjingipun wanci sawung kaluruk Djaka Mulyana tangi lajeng mangkat, boten kantenan ingkang dipun jujug, lepas lampahipun ngantos sadinten muput boten kendel, kajawi namung kendel jajan wonten ing bango-bango, sakedhap lajeng lumampah malih sareng dumugi sacelaking dhusun Kedhung Sri sampun wanci jam 5 sonten Jaka Mulyana badhe kendel ngupados pasipengan, kaleresan kasarengan bas tukang batu mantuk nyambut damel saking pabrik. nama Ki Sela Rekta. Jaka Mulyana lajeng pitaken : "Bapak dhusun ngajeng punika dhusun pundi . . . ?"

K.S.R. "Kuwi jenenge desa Kedhung Sri, le . . ., kowe bocah ngendi . . . . ?

Dj.M. "Kula lare tebih, griya kula ing ngajeng dhusun Karangsana, saking ngriki lampahan sadinten".

K.S.R. "Jenengmu sapa . . . ?"

DJ.M. "Nama kula Mulyana"

K.S.R. "Arep menyang ngendi . . . ?

DJ.M. "Badhe ngupados pangengeran amargi bapa biyung kula sampun pejah sadaya".

Ki Sela Rekta welas ningali dhateng Jaka Mulyana, lajeng matur : "apa kowe gelem melu aku". 90

Dj.M. "Sampeyan priyantun punapa bapak . . . .? nama sampeyan sinten".

Ki Sela Rekta lajeng mrasajakaken nama sarta griyanipun inggih ing dhusun Kedhung Sri wau, sarta awicanten : "Yen kowe gelem melu aku besuk dak wulang, pagaweyan tukang batu, yen kowe bisa pagaweyan tukang batu sanadyan ngenek bae sadino bayarane ora mati nem kethip luwih maneh yen wis bisa dadi bas, kaya aku iki sadina balanjaku karo tengah rupiah, wis luwung kanggo sangu urip.

Jaka Mulyana angengeti cariyosipun Ki Sardana, menawi tiyang

badhe suwita priyantun ageng punika kedah sugih kasagedan, mila inggih badhe purun tumut Ki Sela Rekta, sinau padamelan tukang batu, benjing menawi sampung saged gampil, lajeng wicanten : "Bapak kula inggih purun andherek sampeyan angger sampeyan karsa mulang sayektos".

K.S.R. "Iya dak wulang temenan".

Jaka Mulyana lajeng tumut,, Kacarios Jaka Mulyana anggenipun tumut Ki Sela Rekta laminipun sampun nem wulan, ajar padamelan tukang batu ngiras malebet dados kuli glidhigan dhateng pabrik ..... 91.

Sampun saget angsal bayaran kawan kethip sadinten, sareng andungkap pitung wulan Jaka Mulyana sampun saged dhateng pandamelan tukang batu, malah sampung keconggah dados bas. Jaka Mulyana lajeng kapingin dhateng padamelan tukang kajeng (undhagi). Mila lajeng carios dhateng Ki Sela Rekta,

Tembungipun : "Bapak, angsal berkah sampeyan kula sampun saged dhateng padamelan tukang batu saking piwulang sampeyan, sapunika kula pingin dhateng pandamelan undhagi mila kula nyuwun wulang".

K.S.R. "Aku iya bisa undhagi, nanging kawruhku bab undhagi durung sapiraha, dene yen kowe kapingin bisa marang kawruh undhagi gampang, aku bisa masrahake marang kancaku bas undhagi supaya mulang marang kowe, nanging mungguh panemuku kawruh iku yen diwayuh mesthi salah sawijine kurang sampurna sarta mungguh bab kawruh kriya, salah siji bae kang diantepi, anggere sampurna mesthi wis nguripi; mulane yen kowe anggugu aku kawruh tukang batu iku bae kang kowe wis rada nyandhak sampurnakna, kaya-kaya wis kena ginawe sangu urip".

DJ.M. "Kasinggihan kados cariyos sampeyan punika bapak, nanging saking pikajeng kula sasaged-saged sadaya kawruh kriya ..... 92.

punika kula kepingin ngambah sadaya, menawi sampun sumerep culikanipun sadaya, pundi ingkang kula remeni,

badhe kula sampurnakaken".

K.S.R. "Yen mangkono karepmu iya becik dak pasrahake kakang Guna Wreksa, bas undhagi, melua nyambut gawe kana, patrape iya ngladeni dhisik, kaya nalika kowe ajar tukang batu".

DJ.M. "Inggih, kula andherek karsane sampeyan bapak, dados benjing injing kula anjujug ngelus kidul punika".

K.S.R. "Iya".

Enggalipun Jaka Mulyana sampun kapasrahaken dhateng Ki Guna Wreksa, lajeng nyambut damel dados kuli undhagi, sareng antawis sawulan laminipun Jaka Mulyana anggenipun angladosi Ki Guna Wreksa sampun saged ngukir-ukir, ngelis, tuwin ngancangaken kajeng ingkang kalebet garapan alus, sampun saged sadaya, Jaka Mulyana lajeng medal tumut Ki Sela Rekta malih.

Kacarios Ki Sela Rekta Punika wontenipun ing dhusun Kedhung Sri kalebet sinepuh-sepuh dhateng tiyang sadhusun ngriku, amargi kalebet sugih seserepan piyambak, ... 93. dene seserepanipun bangsa petang-petangan, pasatowan, pawukan, bincilan raja muka, panca suda lan sapanunggilanipun mila saben tangganipun badhe gadhah perlu mantu, netakaken, tuwin badhe alih-alihan, badhe ngedegaken griya sami nedha tulungan mriku, kapurih madosaken dinten ingkang sae, dalasan badhe namaaken lare kemawon, kathah ingkang nedha nama dhateng Ki Sela Rekta. Sarehning jaman samanten gugon Tuhonipun tetiyang dhusun taksih kandel sanget mila punapa sacariosipun Ki Sela Rekta inggih dipun anggep kemawon.

Jaka Mulyana salebetipun wonten ing ngriku sumerep dhateng kagunanipun Ki Sela Rekta, awit kathah tiyang ingkang pitaken petangan kados ingkang kasebut ing nginggil wau. Jaka Mulyana enget bilih gadhah parimbon tilarane sepuhipun isi petang-petangan ingkang piyambakipun dereng pengretos pikajengipun milo parimbon wau lajeng dipun sukakaken Ki Sela Rekta,tembung ipun:"Bapak kula punika gadhah parim-

bon tilaranipun bapak, isi petang-petangan, kula aturi mriksani punapa cocog kalian petangan sampeyan".
Ki Sela Rekta nampeni parimbon lajeng kabikak kawahos sakedhik lajeng wicanten : "Wangune akeh cocoge, coba mengko bengi dak delenge ..... 94.
Sareng dalu lajeng kawaos ngantos dumugi salasilah ingkang murunaken Jaka Mulyana. Ing Nalika punika Ki Sela Rekta ngandika : "Yen mengkono Si Mulyana iku isih turuning priyayi gedhe, bupati. Lajeng gadhah cipta badhe dipun pendhet mantu.

Enjingpun Jaka Mulyana dipun undang, dipun cariosi yen parimbonipun dipun angge, malah pepak isining parimbon punika tinimbang kalian seserepanipun mila Ki Sela Rekta inggih remen sanget dhateng parimbon wau. Sareng Jaka Mulyana dipun cariosi makaten lajeng nedha wulang lampah-lampahing petangan wau, amargi piyambakipun dereng mangretos babar pisan, enggalipun inggih enggal kawulang, boten dangu Jaka Mulyana sampun mangretos sadaya.
Jaka Mulyana lajeng carios dhateng Ki Sela Rekta, Bapak : "Sak maketena tiyang gesang punika boten kenging sembrono manawi boten sumerep dateng petangan tamtu kerep manggih sangsara".

K.S.R. "Yen mirit anane petungan iya mengkono, nanging sumurupa kabeh pitungan mau jenenge ujar panggorohan dadi iya durung kena diugemi, dadi ora perlu anggilut kang luwih perlu iku ..... 95.
anggoleka kapinteran bab panggaotan kaya kang wis kok lakoni, tukang kayu, tukang batu sapanunggalane utawa kawruh dagang ikut becik, dene yen turuning priyayi iya kudu ngudi kawruh kapriyayen amarga panggayuhe kudu dadi priyayi".

Anggenipun Ki Sela Rekta carios manawi darahing priyantun inggih kedah anggayuh kawruh ing priyantun punika boten nedya ngosikaken manahing Jaka Mulyana anggenipun kapingin dados priyantun amargi dereng sumerep sedyanipun Jaka Mul-

yana ingkang paningit nanging nalika punika manahipun Jaka Mulyana kados dipun tantang, lajeng carios dhateng Ki Sela Rekta, tembungipun : "Bapak salugunipun kula punika kapingin dados priyantun mila ing mangke kula nyuwun pamit badhe ngupados pasuwitan priyantun ageng, dene sakathahing pitulung tuwin piwulang sampean ingkang sampun kula tampeni, inggih sakalangkung bingah panuwun kula, saestunipun kula anget, salami kula gesang boten badhe kasupen."

Ki Sela Rekta kaget dene Jaka Mulyana gadhah gegayuhan makaten dangu-dangu enget anggening sampun maos salawilahipun lajeng ngumandika, enggone Jaka Mulyana duwe panggayuh dadi priyayi ..... 96.
iku, bok menawa ngelingi yen isih turuning bupati, kaya kang kasebut ing salasilahe, Lejeng wicanten : "Mulyana, enggomu duwe Panggayuh bisaha dadi priyayi iku aku ora mahoni, awit mirit salasilahmu kowe isih terahing bupati, nanging wong dadi priyayi iku angel kudu sugih kapinteran, kudu mangerti marang kasusastran lan kudu magang, sanadyan pintera yen ora nganggo labet magang iya ora dadi, mangka kowe durung paja-paja sumurup marang kawruhing priyayi, saka panemuku tangeh kalakana. Yen saka rembugku kowe anaha ing kene bae, temenana enggonmu nyambut gawe dadi tukang batu, kok manawa ora suwe kowe bisa dadi bas oleh balanja karo tengah sadina, dadi sasasi patang puluh lima rupiah, wis urup".

Anggenipun Ki Sela Rekta makaten punika dening badhe kapendhet mantu wau kalih dene malih sareng sumerep pancen dede lare sabarangan, anggenipun badhe mendhet mantu saya mempeng.

DJ.M. "Bapak inggih sanget panuwun kula, pangandika sampean wau nanging pikajeng kula kenceng, badhe ngupados margi satedipun kadumugen sedya kula, mila kula saistu nyuwun pamit badhe mangkat sacunika

. . . . . 97.
ngupadhos pasuwitan".

K.S.R. "Ki Sela Rekta judheg wekasan mupus bokmenawi pancen dede jodhone anakipun, lajeng wicanten : "Mulyana yen pikarepmu kenceng ora kena dak andheg, ora liwat aku mung anjurungake bae, muga Gusti Allah anginabahi, katekana apa kang dadi sedyamu."

Jaka Mulyana pamit lajeng mangkat wanci jam 8 enjing, Jaka Mulyana lajeng lumampah mangilen, boten kantenan ingkang dipun jujug. Sareng wanci jam 10 wetengipun kerahos luwe. Lajeng malebet dhateng bango badhe jajan, selebetipun wonten ing bango Jaka Mulyana sumerep wonten taledhek barangan saweg dandan, wiyaganipun saweg wedangan, wonten ingkang saweg nyeret, Jaka Mulyana anggagas. Ayake taledhek iki bengine nginep ana ing kene saiki arep mangkat ambarang. Jaka Mulyana enget cariosipun Ki Sardana, manawi tiyang badhe suwita priyantun ageng punika kedah mangretos dhateng gendhing, Jaka Mulyana lajeng gadhah cipta badhe tumut taledhek wau, supados saged nabuh. Jaka Mulyana sasampunipun sarapan tuwin ngombe wedang lajeng nyelaki Ki Yaga ingkang saweg saretan . . . . . 98.
sarta apitaken.

Tembungipun : "Bapak sampeyan punika pundi sarta nama sampeyan sinten".

Ingkang dipun pitakeni mangsuli : "Omahku ing Giri raya, jenengku benere Suba Kastawa nanging karan anak pak Teplek dene masajenge kuwi jenenge sing temenan Saruni amarga lantap dhemen nasotake dadi tegese saruni mau : unine saru, nanging karan anak biyung godril".

Ger Sadaya sami gumujeng, pak teplek lajeng dipun gablogi dhateng pun saruni, kalayan wicanten : "Kula boten lantap dhing . . . dhi . . . inggih bener jeneng kula Sruni, nanging boten dhemen nosotake lan boten nganggo karan anak barang, kaya

kandhane pan genjelong niku, awit kula dereng duwe anak "

P.T. "O . . . iya durung manak dhing le . . . . isih prawan sunthi" (ger ingkang mireng gumujeng sadaya).

DJ.M. "Bidhalipun saking Giri Raya sampun pinten dinten pak . . . . ?.

P.T. "Wis lima dina".

DJ.M. "Adatipun manawi ambarang punika ngantos pinten dinten . . . .?".

P.T. "Iya saolehe dhuwit, terkadhang sapuluh dina mulih, terkadhang iya . . . . . 99.
nganti limabelas dina, la kowe ngendi le . . . . . ?".

DJ.M. "Kula lare Karangsana, panggenipun bekel Karangnangka, bapa biyung kula sampun sami ajal, boten gadhah sadherek ingkang tunggal bapa biyung".

P.T. "Dadi kowe kuwi wis lola lali".

DJ.M. "Inggih".

P.T. "Saiki kowe arep menyang ngendi . . . .?".

DJ.M. "Badhe ngupados pangengeran, amargi kula sampun medal boten keraos wonten Karangsana".

Ningali Jaka Mulyana radi resep semu welas amargi warninipun sai wicantenipun pratitis, lajeng wicanten : "Apa kowe gelem melu aku yen wis tekan ngomah dak ngengerake lurahku, amarga lurahku kuwi yen ana bocah kaya kowe kuwi dhemen banget".

DJ.M. "Lurah sampeyan punika sinten, priyantun punapa ...?".

P.T. "Lurahku iku dudu priyayi, mung lurah taledhek bae jenenge Ki Tarulata, nanging sugih, duwe gamelan, duwe wayang lulang, duwe wayang uwong, taledheke akeh, besuk yen kowe melu kana didadekake wayang uwong, kapenak gaweyane mung dandan karo anjoged . . . . . 100.
plesir menyang ngendi-endi, menyang Semarang, Surabaya, Bandung wah seneng le . . . .".

Jaka Mulyana sadangunipun dipun cariosi Pak Teplek dipun gagas ngengeti cariosipun Ki Sardana manawi tiyang badhe

suwita priyantun ageng kedah saged gendhing, dados tuwuhing cipta badhe purun dipun ngengeraken Ki Tarutala, sedyanipun inggih sumerep-sumerep sinau gendhing kalian joged, wusana inggih lajeng purun kahajak niyaga wau, lajeng wicanten, tembungipun : "Bapak inggih purun kula tumut sampeyan, lajeng ngenger Ki Tarutala. Mantuk sampeyan benjing punapa . . . .?.

P.T. : "Ulihku durung karuwan awit durung oleh dhuwit, yen kowe pancen gelem wiwit saiki banjur melua aku pisan".

DJ.M. : "Inggih, sampun kula tumut sapunika pak".

P.T. : "Iya".

Sesampunipun taledhek rampung anggenipun dandan lajeng ambayari anggenipun sami jajan sarta lajeng bidhal ambarang sadaya dados tiyang pitu, kalebet Jaka Mulyana. Jaka Mulyana kapurih nyangking buntelan kaliyan payung montha, salebetipun lumampah menawi tiyang ingkang mikul ongkek senggani sayah Jaka Mulyana nggih kapurih anggentosi mikul ongkek, Jaka Mulyana boten suwala nglampahi mikul ongkek . . . . . 101 manawi kininten Jaka Mulyana sampun sayah inggih lajeng kadentosan malih, makaten sadangunipun lelampah ambarang. Sareng Pak Teplek sakancanipun anggening ambarang laminipun sampun angsal satengah wulan, lajeng mantuk dhateng ing Giriraya. Sadhatengipun ing griya, angsal angsalaning arta anggenipun ambarang. Satirahipun ingkang dipun tedha lajeng katampekaken dhateng lurahipun Nyai Tarulata. Sasampunipun dipun tampeni pak teplek lajeng carios bilih piyambakipun dipun tumuti lare jaler nama Mulyana, sumediya badhe ngenger Nyai Tarulata. Nyai Tarulata sareng ningali wujudipun Jaka Mulyana remen dene warninipun sae tuka tingal wanthen lajeng wicanten: "Majuwa mrene le, dak takoni kowe anake sapa . . . . ?

DJ. M. "Kula anakipun bekel Karangsana, nanging bapa biyung kula sampun ajal sadaya".

Ny. T. "Iya, becik kowe melua aku ajara nabuh, besuk dak ajar

dadi wayang uwong. Bocah niku besuk dadi Baladewa pantes inggih pak" (dhateng semahipun Ki Tarulata).

Ki T. "Iya bener kowe, pawakane gagah sembadha".

Pak Teplek nyambeti: "napa malih yen empun onten ngriku setengah tahun mawon mesthi pecah pamore saya bregas 102

Ny. T. "Iya bener kowe plek, wis ta le Mulyana ngasowa kana, sesuk-sesuk ajar nabuh, angger dhemen lan niteni suwe-suwe rak bisa dhewe."

Jaka Mulyana lajeng ngaso kempal lare-lare ingkang sami ajar wayang tiyang.

Kacarios Jaka Mulyana salebetipun wonten ing ngriku rinten dalu boten kendhat anggenipun ajar nabuh sarta ajar anjoged wayang tiyang, sareng sampun angsal satahun Jaka Mulyana sampun saged sadaya, Kare menanipun manawi nabuh anggender tuwin nyalempung, menawi dados wayang dados Baladewa. Wayangipun Ki Tarulata radi kondhang mila kerep dipun tanggap dhateng manca nagari, Jaka Mulyana boten kantun, Jaka Mulyana wujudipun dhasar bregas kasembuh dados Wayang Tiyang, saya wewah prigel, wewah bagus mila sadangunipun dados wayang tiyang, kerep dipun bedani ing tiyang estri, nanging Jaka Mulyana budinipun sentosa boten keguh ing rencana. Sareng watawis satahun Jaka Mulyana enget sedyanipun anggenipun badhe ngupados margi sagedipun suwita priyantun ageng, kalayan sampun sangu kawruh 103

Jaka Mulyana lajeng pamitan Ki Taru Lata, sangadi badhe tuwi pamitranipun dhateng dhusun namung sakedhap lajeng wangsul. Ki Taru lata anglilani lajeng mangkat, sedyanipun badhe dateng nagari Madyapura, bok manawi saged angsal pasuwitan wonten ing ngriku. Boten kacarios lampahipun amargi dumugi madyapura wanci jam 6 sonten pinuju grimis lajeng ngeyup wonten ing regol, boten dangu ingkang gadhah griya dhateng, numpak kapal saking tugas, dumugi ngajeng regol mandheg lajeng pitaken dhateng Jaka Mulyana tembungipun:

"Kowe bocah ngendi le ..... ?

Jaka Mulyana mangsuli: "Kula lare tebih, badhe ngupados pasipengan", Ingkang pitaken lajeng malebet ing palataran kalayan wicanten : "Coba malebuwa mrene dak takoni. Jaka Mulyana inggih lajeng malebet ing palataran, lajeng lenggah sila ngajengaken pandhapa, amargi saking pangintenipun Jaka Mulyana ingkang gadhah griya punika priyantun amargi wujudipun inggih mriyantun, kapalipun ageng, griyanipun sae. Ingkang gadhah griya lajeng nglebetaken kapalipun ing gedhogan, sasampunipun lajeng malebet ing pandhapa sarta ngundhang dateng Jaka Mulyana, tembungipun: "Mrenea le, malebua pandhapa kene".

Dj. M. "Inggih" 104
"Aja andadak mundhuk-mundhuk kaya enggon priyayi".

Djaka Mulyana lajeng linggih sila, lajeng dipun pitakeni "Kowe bocah ngendi . . . . . ?
Djaka Mulyana lajeng mrasajakaken nama tuwin pinangkanipun kalayan patrap dekung anoraga.
Ingkang gadhah griya sumerep tandang tandukipun Jaka Mulyana remen amargi Sarwa ngresepaken sarwa parigel tuwin pratitis lajeng wicanten:

> "Aja banget-banget enggonmu matrapake tatakrama, aku dudu priyayi, aku iki mung panegar bae, janengku Lebda Turangga, enggonmu teka kene dhek kapan . . . . . ? lan arep menyang eng gone sapa . . . . . ?

Dj. M.: "Anggen kula dhateng ing Madyapura ngriki inggih saweg sonten punika wau sarta boten kantenan ingkang kula jujug aten punika wau sarta boten kantenan ingkang kula jujug amargi sedya kula badhe ngupados pasuwitan".

L.T.: "Yen kowe gelem meluwa aku bae, dak wulang nunggang jaran, wandamu bagus yen bisa nunggang jaran saya bregas, besuk yen wis dadi panegar kaya aku iki rak mayar, saben dina nunggang jaran tur oleh dhuwit".

Jaka Mulyana enget cariosipun Ki Sardana, menawi tiyang badhe suwita priyantun ageng punika utaminipun kedah mangertos dhateng kawruh kapal, numpak utawi katurangganipun 105
Mila Jaka Mulyana inggih lajeng purun ngenger Mas Lebda Turangga, sumerep-sumerep sinau bab kawruh kapal, enggalipun Jaka Mulyana lajeng ngenger Mas Lebda Turangga.

Kacarios sadangunipun Jaka Mulyana tumut Mas Lebda Turangga, saben dinten kahajak tegar, kawulang patrap tuwin pangrehipun, watawis nem wulan laminipun, Jaka Mulyana sampun ragi saged numpak kapal sarta kendel. Ing Wanci dalu mas Lebda Turangga lenggahan kaliyan Jaka Mulyana, rahosan bab kapal utawi bab sanesipun lajeng wangsul malih bab numpak kapal, Lebda Turangga wicanten: "Mulyana pacakmu nunggang jaran wis becik nanging durung weruh empaning talenan iya besuk tak wulang kabeh, saiki perlu ngapalna katuranggan lan jamu-jamune, yen wis radi niteni dak wulang ngelmuning panegar".

Dj. M. : "Katuranggan punika punapa ..... ?

L.T. : "Katuranggan mono candraning jaran lan ciri-ciri-ning, kabeh mau ingaranan Raja nari, yen wis apal candraning jaran banjur bisa milih kang ala lan kang becik lan kabeh mau wis 106
dipathok ana ing layang, iya jeneng layang katuranggan, iki layange apalna".

Jaka Mulyana nampeni serat lajeng kawaos.

L.T. : "Wis kuwi apalna dhisik".

Dj.M. : "Inggih".

Sanes dinten Jaka Mulyana dipun pitakeni Lebda Turangga, tembungipun "Mulyana, wis ana kang apal enggonmu ngunekake katuranggan".

Dj.M. "Inggih sakedhik-sakedhik".

L.T. "Ciri ondho mustaka iku kepriye ..... ?

Dj.M. "Ciri Ondho Mustaka punika menawi wonten kapal: unyeng-unyeng ipun wonten suku ngajeng sanging-giling dhengkul, watekipun awon asring andhawahaken ngidak sirahipun ingkang numpaki, menawi kabekta prang manggih tiwas".

L.T. "Iya bener, ciri amangkurat iku kepriye . . . . . ?

Dj.M. "Ciri Amangkurat punika kapal unyeng-unyenganipun wonten ing uwang terus ing purus, punika sae sanget, ingkang ngingah kedah Senapati".

L.T. "Iya bener, ciri Arcuturang iku kepriye . . . . . ?

Dj. M. "Ciri Arcuturang punika menawi kapal ules dhawuk, ciri mungser tengahing weteng watekipun awon, ingkang ngingah wiwitanipun luhur, wekasan ashor sarta nandhang kamlaratan 107

L.T. "Iya bener, apalan kowe Mulyana".

Dj.M. "Dereng apal sadaya".

L.T. "Apalna kabeh".

Dj.M. "Inggih".

L.T. "Nanging pamilihing jaran iku, yen candrane wis ketemu becik, mung patang prakara, iya iku: lambe,
tracak, dhadha, bokong,

1. Lambe kang entheng.
2. Tracak kang nanjung kuwung, ambathok mangkurep.
3. Dhadha kang jembar, kang manyul.
4. Bokong kang nangka satugel, menawa wis kecekel patang prakara iku adat kuwat sarta trampil sikile, nurutan, pangrehe gampang".

Dj.M. "Inggih, kados inggih sampun kasebut wonten katuranggan".

L.T. "Dene patrape wong nunggang jaran amurih ora gawe aboting lambe iku mangkene: pupu mipit, dhengkul lekuk, dalamakan sumeleh, pacekele apus kang kapara

kendho bae, sarta kudu kerep ngimpu, aja dhemen nyeneng, pakalihe jaran bisa nglepeh, ... 108 apa dene kudu nganggo ambek telung prakara, iya iku: Sura, rekasa, sambeguna".

Sura : tegese wani, atine kang teteg, kang ayem.

Rekasa : tegese kangelan iya iku yen digawa lakuning jaran kang lagi wayahe kurang kapenak amarga kudu dietutake bae.

Sambegana : tegese, elingan, iya iku kudu eling lan tanggap marang kareping jaran, kayata: yen kudu angimpu iya banjur kaimpua, didhedhet sarta dihingsad-ingsed.

Dene lungguhing wong nunggang jaran iku: ana limang warna, Siji ingaran: lenggah kaprabon, loro: Kasatriyan, telu: Wadana, papat: Kaliwon, lima: Pangonten, iku patrape beda-beda. Dene katrangane tatali utawa pangreh iku ana pitung warna.

1. Obahing kendhali kang saka apus.
2. Andhedhet ngiwa utawa nengen.
3. Anggebrag lan andhedhet barang.
4. Bokong angised ngised.
5. Angempit 109
6. Angawet.
7. Anggitik.

Dene katrangan wijanging tatali iku ana rolas warna:

1. Ingaran: tali ngarep iku pangosike mung saka apus.
2. Ingaran: tali tengah iku pangosike saka bokong kahingsad-ingsed.
3. Ingaran: tali pada iku pangosike andhedhet utawa anggebrag.
4. Ingaran: tali buri iku pangosike cemethi katempelake utawa katutulake.
5. Ingaran: tali siji kang nyekel apus mung tangan siji.
6. Ingaran: tali loro iku tangan kiwa iku nyekel apus

kiwa, tangan tengen nyekel apus tengen.

7. Ingaran: tali nenem iku tangan kiwa nyekel apus kiwa, tangan tengen nyekel apus tengen, andhedhet kiwa tengen kapepedake, bokong kahingsad-ingsed, cemethi katempelake.

8. Ingaran: tali Puspa iku tangan tengen nyekel apus tengen katumpangake pupu tengen, tangan kiwa nyekel apus kiwa digantung.

9. Ingaran: tali Manyura kang nyekel apus tangan kiwa . . . . . 110 digantung sipat dhadha, tangan tengen nyekel apus tumumpang cethik semu malang kerik.

10. Ingaran: tali panjen apuse mung dibundhelake bae, tangan kiwa tumumpang pupu kiwa, tangan tengen tumumpang pupu tengen, bokong diingsad-ingsedake.

11. Ingaran: tali Gatra kang nyekel apus mung tangan kiwa, patrape enggone nunggang angemplak.

12. Ingaran: tali tambang tangan kiwa nyekel apus kiwa, tangan tengen nyekel apus tengen, patrape yen ana pakewuhe lambe kiwa kaimpu manengen yen ana pakewuhe lambe tengen kaimpu mangiwa.

Mungguh tatali kabeh mau tumanduk lan patrape tariktinarik karo lambe atining jaran mulane kudu eling lan niteni obah osiking jaran. Dene wiwite angereh jaran, wiwit belo ngati dadine iku dawa banget nanging kabeh mau wis dipacak ana ing layang, ingaran layang raja nari, iki layange apalna".

Serat lajeng dipun tampeni dhateng Jaka Mulyana badhe kahapalaken. Sareng watawis sampun sadasa dinten Jaka Mulyana dipun pitakeni Lebda Turangga, tembungipun "Raja nari wis

apal Mulyana kowe . . . . . ? 111

Dj.M. "Sampun".

L.T. "Apa iya ta".

Dj.M. "Inggih sampun apal sayektos, dalah ingkang dipun sekaraken inggih sampun apal nanging boten mangretos tegesipun amargi tembungipun meh kawi sadaya".

L.T. "Apa iya ta . . . . . kang ditembangake kowe wis apal?"

Dj.M. "Inggih, sampun apal sayektos".

L.T. "Hara Coba munia". (ura-ura).

Dj.M. "Inggih,

- Turangga musna ratuning bumi (= 1607), sang kala anurat katuranggan paksi srengkara tembange, myang sing sapa sedya yun, kawisayan ing aswa tali, kang rumiyin daduga, wataraning samu, prayoga anrus grahita, trah sang cipta duking tyas tanajeng ririh, tan wit prayembek santa.
- Myang ing anitih aswa wit lungit, dipun minangka dhasar, inggih salah ayun tate, snening smeta geng kajum, dena riring anjaring weri, ayun tata padaya, daya dina yeng smu, smitar jalu mreng wardaya, wedharing pudya metu ing ing soleh ragi, raga mati tip karsa.
- Weneh wehing amedhar aswalir, amurwaka gya yun tan ngupaya linali-lali ing smune, salah raga den nenjuh, linuting wacana 112
  nrang gendhis, lale beg manu bawa, pariring den arum, yen wis matra atreh smita, parenging trap laksana den amatitis, linagalangeng.
- Lawan ta ayun wruhing patitis, lair angungkih rasa wadi pindha sekar wali madyaning we, ganda memakswa kuncup, Si nranging sad padandan rasmi, lali aran jajah smara, ning lawan mamrih rum, we-

dharing sari mrik suman, pareng panggyat ning kapti
ngingsep marengih, jenak kangus weng layam.

– Sampun pegat pangulahing gati
lumreng smita amrih lam-lam marsa
saham nengrane smuname
mapan na lungiting hru
Kadya nawung pamucuking ri
dining nga candhuk tiksna
Tasa kang sampun wruh
Yan ngagem kagem kang astra
biseng rasa sinreng gelem esmu wingit
masang lega kena tyas.

– Solenga swa yun kajuming ngati
dipun mawa sampun beborongan
aruntut pepatutane
lir gamelan yan saru
wus samawat munia rasmi
pindha patut kunthara
sreng tinabuh kidung
pan yakti mangsa kenaha
yen nyugas ngatuting tembang ra swa pati
uninya nut wi sraya.

– Inga mrih prana dipun na ramping
den kadya metmi neng patunjungan
amrih kenane ninane
tunjung den maksih alun
weden lananing mala hening
yen malih tan tulusa
mangka natan antuk
mulus pa matehing guna
karaning ngaswa keh karasa rinihin 113
wis tegar cipta purna.

– Lawan dipun wruha wataraning
haswa ngalawayah tumaruna
Iwir wowohan samepane

mentah nyadham tandalu
was kithanen haywa kasilip
yen mentah sinreng gina
akedah ingimbu
nadyan matenga karingga
tuna rasa sura sadalu pribadi
atrah gonda sung ringang

– Upamane ngahulah aswati
pan kadyangganing acacang kriman
lan bisuyum mrih karempe
Cupąna ing smumpun
Yan kacupan tan walang ngati
dadi kaji wandana
tanpa trebe kayun
Si sakarsa sidanyana
hingan yan kirang tanggap kang aningali
lamun tuna sasmita.

– Ingama wang swadipuna titih
nora beda lan ama wang bala
dhendha kramanen polahe
yan anggepak tan kahyan
papalana den sonta budi
tumpanga nambek radya
wruhena ing semu
yan smu wruhing nayeng gita
yogya pinali krama dinaning sih
rinengen-rengeng rena.

– Dipun was kitha ring trip ning tali
wah hya kawarnaha tri prakara
kajog mung suda prayane
lan agya na manda wruh
Kajag tali haptya medhesi
Kang suda prayeng tambang
pangamering semu
wredi tan lya gya na mandha

siningsip ta misesa nuke smang geseng ming
haswa temah satmata.

– Kinerta basaning kawi tali
pancakara wasta papandhawan
Sung sri darma wong sagene
bi maryuna ing semu
myang neng kula lawan sang ari
yogya yan waskithaha
prakaraning wuwus
marma marteng sileng nala
wrekodara cemethyarjuna kandhali
sangari karweng tatab. 114

– lan dipun wruhing dyat mikeng tali
pun dahat asungan jaring watang
arung sitan kena pinet
den waspa deng smunipun
haywa kemper kang ngaran tali
apus lawe kadhalya
wesi ingkang ampuh
anging si malih tanika
kang angenjuhaken kang ngaran matali
sasmitaning grahita.

– pet samya yun mrih renyepe malih
tegese sasmita kang amawa
srengkeng den lan sasmitane
datan nantar nempuh
sasmitane winaweng rasmi
pindha ngongotyar sama
mrih samyembatipun
dadya tanana ngawara
yaktingaran tatali adi karati
kadha lyengku werdaya.

– Lamuna rasa sampun kapusthi
ing werdaya tanan dri ganca
satmata nunggal prayane

tiningalana pathut
lan solah kang amurweng rasmi
tegese nganut bisa
wisayaranipun
tegese tektining basa
sing turangga nyanyenyeh tur nora wanci
tan sawala nut karsa.

– Paman kecaping wisa sayeng nguni
tingkahing ngamawa haswa siksa
madhep apadhang karsane
tiningalana patut
myang sasolah kang anitihi
dening sampun waskitha
babak sengkanipun
yen tan wruh ing babak sengkan
yakti tan wruh ing raga ecaning tali
tur nora biseng haywa 115

– Yadyan bisa awerding wangsit
yen tan wruha raganing prayoga
ing lekas lan wekasane
ning dan panegaripun
sampun kathah praya ngri wengi
pangolah ayun tunggal
panunggaling kayun
yen wus rapih sarwa bisa
anuting karsa nyatan sayeng kapti
saka yun tareh kena.

– Lawan ta ayun uninga ing wit
karaning haswa kathah kawasa
dene wus rapih anggane
yen tan wruh ing trapipun
yakti tan wruh ecaning tali
mangsan taraha risak
tatambange saru
awuwuh ilang kang tegar

yen wus enjuh gampil tumpangen neng ngarsi
tutute datan owah.

– Dene nganggene sampun angrapih
tatambang matya datan kaningan
buwang tali sadawane
datan nana pakewuh
myang sawancining aswa ugi
Kena uga jinampyan
akathah kang mantun
pamantananan ing warah
tana neng tambang tuwin tananeng tali
punika yan grahita

– Pirantiraning amurwa talwir
pan sasat reke ya tumpang nala
kasilep wresah den penek
kalinggihan nora wruh
wus den agem teka ngulati
kapapag tan den sapa
smune tan wrintuduh
mapan rasa kang karasa
ing sarira saweneh kang wong ywan tan wrin
rasa pan tana ngrasa

– Haywa dhepan sawerdining kawi
mapan ewah traping haswayuda
lepit-lepit sasmitane
agampang yen winuwus
ing laksana kawran tansipi 116
tansah asasali ban
tan sambadeng kayun
anging ajeng landheping tyas
Winateking smu smita tansaya dadi
satata tatengulat.

– Suka senggenen apak sakawi
dene atutur sabda lengkara
kang anurat bisikane

waladana ing utus
anuruta denira sang sri
prabu amangku jagad
telasing ambangun
sapta langit obah janma
ing sangkala sasi rajab dina kemis
tangga nawa tahun dal.

L.T. "We . . . . . iya wis apal temenan kowe, pancen lantip".

Dj.M. "Inggih, makatena tiyang boten mangretos kajengipun".

L.T. "Iya yen wong saiki arang kang mangerti tembung kawi, mulane yen karangan tembung saiki iya arang kang ganggo tembung kawi, dene katuranggan kang ko waca iku karangan jaman Kartasura, titi mangsane kasebut ing pada lingsa purwaka lan kang kasebut ing pada wekasan, iya iku kang muni: Turangga musna reptuning bumi, lan kang muni: Sapta langit obah janma, ingaran Candra sengkala utawa sangkalan mirit wateking siji-sijining kahanan iya iku:

Turangga	:	Japan	watak 7	
musna	:	hilang	watak 0	
retu	:	obah	watak 6	117
bumi	:		watak 1	

dadi tahun 1607

Dene kang muni: Sapta langit obah janma, katrangane mangkene:

Sapta	:	pitu	iya = 7
langit	:	suwung	iya = 0
obah	:	watak	iya = 6
janma	:		iya = 1

iya uga tahun 1607, mangka saiki tahun 1820, dadi lawase enggone nganggit ing saprene wis 213 (1) mulane iya arang kang mangerti, kajaba para propesor bangsa Eropah ewadene yan mung karepe bae aku sathithik iya rada nyandhak yen anjarwani satembung-satembung

aku ora bisa. Dene karepe mengkene:

Wong ngerah belo iku kudu kang tlaten, kang sareh, kang sabar, kang taberi, nganti diupamakake kaya wong manah pucuking eri kaya kombang nginesep sari, kaya wong apek iwak ing kedhung, kaya sunya anjaring watang, sapanunggalane upama ..... 118 upama mau, karepe mung kudu talaten lan dhadhasar kendel. Sarta teteg yen dilakoni mengkono suwe-suwe nganti weruh wateking jaran, jarane uga weruh wateke kang nunggang yen wis padha weruh wineruhan sanandyan panunggange yan pa apus wis bisa ngereh, sarana obahing sikil lan ingsat ingseting bokong bae, jarane wis mangerti, banjur nyirig utawa mandhapan.

Dumuginipun tahun 1843 punika, umuripun serat punika sampun 236 tahun.

Dj.M. "Kapalipun teka inggih lajeng amangretos."

L T "Iya kabeh mau saka pengajaran, sarehning sing diajar kewan dadi pangajare iya kudu talaten, sareh, sarta sabar.

Jaka Mulyana sampun tampi sadaya piwulangipun Lebda Turangga, Jaka Mulyana lajeng pitaken bab sangkalan, tembungipun: "Bapak, dados kahanan punika wonten watekipun sadaya".

L.T. "Iya, dene watek mau kapirid saka wujude, dayane, rasane, gawene, kaya upamane jagad, srengenge, rembulan, manungsa padha watak: siji, bok manawa saka kahanane, nanging aku ora apal kabeh. Dene wateke siji-sijining kahanan mau wis kasebut ing layang Candra sangkala, iya sankuna, nganggo tembang ..... 119 gedhe, kusuma wicitra, iki layange, yen kowe dhemen apalna".

Serat lajeng dipun tampani dhateng Jaka Mulyana, sumedya badhe dipun apalaken.

Kacarios sadangunipun Jaka Mulyana tumut panggar, Mas Lebda Turonggo dipun tresnani sanget amargi saking lantip,

akas dhangan, boten wegahan, boten wonten padamelan ingkang dipun tampik, kasar alus dipun sangkul, sadaya, sarta manahipun temen, mungkul patrap kendel, mila Mas Lebda Turangga kasok sihipun kados dhateng anakipun piyambak, saben dinten tansah dipun wulang patrap pangrehing numpak kapal tuwin punapa kawruhing panegar, sampun kawulangaken sadaya. Dumugi satahun anggenipun Jaka Mulyana tumut Mas Lebda Turangga, Jaka Mulyana sampun saged dados panegar punapa dene sadangunipun tumut Lebda Turangga, saben dinten sinau seratan walandi sarta tembung malayu tuwin petang sawatawis, ingkang mulang guru bantu tangganipun Lebda Turangga. Dangu-dangu Jaka Mulyana sampun saged ngungelaken seratan walandi, tembung malayu tuwin petang sawatawis. Dhasar Lebda Turangga inggih mardi sanget dhateng Jaka Mulyana, piwulangipun dhateng patrap, dhateng tata krama sampun kados priyantun amargi Lebda Turangga .. 120 Wau inggih taksih darahing priyantun, mila sanadyan dados tiyang mardika, nanging tata cara tuwin anggenipun gigriya taksih kados priyantun, wah ragi cekap amargi kajawi anggenipun dados panegar laris saged ngupados arta, nyambi dados anemer banon, gamping sapanunggalanipun, wah ingkang istri inggih anggahota nglorod mila Jaka Mulyana kawruhipun sangsaya mindhak kathah, sumerep pratikelipun tiyang ngupados tedha punapa dene pratikelipun nyambut damel niyogo, nglorod, Jaka Mulyana sampun mangretos sadaya.

Ing satunggaling dinten Jaka Mulyana enget dhateng gegayuhanipun anggening kapingin dados priyantun sangsaya sanget, ananging kaweten kados pundi jalarane sagedipun tumempel dhateng priyantun ageng, wusana pepuntanipun kedah badhe prasaja dhateng Lebda Turangga, bok menawi saged ngupados aken margi. Sareng wanci jam 7 sonten Lebda Turangga pinuju lenggah ijen wonten ing pandhapa, Jaka Mulyana lajeng nyelak tumut linggih nanging ragi keparing tebih. Jaka Mulyana lajeng dipun pitakeni: "Mulyana, jarane lurah gendhon kae kepriye apa isih kena didandani".

Dj.M. "Kados taksih amargi taksih enem namung mrayangipun sanget 121

L.T. "Iya la wong ya wong desa, jaran belo durung mangsane banjur dirangah mung dikendaleni bae, dadi lambene rusak sesuk yen diterake mrene tunggangana, nanging kendhaline blebedan lulup dhisik erine ketakna sathithik bae, anggere wis rada keri sathithik cukup, samana iku aja kerep kokpathet leganana bae, lambene ben pulih dhisik. Sanggupe lurah genthan , anggere wis mari mrayang sarta ora anjengat arep aweh limalas rupiah".

Dj.M. "Inggih mantun punapa malih kados sadasa dinten kemawon sampun saget pulih".

Jaka Mulyana lajeng nyelak sarta wicanten, tembungipun: "Bapak kula bade matur: sampun dados galih sampean".

L.T. "Arep kandha apa le . . . . . ?"

Dj.M. "Inggih waleh-waleh punapa bapak, sayektosipun kula punika gadhah pangancas kapingin suwita priyantun amargi esthining manah inggih kapingin dados priyantun Mas Lebda Turangga kaget sarta wicanton, e . . . . kowe kapingin dadi priyayi Mulyana".

Dj. M. "Inggih" 122

L.T. "Wong dadi priyayi kudu mangerti kasusastran Jawa melayu, tulisane kudu becik sarta kudu magang mangka kowe lagi mangerti aksara Jawa, wah tulisanmu Jawa walanda durung becik, kapriye".

Dj.M. "Mila inggih badhe suwita priyantun kemawon rumiyin, sadangunipun suwita kalayan sinau nyerat jawi walandi, dangu-dangu rak inggih saged anggeripun sampun saged suwita priyantun".

L.T. "Iya enggene suwita mengkono gampang, aku iya bisa nempel-nempelake priyayi, amarga aku sugih sanakan pamitran priyayi, mung aku gumun tekadmu, kok dadi kowe duwe kapingin marang kapriyayen apa kowe isih duwe aluran darah priyayi".

Dj.M. "Tebih-tebih inggih taksih gadhah".

L.T. "Alurane kepriye mara caritakna"

Dj.M. "Inggih, bapak prayogi mriksani salasilah kemawon punika bukunipun, salasilah tilaranipun tiyang sepuh kula".

Jaka Mulyana taksih kaleres canggah bupati, dados dede lare sembarangan layak gadhah apanggayuh cipta makaten, mila sanalika Lebda Turangga gadhah cipta gegayuhanipun Jaka Mulyana badhe dipun biyantu. Jaka Mulyana badhe dipun pasrahaken dhateng sedherekipun ipe nak sanak ingkang dados mantri kabupaten ing kitha kabupaten ngriku nama Mascipta. Buku lajeng dipun tampakaken dhateng Mas Lebda Turangga sarta lajeng kawaos, sarampungipun pamaosing batos Ragi gawok, jebul 123

Legawa, sasampunipun ngrarantam lajeng wicanten, tembungipun:

"Mulyana aku ora ngira pisan-pisan yen kowe isih turune wong gedhe dadi enggonmu duwe pangancas mau ora elak, aku iya bungah banget sarta karepmu mau bakal dak biyantu mung yen galap gangsulku sasuwemu melu aku aja dadi atimu sarta wiwit dina iki kowe tetepa dadi anakku lanang, dhasar aku iya ora duwe anak lanang, adhimu telu wadon kabeh dadi kowe tetep dadia sadulur tua".

Dj.M. "Kula pundhi sanget pangandikanipun bapak dhateng kula, kula semanten ugi, bapak sakalian pun embok tetepa dados tiyang asepuh kula, pitulung tuwin piwulangipun bapak ingkang sampun kula tampeni, kula badhe boten kasupen, kula enget-enget ing salaminipun gesang. Ing mangke sampun katanggelan panyandikanipun bapak kapareng badhe nempel-nempelaken priyantun wau 124

kula aturi anggalih tumunten ing pundi pitedahipun bapak badhe kula lampahi tumemen.

L.T. "Yen wis kenceng kang dadi karepmu, aja sumelang mesthi dak pikir kalawan weningi panemu, saiki sarehna dhisik liya dina dirembug sedheng dak golek sawangan kang sakira kena kokayomi, lan kang bisa mitulungi kaya kang dadi sedyamu".

Dj.M. "Inggih sumonggo".

Kacarios satunggiling dinten watawis let sadasa dinten Jaka Mulyana notole manahipun lajeng nerangaken dhateng Mas Lebda Turangga, tembungipun: Bapak kados pundi dhawuh sampeyan punika, menapa sampun angsal sawangan priyantun ingkang kinging kula suwitani, menawi dereng angsal kula nyuwun pamit badhe ngupados pasuwitan piyambak".

L.T. "Mengko ta dhisik aja kesusu, kang sabar sabarang sedya iku yen kesusu ora becik satemene iya wis oleh sawangan malah sanakku dhewe iya iku priyayi mantri kabupaten Madyapura kene, jenenge Mas Cipta Legawa iku bojone bak ayuku nak sanak dadi Mas Cipta Legawa mau kapernah ipeku nak sanakkan. Kang wis dak sumurupi pambekane becik banget sabar serta ..... 125 welasan marang sapadha-padha, dadi pangaleman nanging lagi dak pikir kepriye tembunge enggonku bakal masrahake kowe supaya bisane katampan kang kalawan banjur gelem mikir temenan aja dicara panakawan, Wiwit dhek wingi wis ketemu pamikirku, karepku besuk Senen sore kowe dak sebakake.. Nanging sumurupa, wong ngenger priyayi mengkono patrape seje karo melu wong pangindhungan kaya aku iki, kudu weruh marang tata krama, kang taberi, satiti, ngati-ati, aja lancang aja calak, menawa diutus apa-apa aja salewengan, yen diutus anggarap apa-apa aja sembrana, aja pati-pati leren yen durung rampung. Kajaba iku priyayi iku akeh santanane, akeh bature, lanang wadon, iku kang bisa momong karo konco kang ngalah ujar sakecap laku satindhak, aja meren aja dhahwen, aja open lan aja

dhemen madulake alaning kanca kang rukun, anggepen sadulurmu tunggal bapa biyung, luwih maneh marang kancamu wadon, aja pisan-pisan dhemen nyembranani, ngajak guyon prenesan iku ora becik yen dhemen nyembranani marang para nyai suwe-suwe dhemen nyembranani marang sentanane, unggahe marang putrane 126

ora becik banget, bakal murungake lelakon murungake kang dadi sedyamu.

Piwulange Ajar Sara basata marang anake Jaka Sasana, nalika arep mangkat ngawula kasebut ing layang aji pamasa jilid III kaca 5 iku becik banget, apalna lakonana, nanging aja seling surup pan kaya Jaka Sasana, yen arep suwita dipun rih suwita wong kang luwih kang agung luhur, jebul suwita gandarwo, dumeh gedhe dhuwur lan maripate telu, tujune malah kebeneran dadi jalarane oleh kamulyan. (lajeng sami gumajeng). Jaka Mulyana mangsuli: "tiyang dongeng, bapak sapunika kados inggih boten wonten lare kados Jaka Sasana". yen arep suwita dipun rih suwita wong kang luwih kang agung luhur, jebul suwita gandarwo, dumeh gedhe dhuwur lan maripate telu, tujune malah kabeneran dadi jalarane oleh kamulyan. (lajeng sami gumujeng). Jaka Mulyana mangsuli: "tiyang dongeng, bapak sapunika kados inggih boten wonten lare kados Jaka Sasana".

L.T. "Ayake iya, nanging uga kena dianggo pepiridan, wis cekake thole Mulyana, sesuk jam 4 sore dandana, daksebakake Kang Mas Cipta Legawa".

Dj.M. "Inggih".

Injingipun Mas Lebda Turangga gadhah gagasan anggenipun badhe pinanggih Mas Cipta Legawa supados katampen kalayan dhangan, kedah angsal-angsal ingkang andadosaken senenging manahipun nanging taksih pakewed punapa ingkang badhe dipun bekta, dangu-dangu enget bilih piyambakipun gadhah badhe warangka kajeng timaha palet, kados punika pantes kangge angsal-angsal 127

Sareng sonten wanci jam 4.30 Jaka Mulyana lajeng kahajak mangkat sarta kapurih nyangking badhe warangka timaha wau. Sadumugining Cipta Legawan Mas Mantri Cipta Legawa peninju ngombe wedang wonten ing pandhapa. Sumenep Lebda Turangga lajeng dipun ancarani (Tembungipun ngoko kemawon, amargi pancen boten basan awit kajawi ipe nak-sanak pancen kulina alit mila)

Tembungipun: "Kene dhi linggih kursi kene".

L.T. "Iya", (mawi tembung ngoko andhap)" basa antya.

M.Tj.L. "Saka ngomah bae apa".

L.T. "Iya saking griya".

M.Tj.L. "Kaya anggawa sarungan apa arep didandakake".

L.T. "Ora kang Mas, pancen arep dak aturake panjenenganmu amarga panjenenganmu dek anu kae ngadika ngupados sarungan".

M.Tj.L. "Iya dhi, andelok le: Weti mahadhi".

L.T. "Iya".

M.Tj.L. "Lo becik, weton ngendhi dhi".

L.T. "Wedalan Pacitan, dhek panjenenganmu mentas tindak mrana kae let kalih dinten aku menyang Pacitan .. 128 nontoni belo, nanging belone ora kadadosan amarga kathah cirine kang kirang prayogi. Aku nyambi pitaken badhe sarungan, kok kaleresan gadhah lajeng dak rebati, angsal, saiki dak aturi ngagem".

M.Tj.L. "Iya dhi banget panarimaku, dhasar anggolek timaha aku, iki kebeneran".

L.T. "Kang mas, sowanku. Kajawi ngaturake angsal-angsal sarungan iya ana perlune sakedhik, aku gadhah anak angkat nama Mulyana, medal saking papadhane piyambak menyang aku, aku dipurih nyuwitakake priyayi, amarga sayektose piyambake gadhah gegayuhan kapingin dados priyayi, sarehning panggubele menyang aku sangat dados dak pituruti dene tancebing manahku

mung dak suwitakake panjenenganmu, salajenge sageda kalebet magang aku nyumanggakake panjenenganmu, amarga lare iku wis dak anggep anakku piyambak, mila sanget-sanget enggonku nyuwunake kawelasan marang panjenenganmu, dene wujude lare iku yaiki kang tumut sowan mrene".

M.Tj.L. "Iya becik, dhi apa biyen sekolah".

L.T. "Ora wong lare lola kapiran dados ora ana kang mikir, ananging aksara jawi walandi wis saged 129

mung seratane durung sae.

M.Tj.L. "Sukur yeh wis bisa ngunakake Jawa Malayu, beciking tulisan gampang kena dikulinakke sarana nurun layang, yen bocah lantip sarta talaten ora nganti satahun rak wis bagus".

L.T. "Iya, iya leres panjenenganmu kang mas yen larene golongan lantip".

M.Tj.L. "Apa isih duwe teturutan darah priyayi, kok duwe panggayuh marang kapriyayen".

L.T. "Yen nitik salasilahe, piyambake isih grad 4 saka bupati".

M.Tj.L. "Bupati ngendi".

L.T. "Bupati ngargopuro, le Mulyana bukune salasilah ko gawa".

M.Tj.L. "Inggih kula bekta".

L.T. "Gawanen mrene, iki kang Mas dak aturi mriksani".

Serat lajeng dipun tampeni dhateng Mas Cipta Legawa sarta lajeng kawahos, wusana lajeng carios: "Dhi Lebda Turangga bocah iku jebul kabener kopanakanku misan amarga canggabe Si Mulyana iku embahku buyut. Teturutane mangkene: embah buyut Raden Tumenggung 130

Mangun Nagara iku peputra embah kolektur Ngargapura.

banjur peputra aku, Embah buyut mau nalika seda

makaten.

M.Tj.L. "La dadine melu kowe iku kapriye".

Lebda Turangga lajeng angganjaraken mula bukanipun Jaka Mulyana wiwit dipun tilar ajal bapak biyungipun ngantos dumuginipun dados wayang tiyang, sarta ngantos ngenger piyambakipun sampun dipun ganjaraken sadaya.

Mas Cipta Legawa sanget pangungunipun sarta welas dhateng Jaka Mulyana, wekasan wicanten: "iya-iya ben ana kene dak wulange, bok manawa bisa katekan kaya kang dadi sedyane, yen wangune bocahe kaya maju".

L.T. "Iya, kang wis kalampahan kapinterane pancen majeng, Kang Mas Sarehning wis cekap kang dados aturku, aku kalilanana mundur, Si Mulyana dak tilar ..... 131 ora liwat mung nyumanggakake kang mas".

M.Tj.L. "Iya, dak pikir banget, wong pancen aku kewajiban mikir bocah iku".

L.T. "Iya, wis kang mas kalilan".

M.Tj.L. "Iya".

L.T. "Thole Mulyana, wis kowe keria, dherek bapakmu kene, kang ngati-ati".

Dj.M. "Inggih".

Mas Lebda Turangga lajeng mantuk. Kacarios sapengkeripun Mas Lebda Turangga, Jaka Mulyana wonten ing Cipta legawan, lajeng griya kemawon, saben dinten nyambut damel padamelan salabeting griya, pundi ingkang katingal kether lajeng dipun garap boten mawi dipun atag sanadjan ingkang kasar-kasar. kadosta: nyaponi gedhogan, latar, ngiseni kulah, nyirami sekaran, nyumedi dilah, punapa kemawon dipun tandangi boten mawi ngiri dhateng kancanipun, boten ngengeti menawi kahaken sentana dhateng Mas Cipta Legawa, anggenipun nyambut damel malah ngungkuli punakawan ngantos damel rikuhe para punakawan tuwin rencangipun sadaya, menawi injing jam 4 Jaka Mulyana sampun tangi lajeng nyambut damel kados ing-

kagungan selir, pinuju ngandheg 8 sasi, banjur diajak bapakne iya iku Kepala Desa Karangsana bareng lahir metu lanang dadi bocah mau embahku paman, cekake bocah mau tuwane banjur dadi Kepala Desa Karangsana, nurunake Mulyana Kowe dadi saiki ora kaliru".

Lebda Turangga ngungun semu bingah, boten nyana bilih kang kasebut nginggil 132

Kanca-kancanipun jam 6 saweg sami tangi, nanging sampun manggih resik sadaya, wokasan lajeng sami tumut enjing sarta lajeng sami sregep-sregep boten iren-irenan dhateng kancanipun, saking sami risi ningali dhateng kasregepanipun Jaka Mulyana. Mas Cipta Legawa sekalian remen sanget dhateng patrapipun Jaka Mulyana, malah ngantos semu welas ningali anggenipun tanpa wigih dhateng sadhengah padamelan ngantos kerep dipun cariosi kapurih ngaso. Lajeng dipun perdi dhateng padamelan ingkang alus-alus, boten suka nyambut damel kasar, tuwin lajeng kapurih nyahekaken seratanipun Jawi Walandi. Saben dinten dipun sukani turunan kapurih nurun. Watawis satengah taun seratanipun Jaka Mulyana sampun katingal sae. Sareng seratanipun sampun sae sayektos lajeng dipun lebetaken magang dhateng Kabupaten lajeng nyambut damel tunggil sameja kalian Raden Hardaka, tuwin Jaka Madyana kasebut bab: I, II.

Jaka Mulyana lajeng dipun cepengi sorog Kantor Kabupaten, saben injing kapurih malebet rumiyin, ambikak kantoranipun, sadaya garapan serat-serat angger sampun dipun wulang, patrap tuwin lampahipun Jaka Mulyana lajeng saged nindakaken sarta boten nate lepat, watawis saweg satengah tahun anggeni pun nyambut damel wonten ing kantor 133

Kabupaten serat arsip kabupaten sampun mangretos sadaya, sarehning saya katingal majeng dhateng padamelan tuwin dhateng kasagedan lajeng dipun lebetaken sekolah Walandi partikelir, malebetipun jam 3, bibar jam 5 sonten bayaranipun 250 sawulan, wonten ing griya dipun perdi ngapalaken buku-buku, kadosta: angger hukum, regelmen pulisi, undhang-undhang, kandhungan sapanunggalanipun dipun purih ngapalaken sadaya, dhasar Jaka Mulyana manahipun lantip sarta majeng mila inggih

lajeng kathah apalanipun dhateng pasal-pasal tuwin dhateng serat seblad, Mas Cipta Legawa saya kasok tresnanipun mila wutah piwulangipun dhateng Jaka Mulyana pangrengkuhipun kados dhateng anakipun piyambak, kuciwanipun Mas Cipta Legawa boten saged tembung Walandi, nanging kalebet sugih kasagedan dening sugih serat-serat yasanipun para pujangga Jawi ing jaman kina, punapa dene remen ulah karawitan kadasta dhateng gendhing, dhateng sekar macapat tuwin sekar ageng, dalah kasusastranipun pisan Mas Cipta legana mangretos, kathah pikaranganipun piwulang-piwulang ingkang mawi kasekaraken macapat.

Ing satunggiling dinten wanci sonten Jaka Mulyana dipun cariosi dhateng Mas Cipta Legawa bab anggenipun sekolah walandi, tembungipun:

> "Mulyana gonmu 134
> sekolah walanda iku parsudinen kang nganti mangerti, sanadjan lowong tinimbang ora mangerti babar pisan karo dene Mestermu tuwan Pandherkah iku wong tilas juru basa, yen koktalateni enggonmu sinau mesthi akeh piwulange. Jaman saiki kang akeh regane wong kang mangerti tembung Walanda, Kasusastran Jawa wis meh ora pati kanggo, apa dene layang wacan kang nganggo tembang, bok manawa suwe-suwe ora kanggo babar pisan amarga nitik bocah saiki kang padha metu saka sekolah Walanda nonton layang-layang Jawa apa dene kang ditembangake wis emoh andeleng babar pisan, nanging mungguh aku senadyan pintera marang tembung Walanda, layang-layang Jawa kok iya isih dhemen, apa maneh kanjeng Gupremen enggone ngimpun layang-layang Jawa kongsi saprene iyo durung kendhat, iku tandhane yen isih kanggo malah paring sirkuler, sapa kang ngaturake karangan bab kawruh Jawa, yen akeh paedahe tumrap jaman saiki diparingi ganjaran kang kalayan murwat".

Dj.M: "Inggih, menawi kula andherek kados kapareng panjenengan bab serat-serat Jawi inggih taksih remen amargi

piwulangipun inggih taksih kathah ingkang 135
kangge, kadosta: Serat paniti sastera, paniti sruti, wulang reh, sana-sunu, wedharaga, piwulangipun inggih taksih kathah ingkang kangge tumrap jaman sapunika punapa dene kula inggih remen sanget menawi sagedda ngarang-ngarang serat ingkang kasekaraken kados panjenengan punika".

M.Tj.L. "Iya bener kowe, amarga satemene bangsa Jawa kang ora sakolah Walanda, yen maca layang-layang kang ora ditembangake iku gelis kemba lan ora tumuli apal, bareng kang nganggo tembang sak gelis apal amarga enggone ngunekake kanthi lagu kanthi laras iku anarik marang seneng dadi surasane gelis cumithak karo dene maneh enggone para nata para pujangga ing jaman kuna apa-apa ditembangake, iku perlune apa sasurasane aja nganti owah gingsir amarga wis kapathok dining watoning pada-pada dadi ora ana kang gelem ngowahi, kayata layang kidungan anggitane Sunan Kalijaga,

– Wonten kidung rumeksa ing wengi
teguh ayu luputa ing lara
luputa bilahi kabeh.

Baya nganti bujading jagad unine ora bisa owah dening wis kapathok ing pada mau 136

Dj.M. "Ingkang nganggit sekar-sekar punika ing ngajeng sinten ..... ?"

M.Tj.L. "Yen tembang gedhe iku caritane kang nganggit para Jawata, dene kang akeh dhewe anggitane iku Bathara Panyarikan, iya sang Hyang Sitra amarga Sang Hyang Sitra mau Pujangganing jaman kadewatan banjur para nata utawa para empu ing jaman kuna padha nganggit dhewe-dhewe, cacahe tembang gedhe iku luwih telung atus tembang. Bareng jamane prabu Brawijaya ing Majapahit kang wekasan ambarengi thukule agama Islam ana ing tanah Jawa, para wali banjur padha nganggit tembang macapat, kanggo nganti saprene iki, dadi umure

tembang macapat iku saprane lagi limang atusan tahun. Dene caritane kang padha kagungan anggitan iya iku: tembang: 1. Asmaradana
2. Sinom
3. Megatruh.

Kang nganggit Kanjeng Sunan Giri. Tembang Durma: Kanjeng Sunan Bonang, pucung: Sunan Gunung Jati, Mijil: Sunan Geseng, Kinanthi I: Kanjeng Sultan Pajang, Pangkur: Sunan Murya pada, Dhandang gula: Sunan Kalijaga, Mas kumambang 137
aku ora terang kang nganggit, tembang gambuh iku kalebu tembang gedhe (1).

Dj.M. "Tiyang nyekaraken punika punapa wonten pathokanipun".

M.Tj.L. "Iya ana, nanging pathokane tembang macapat dhek biyen durung dikumpulake, saiki wis diimpun marang sadulurku nak sanak: Kang bei Mangun Wijaya, dijenengake layang purwakanthi, dalah pathokane tembang gedhe utawa pathokane masang sandhi asma iya wis kasebut ana ing layang purwakanthi kabeh, dadi yen arep nembangake andeleng layang purwakanthi wis ora

---

(1) Saweneh ing tiyang cacarios menawi sekar gambuh punika bukanipun saking gandarwo, gancaripun makaten:

Anuju satunggiling dinten kanjeng Sultan Agung, nata Mataram tindak basiyar, wonten ing margi uninga gandarwa pinuju ngeneng-enengi anakipun ingkang saweg nangis, sarwi karengeng-rengengaken makaten: Le la le la le le gung, cep menenga anakku si kuncung, kuncung balung biyungmu lunga mring kali, ngumbah popok nyangking beruk, cep menenga ana uwong.

Kanjeng Sultan andangu: Gandarwa kuwi tembang apa .. ?
Gandarwa mangsuli: embuh.
Wiwit kala samanten kaparenging karsa dalem kanjeng Sultan wau, cacahing sekar macapat kawewahan satunggil malih inggih punika sekar gambuh.

kaweken, malah dhek samana kandhane kang Bei Mangun Wijaya arep dicetakake, upama sida dicethakake prayoga banget awit anguripake kawruh karawitan Jawa kang wis meh sirna ..... 138 khodholane diwenehake aku, sesuk dak golekane: delengen".

Dj.M. "Inggih sandika, Bapak menawi kapareng kula badhe main silat".

M.Tj.L. "Sing mulang sapa ..... ?"

Dj.M. "Ingkang mulang tiang Surabaya, naminipun pak Amat, wiwitipun jam 8 sonten dumugi jam 11 dalu, bayaranipun sawulan 250".

M.Tj.L. "Iya, iya becik silat iku, amarga kajaba gawe teteging ati, kanggo rumeksa ing pakewuh, tandange prigel sarta iya gawe kawarasan lan kuwat, ora beda karo gemnastik utawa main bal".

Dj.M. "Inggih makaten kasinggihan dhawuhipun bapak, mila inggih remèn ajar main".

M.Tj.L. "Nanging kuciwane bocah nom-nomin iku yen bisa main silat banjur akeh kang kurangajar, ngandelake enggone bisa main, ora kena-kena kacenthek basa sathithik banjur ngajak kerengan, iku aku ora mathuk".

Dj.M. "Kasinggihan dhawuhipun bapak, nanging saupami kula sampun saged main, inggih badhe kula atos-atos boten badhe ngangge angsaripun ingkang awon punika namung saged den angge dayanipun ingkang sae 139

M.Tj.L. "Iya to, yen kowe bisa nglakoni mengkono iya becik, ajara".

Dj.M. "Inggih.
Bapak menawi kapareng benjing malem jumu'ah ngajeng punika kula nyuwun pamit badhe tirakat dhateng pasarean bayat".

M.Tj.L. "Arep anjaluk apa tirakat menyang bayat".

Dj.M. "Inggih badhe nyuwun berkahipun Kyai pandhanaran ingkang sumare ing bayat, supados sageda tumunten dados priyantun".

M.Tj.L. "Yen aku tirakat-tirakat iku kok ora mathuk, amarga panemuku mangkene: nyenyuwun marang priyayi kang wis seda mahatus-atus tahun, apa ora luwih utama nyuwun kawelasan marang priyayi luhur kang isih sugeng, iya iku ngantepana enggonmu magang aku, janji sregep lan temen temen mesthi katekan apa kang dadi sedyamu, puluh kowe dhemen tirakat menyang pasarean-pasarean nanging kowe ora magang utama kesed, malincur pemagangmu layak ora bisa dadi priyayi, karo dene maneh wong dheman tirakat iku amesthi gawe kapitunan, amarga kang sapisan nalika mangkat tirakat mesthi nganggo sangu 140
apes-apese loro utama telung rupiah.

Kaping pindho: sasuwene lelungan iku kepeksa ngedhakake marang kawajibane.

Kang kaping telu: awake kesel, mripate karipan.

Kang kaping papat atine banjur jibria kibir, ngandelake bakal oleh brekahe kang sumare, wekasan wega marang kawajibane.

Mulane yen aku ora cocog karo dene kang mengkono iku kalebu gugen tuhon mungguh nalare ora oleh, wong urip anjaluk pitulung marang wong mati, kapriye margane bisa mitulungi.

Padhane wong dhemen madhukun lan wong mangeran ipen iku wong gugon Tuhon kang ora ketemu nalare, ora becik nandhakake wong bodho, durung lepas budine, yen wong kang ahli budi ora mengkono, sabarang kang ora oleh karo nalare mesthi ora gelem anglakoni awit ora ngandel kang dilakoni kang diandel iya kang oleh karo nalare, kayata: yen wong arep anggayuh darajad iya kudu ngudi kapinteran dhisik, yen wis pinter banjur magang, dilakoni sungkem lan tumemen kaya kandhamu mau amesthi enggal lawas iya bisa dadi

priyayi.
Yen anggayuh kasugihan iya kudu nyambut gawe apa,
..... 141
among dagang, apa kriya, apa tatanen dilakoni taberi, gemi nastiti lan ngati-ati, amesthi suwe-suwe iya bisa cukup samono iku iya kudu nganggo kapinteran amarga yen dilakoni kalawan bodho. Iya ora kadedeyan, yen wong arep nedya kuwarasan iya kudu ngelingi enggone memangan aja rusuh lan kang resikan tuwin kang akas dhangan mesthi adoh lelarane.

Jaka Mulyana sadangunipun mirengaken piwulangipun Mas Cipta Legawa dipun rahosaken sanget wusana pinanggihipun ing manah angleresaken dhateng piwulang wau, lajeng matur: Bapak Kasinggihan sanget dhawuh panjenengan wau, kula tepang-tepangaken sadaya leres boten wonten ingkang nalisir".

M.Tj.L. "Iya sukur yen kowe wis tampa kaya kandhaku mau, wis wengi Mulyana, wis jam siji turua".

Dj.M. "Inggih".

Mas Cipta Legawa lajeng menyat malebet ing griya badhe tilem kalayan pitaken: "E . . . . . , Mulyana".

Dj.M. "Kula".

M.Tj.L. "Aku wang sekrip kang ketlisut dhek wingi apa wis ketemu?"

Dj.M. "Sampun".

M.Tj.L. "Sesuk sorogen menyang kantor landrad kaya adate kae kanthi dhuwit sapuluh rupiah, wis dihenggalake kana
..... 142

Dj.M. "Inggih sandika".

Kacarios sareng Jaka Mulyana anggenipun tumut Mas Cipta Legawa sampun andungkap satahun kasagedanipun Jaka Mulyana saya wewah-wewah, pancen lare majeng, kasembuh dipun pardi dipun weleg ing piwulang. Dados sadaya ingkang kawulangaken inggih lajeng inggal saged, dhateng tembung Walandi ing sanadyan boten sampurna nanging sampun saged maos buku

basa Walanda sarta mangretos surahosipun.

Anuju satunggaling dinten wanci sonten Mas Cipta Legawa sowan ing Kabupaten amargi pinuju malem tingalan, sadaya priyantun salebeting kitha inggih kathah ingkang sowan bekti awit sampun dados padatanipun, manawi pinuju malem tingalan lelenggahan mawi lelangen kelenengan tuwin dipun sindheni ing ringgit taledhek, Jaka Mulyana inggih andherek sowan angladosi.

Wanci jam 9 Raden Tumenggung Katipraja sampun lenggah ing pandhapa, lesehan dipun adhep para priyantun, gamelan lajeng kaungelaken gendhing gambir sawit wusana calempungipun boten mungel.

Raden Tumenggung andangu sababipun boten mawi calempung 143

wonten ingkang matur bilih abdi panylempung nyuwun pamit boten sowan amargi saweg sakit panas. Mas Cipta Legawa lajeng ngejepi Jaka Mulyana kapurihnylempung, Jaka Mulyana tanggap lajeng nyalempung.

Raden Tumenggung mireng bilih calempungipun mungel, lajeng andangu : "lo sapa sing nylempung . . . . . ? Jare wignya mlaya lara."

Mas Cipta Legawa matur : "Kulanun ingkang nylempung abdi dalem pamagang pun Mulyana".

R.T. "Mulyana sapa, timbalana mrene".

Jaka Mulyana lajeng ngadhep.

R.T. "E . . . . . .Kowe, bocah iki rak kaponakanmu ta, Legawa".

M.Tj.L. "Nun inggih"

R.T. "Kok bahud nyalempung, malah becik calempung ane Mulyana karo Wignya Mlaya, rak iya ta Jaksa"

D.J. "Nuninggih, kaluhuran dhawuh dalem, sae abdi dalem pun Mulyana."

R.T. "Wis balia Mulyana, tutugna nylempunga maneh."

D.J.M. "Nuninggih"

R.T. "Aku kok dhemen kaponakanmu iku, Legawa, bocah kok ethes prigel, ben ana Kabupaten bae, Legawa

M.Tj.L. "Nuninggih" 144

R.T. "Wiwit sesuk konen malebu"

M.Tj.L. "Nuninggih sendika".

Boten kacarios rerengganing among langen, sareng wanci jam 4 enjing lajeng bibaran, Mas Cipta Legawa mantuk Jaka Mulyana inggih tumut mantuk, sareng dumugi ing griya Jaka Mulyana dipun dhawuhi Mas Cipta Legawa, tembungipun : Mulyana, kowe dipun pundhut Dara Menggung di Dhawuhi andherek ana ing Kabupaten, wiwit sesuk sebaha".

Dj.M. "Inggih".

M.Tj.L. "Nanging andherek ana ing Kabupaten sing ngati-ati, kumpulan sentana utawa panakawan akeh sing rukun, sing kepara ngalah dene panggalihe dara Menggung iku : legawa banget ora tau duka, yen ora dadi penggalihe banjur sok kendel bae, yen ana sentana utawa abdi kaluputan ora karsa andukani dadi malah angel, luwung banjur duka bisa weruh keluputani mulane sing prayitna, aja sembrana karo dene yen wis seba matura, kaparenga isih nutugake sakolahmu Walanda partikelir.

Dj.M. "Inggih sendika". 145

Sareng enjing, Jaka Mulyana lajeng sowan ing kabupaten, sarehning kaliyan para sentana tuwin panakawan sampun kulina sadaya mila inggih lajeng manggen kemawon, sangsaya kaliyan Raden Hardaka tuwin kaliyan Jaka Madyana dhasar kancanipun nyambut damel tunggil sameja, inggih sangsaya boten suba sita. Dados cekakipun lampahanipun lare titiga, Raden Hardaka, kasebut bab I, lampahanipun Jaka Madyana kasebut bab II, lajeng gathuk kalian lelampahanipun Jaka Mulyana, dados

tunggil pasuwitan, sami andherek Raden Tumenggung Kartipraja bupati ing Madyapura sarta dhatengipun inggih tunggil taun kemawon, namung cariosipun kadamel gentos.
Dara lare ketiga wau sadangunipun sami suwita, kulinanipun sampun kados sadherek, namung Raden Hardaka sanadyan kalian lare kakalih wau tanpa suba sita, nanging taksih ngegungaken yen putraning bupati, dhasar putra kaponakanipun Raden Tumenggung Kartipraja, dados padamelan kasar alus namung prentah sarta ngebuhaken dhateng Jaka Madyana tuwin Jaka Mulyana kemawon, sanadyan padamelan serat-serat ing kantor, inggih makaten wekasanipun lajeng bodho piyambak.
Sadangunipun lare tetiga wau kempal wonten ing 146
pasuwitan, inggih dereng nate pasulayan sanadyan tandukipun Raden Hardaka dhateng Jaka Madyana, tuwin dateng Jaka Mulyana rumaketipun taksih semu angegung-ngegungaken, ewadene Jaka Mulyana tuwin Jaka Madyana inggih sami ngemong kemawon, namung sedhihipun lare kekalih wau manawi sumerep anggenipun Raden Hardaka asring gadhah pratingkah ingkang mokal-mokal, kadosta : asring dhateng ngepakan mawi dora sembada kautus ingkang rama Den Tumenggung mundhut arta : 50 utawi 40, lajeng kadamel royal, plesir utawi ngestri punapa dene asring dhateng toko ngebon barang punapa ingkang dipun senengi mawi tekenipun ingkang rama, inggih kerep dipun pambengi dipun engetaken nanging Raden Hardaka boten keguh, meksa taksih makaten kemawon.

Ing satunggiling dinten penuju mentas balanjan Raden Tumenggung saweg lenggah wonten ing pandhapa, ingkang ngadhep Jaka Madyana kalian Jaka Mulyana, namung lare kekalih punika, wonten Cina sowan ngaturaken rekaning ngantos 5 lembar isi angka arta 75, Raden Tumenggung kaget lajeng andangu sisten ingkang dhateng toko ambekta bon punika, Cina matur bilih ingkang dhateng Raden Hardaka,

Serehning priyagung berbudi para marta, ... 147.
inggih lajeng dipun paringi kemawon jangkep 75, namung Cina

kaweling, manawi Raden Hardaka dhateng ing toko ambekta bon malih sampun ngantos dipun sukani.
Cina nyandikani sarta sampun tampi sasmitanipun Raden Tumenggung wau, Cina lajeng pamit mantuk.
Sapengkeripun Cina wau Raden Hardaka dipun timblai sowan lajeng dipun dhawuhi : Hardoko iki bon dalah rekening saka toko Cina simpenana, wis dak bayar besuk maneh aja kaya mengkono mundhak ora becik dadine tumrap awakmu dhewe.
Raden Hardaka kendel tumungkul rumaos ing kalepatanipun lajeng nyuwun ngapunten kathah-kathah, inggih dipun ngapunten sarta dipun dhawuhi paweling, sampun ngantos ngambali malih. Raden Hardaka nyandikani, Raden Tumenggung lajeng malebet ing dalem.
Ewodene Raden Hardaka boten kendhak malah katingal bingah rumaos menawi dipun tresnani.

Ing satunggiling dinten Raden Tumenggung Kartipraja lelang kapal belo sandel kalayan regi 300, inggilipun 4 kaki 3 dim sampun ngumur 3 tahun dados sampun wanci dipun tinegaraken. Jaka Mulyana kadhawuhan nimbali panegar, aturipun manawi kapareng badhe ..... 148.
dipun tegari piyambak, Raden Tumenggung kaget lajeng andangu apa kowe bisa ngajari jaran, aturipun : saged amargi Bapak angkatipun panegar sarta sampun dipun wulang kawruhipun panegar.
Raden tumenggung marengaken mila saben sonten Jaka Mulyana tansah numpaki kapal wau, watawis tigang wulan sampun tutut sarta lamahipun sampun kenging, Raden Tumenggung lajeng nyoba nitihi, lampahipun sampun sac sarta condhong kalian kaparengipun, Mila Raden Tumenggung saya asih dhateng Jaka Mulyana.

Sadangunipun Raden Tumenggung dipun suwitani lare tetiga, Raden Hardaka, Jaka Madyana, Jaka Mulyana, Raden Tumenggung botan kakilapan dhateng bebudenipun lare tetiga wau.
Raden Hardaka labuhanipun awon, nanging dipun wengku

sarta dipun emong kemawon, dening ngengeti swargi ingkang rama tumut maragadi dhateng saliranipun dados tansah dipun legawani, ananging ing galih semu emar, mriksani lekasipun Raden Hardaka ingkang boten prayogi wau, ewa dene inggih kagalih sagedipun cumenthel dados priyantun sarta badhe dipun wulang bok menawi saged mantuni watekipun ingkang kirang prayogi wau, amargi Raden Tumenggung boten kagungan putra. . . . . 149.
Jaka Madyana kirang kasagedan nanging seratanipun sae, dhateng padamelan satiti sarta tumemen ajrih dhateng kalepatan mila Raden Tumenggung inggih asih semu welas sarta ngengeti kasaenanipun Mas Wadana Gunasaraya. Namung dhateng Jaka Mulyana sanadyan boten wonten tarikanipun punapapunapa nanging Raden Tumenggung sanget tresnanipun.
Dening Jaka Mulyana sugih kasagedan sarta tansah adamel pirenaning galihipun.
Sareng lare tetiga wau pasuwitanipun sampun tigang taun laminipun, wonten lowongan carik wadana kalih panggenan, inggih punika Carik wadana kitha Madyapura, tuwin Çarik Wadana ing Giri Purna, sami menggah dados asisten Wadana, Raden Hardaka dipun purstel dados carik Wadana ing Giri Purna, Jaka Madyana dipun purstel Carik Wadana kihta, kalih pisan sami dados, lajeng sami dipun ngandikani, kadhawuhan satiti ngati-ati anggenipun sami nindakaken kawajibanipun sarta ingkang suci manahipun. Sadaya sami nyandikani, sarta sami ngabekti nyuwun pangestu lajeng sami nyuwun pamit nampeni kawajibanipun kalilan.

"Sigeg"

watawis tigang wulan Carik Kabupaten Madyapura inggih minggah dados asisten Wadana, Jaka Mulyana dipun purstel anggentosi dados 150
Carik Kabupaten dados lajeng nindakaken boten wonten pakewedipun amargi sampun garapanipun saben dinten.

Kacarios malih Raden Hardaka sadangunipun dados Carik Wadana lurahipun Raden Wadana ing Giri Purna tansah sedhih

manahipun dening Raden Hardaka boten saged nindakaken padamelan wajibipun dados tansah dados damel amargi namung tansah main royal kemawon ewadene inggih namung dipun emeng kemawon, dening sentananipun ingkang Bupati, sareng anggenipun dados Carik Wadana sampun setahun laminipun keleresan wonten lowongan asisten Wadana, tur ded bawah dhistrik Giripurna, inggih punika asisten Wadana ing Dwandher dhistrik Cintakarda.
Raden Wadana ing Giri Purna gadhah Cipta, Raden Hardaka dipun suwunaken minggah dados asisten Wadana ing Cintakarda mawi dipun alembana, saged sarta tumemen tuwin nyekapi dhateng kewajibanipun, kathah-kathah pangalembananipun, kahangkah sampun angantos boten kaparengaken anggenipun makaten wau mung supados tumuntena angsal lintu Carik ingkang mangetos sarta tumemen dhateng kawajibanipun,

Dilalah namung watawis satengah wulan kalian ..... 151.
lampahipun serat panuwunan Raden Hardaka sampun tampi beslit dados asisten Wadana ing Cintakarda, sanalika lajeng mangkat nampeni padamelan asisten Wadana ing Cintakarda, Raden Wadana ing Giri Purna sanget binghaipun, boten antawis dangu gantosipun Carik Wadana dhateng, magangan kantor Asisten wedana apleidheng sekul, dhasar dede sentananipun ingkang Bupati, Raden Wadana sangsaya bingah sanget rumahos boten tansah dados momongan kados Raden Hardaka.

Kacarios sareng sawatawis wulan asisten Wadana ing Ngantaraja pejah, Jaka Madyana Carik Wedana kitha Madyapura dipun purstel, dados sanalika lajeng nampeni damelan asisten Wadana wonten ing ngataraja.

Anuju ing satunggiling dinten wonten wanci sonten malam ngahad Mas Cipta Legawa mantri Kabupaten tuwin Jaka Mulyana Carik Kabupaten sami sowan ing kawadanan namung nglangke boten nindakaken padamelan dhines kinten wanci jam 11 dalu, nedhengipun sami ngandikan among seneng, mireng swaraning titir tengara ambujeng durjana pandung, Raden Wadana sarta Mas Cipta Legawa tuwin Jaka Mulyana

punapa dene upas-upas dhistrik sami gugup lajeng bidhal tandang, Raden Wadana tuwin upas kalih sami ..... 152.
saged mirantos dedamel, namung Mas Cipta Legawa sarta Jaka Mulyana boten miranthos amargi kesahipun namung sumedya ngenggar-ngenggar manah, sarehne malem ngahad, sadaya wau lampahipun angener pakampungan penggenaning tengara, Raden Wadana wonten ngajeng, sareng dumugi ing margi pakampungan kepethuk durjananipun ambekta buntelan lajeng kahandheg sarta dipun soroti eting, durjana inggih mandheg nanging sareng sumerep pulisi kathah durjana medal kanopsunipun lajeng medhet pangotipun, upas ingkang nyandhak buntelanipun katojoh ing pangot kenging dhadhanipun lajeng Dhawah, sareng badhe ngancari Raden Wadana, saweg kumlawe, boten talompen Jaka Mulyana lajeng anjangkah nyarengi nyepeng ugel-ugeling durjana, ingkang kadamel nyepengi pangot lajeng dipun tekuk tanganipun tugel bet durjana lajeng andheprok lajeng dipun rut dening upas ingkang boten kataton, boten dangu tiyang tandang saking kilen, alon-alon ambujung durjana satunggalupun, Jaka Mulyana lajeng tumut ambujung, Jaka Mulyana wonten ing ngajeng sareng sampun celak kalian pandungipun watawis salandhean Jaka Mulyana lajeng malumpat dumugi ngiringaning durjana, durjananipun dipun kawil sukunipun dhawah karungkep lajeng dipun tubruk dipun tumpaki gegeripun ..... 153.
Durjana boten saged obah, lajeng dipun cepeng ing tiyang kathah, sadaya lajeng kabekta dhateng Kawadanan kaurusaken papriksananipun dados pandung kakalih wau kecepengipun dining Jaka Mulyana sadaya, awit saking keprigelanipun anggening saged main silat, wiwit kala samanten Jaka Mulyana lajeng misuwur kawanteranipun. (Makaten pikantukipun tiyang saged main).

Ing satunggaling dinten Mas Cipta Legawa ing wanci sonten dipun timbali dhateng kabupaten sareng sowan dipun pangandikani dhateng Raden Tumenggung Kartipraja, bilih Jaka Mulyana badhe kapundhut mantu kahangsalaken putranipun

kaponakan ingkang sampun lola, mila supados kadhawuhaken dhateng Jaka Mulyana.

Aturipun Mas Cipta Legawa sandika, saya amrayogakaken dhawuhipun Raden Tumenggung wau, Mas Cipta Legawa lajeng kalilan mantuk, sanes dinten Jaka Mulyana kaundhang dhateng griyanipun Mas Cipta Legawa dipun cariosi kados dhawuhipun Raden Tumenggung wau, wangsulanipun Jaka Mulyana mopo, amargi sampun kalajeng nembung anakipun Mas Lebda Turangga, sedyanipun minongko kesaenan, ngengeti anggenipun rumaos sampun dipun openi, ngantos dipun titipaken dhateng Mas Cipta Legawa, kalampahan ngantos saged dados priyantun, Mas Cipta Legawa boten sanget nginggahi, dados inggih namung ..... 154.
badhe matur ing Raden Tumenggung, punapa atur wangsulanipun Jaka Mulyana.

Sanes dinten Mas Cipta Legawa inggih lajeng matur dhateng Raden Tumenggung, kados aturipun Jaka Mulyana wau.
Raden Tumenggung boten runtik galihipun malah ngalem menawi enget dhateng pembekanipun Jaka Mulnyana, nelakaken menawi enget dhateng kasahenan sarta anandakaken setyanipun netepi wirahosipun ingkang sampun kawedal inggih punika anggenipun sampun gadhah panembung dhateng Lebda Turangga mila malah badhe dipun kendengaken sarta daupipun badhe dipun pundhut wonten ing Kabupaten.

Kacarios kaparengipun Raden Tumenggung Kartipraja badhe andhaupaken Jaka Mulyana kalian anakipun istri Mas Lebda Turangga wau sampun kalampahan sarta mawi karengga sawatawis andadosaken bingahipun Mas Lebda Turangga... 155.
"Sigeg"..

IV

Anyariosaken lalampahanipun Raden Hardaka, inggih Raden Mangun Hardaka kalih Jaka Madyana inggih Mas Mangun

Madyana, tiga Jaka Mulyana, inggih Mas Mangun Mulyana sadangunipun sami dados Asisten Wadana gancaripun kados ing ngandhap punika.

Kacarios Raden Mangun Hardaka sareng dados Asisten Wedana : royalipun saya andados, minum, main kertu, tuwin madon (maling, madat, dereng), dereng purun rabi, namung seliripun sekawan ayu-ayu, remenanipun teledhek nagari kalih, menawi dalu kerep dhateng nagari nyipong ing tledhekan kalian sangu konyak terkadhang plesir numpak kareta mubeng ing pacinan kalian remenanipun taledhek, panakwanipun ngampil rangsel isi harta, srutu, lisah wangi, ingkang satunggal ngampil botol konyak utawi beteran, menawi wonten ing griya ngundang botoh dipun ajak kasukan cina utawi setoter, terkadhang inggih kalian kalenengan, unjuk-unjukan, remen ngebon barang-barang ing teko, inggih punika mendhet betahipun, kedosto : uwos, lisah, gendhis 156
teh, martega, panganan, srutu, minuman, lisah wangi tuwin badhe-badhe rasukan nanging kerep cidra boten dipun bayar, remen lelang, bebakas griya meja, kursi sapanunggalanipun, mila griyanipun inggih lajeng bregas kebak bekakas siyosipun komplit dalah rakitanipun sandel regi 400 mila wujudipun inggih bregas sanget, nanging sambutan sadaya, punapa dene remen nyambut arta dhateng cina tuwin dhateng Kepala ing bawahipun menawi dipun suruhi hanjagong ing griyaning Kepala dhusun ing bawahipun seliripun sekawan dipun ajak sadaya, panggenipun sami, mirantos para nyainipun sekawan inggih ayu-ayu, panakawanipun sakawan mirantos ngampil sabet senjata, songsong, rangsel, slimut tuwin mantol, asisten Wadana saresidhen si Madyapura boten wonten ingkang ngungkuli bregasipun kados Raden Mangun Hardaka, namung kahuningana dhateng kuwajibanipun sampun boten mana babar pisan namung pasrah dhateng Carikipun tuwin dhateng upasipun kemawon, tujunipun Carik tuwin upasipun sami mangertos sarta sami rumeksa, inggih saking sasat putranipun ingkang bupati wau punika, ewadene sadaya meksa sami sumelang, amargi ngrahosaken tindak ing lurahipun 157

ingkang kados makaten wau.
Wadananipun inggih taksih sanakipun kaleres misanan ananging tansah pegel manahipun ningali tingkahing Raden Mangun Hardaka ingkang ngaji : mumpung punika, ngantos asring matur dhateng ingkang bupati kalayan ijeman ngandharaken patrapipun Raden Mangun Hardaka, dhawuhipun Raden Tumenggung, panjenenganipun sampun mangertos sadaya menggah lalampahanipun Raden Mangun Hardaka sarta sampun kerep dipun dukani ngantos dipun dhawuhi menawi boten purun mantuni anggenipun royal, umpak-umpakan badhe dipun suwunaken pocot, mila Raden Wadana dipun dhawuhi supados nyarantosna sawatawis sarta kadhawuhan mimiringi, menawi salebetipun tigang wulan dereng wonten antawisipun enget dhateng kawajibanipun utawi royalipun dereng mantuni, inggih saestu dipun suwunaken pocot.

Kacarios Raden Mangun Hardaka anggenipun dados Asisten Wadana laminipun saweg satahun sambutanipun sampun langkung 2.000 sarta sampun dipun gugat ing Cina, dening sambutanipun boten nicil, menawi blanjan ribut kadamel nyaur bon, nyaur lelanggan, mila menawi blanjan tambahipun boten kirang 40 dereng manah betahipun griya, mila manahipun sampun karaos susah, dhateng padamel 158
saya boten dipun manah babar pisan, saya boten mangertos dening manahipun saya bingung saya rusak.

Anuju satunggiling dinten tampi palapuran saking bawahipun bilih tiyang nama sura Nangkoda, sodhagar sugih ing dhusun Kedung Kencana, kapandungan kenging barangipun ringkes warni : sengkang kalih pasang, timang, susupe, dhuwung mawi selut sami mripat barlian sadaya regi : 3.000 sanalika Raden Mangun Hardaka dhateng mriksa piyambak kanthi Carik tuwin upas upas, sasampunipun kapriksa lajeng andhawuhaken ngudi katrangan dhateng kapalanipun sarampunging perlu lajeng mantuk, boten marsudi pados katrangan piyambak. Sawatawis dinten Sepiyun sowan wonten ing Asistenan mratelakaken yen tiyang nama Cakra Katoka, ing dhusun Sidayana,

kanggenan barang kadurjanan warni sengkang tuwin dhuwung selut sami mripat barlean, sanalika upas kalih kadhawuhan anggaledhah ing griyanipun boten dangu wangsul ambekta barang warni sengkang sarta dhuwung selut sami mripat barlean, kinten pangaos 1.000. Cocok kados aturipun Sepiyun sarta wujudipun memper kalian barangipun Sura Nangkada, mila dalah ingkang gadhah barang kabekta pisan, sanalika sura Nangkada dipun timbali, dhateng 159
lajeng dipun timbali malebet ing kamar piyambakan. Kadhawuhan nitik barang kalih warni kasebut inginggil, punapa temen gadhahanipun ingkang ical kabekta durjana. Aturipun Sura Nangkada dede gadhahanipun. Sura Nangkada lajeng kadhawuhan mantuk.

Raden Mangun Hardaka medal saking kamar, lajeng andhawuhaken dhateng Cakra Kartaka, bilih Sura Nangkada anggenipun nitik barangipun wau gojeg-gajeg kados inggih kados sanes, amargi barang punika panganggening anakipun dados Sura Nangkada boten patos angnyatosi, sawatawis dinten badhe nyowanaken anakipun mila Cakra Kartaka kadhawuhan mantuk rumiyin, Cakra Kartaka sareng tampi dhawuh makaten inggih lajeng mantuk.

Sahantukipun Cakra Kartaka, Carik sakancanipun upas kadhawuhan bibaran.

Sareng wonten ing margi upas rerahosan kalian Carik.

Op. "Mas Carik, punika wau kados pundi, Sura Nangkada kalian Cakra Kartaka wau kok lajeng dipun dhawuhi mantuk kemawon barangipun wau kahaken punapa boten kalian kaca boten andhawuhi ngugeri barang, sarta kula boten dipun dhawuhi macak proses perbal".

Tjr. "Duka sampean mas upas kula inggih boten mang retos 160
karsanipun sampean dipun dhawuhi macak proses perbal punika rak yen barangipun kahaken ingkang kapandungan yen boten kahaken rak inggih boten susah damel proses perbal."

Op. "La, inggih, katranganipun dipun aken punapa boten".

Tj. "Inggih duka sampona tiyang anggenipun andangu wonten kamar makaten, ingkang mangretos sinten, sareng Sura Nangkada medal inggih lajeng terus mantuk kemawon".

Op. "Inggih la kok kadhang kula, karsanipun dara satan punika kados pundi, nindakaken padamelan perlu kok kados makaten."

Tjr. "Mongso boronga mas upas kula sampean makaten tiyang wonten ngandhap, namung sadremi".

Op. "Anu mas Carik kula mireng kabar nalika dara seten katarik dhateng Yustisi, bab gugatipun Cina, Tyo wong keh ingkang prajanjian notaris, punika namung dipun wangeni salebetipun sawulan menawi boten saged bayar kropyok badhe dipun suwun kunjaranipun".

Tjr. "Kabaripun inggih makaten 161

Op. "Mongki pinten punika".

Tjr. "Kabaripun 500".

Op. "Wah rekahos dara seten punika inggih mas Carik, mangka nalika sowan Yustisi punika sapriki rak sampur meh sawulan".

Tjr. "Inggih sampun, tiyang sampun dipun jarag piyambak mas Upas, mongso borongo".

Lajeng simpangan mantuk dhateng griyanipun piyambak, sapengkeripun Carik kaliyan Upas, Raden Mangun Hardaka lajeng dandos numpak siyos badhe dhateng Madyapura kalayan mbekta sengkang tuwin dhuwung gantungan gadhahanipun Cakra Kartaka, perlunipun badhe kagentosaken, sadumuginipun ing Madyapura, barang inggih lajeng kagentosaken pajeng 600, wonten ing Madyapura nyipeng sadalu, injingipun mantuk dhateng Cinta Karda, boten antawis dinten wonten dhurwardher dhateng ing Cinta Karda, kapanggih Raden Mangun Hardaka, carios bilih kahutus Kanjeng Tuwan Presidhen, Raden

Mangun Hardaka katimbalan dhateng Kantor Landrad, sarehning Raden Mangun Hardaka sampun mangertos inggih lajeng tumut sarta sampun mirantos. Sadumuginipun ing Kantor Landrad Raden Mangun Hardaka 162
dipun dhawuhi ing Kanjeng Tuwan Presidhen bilih piyambakipun nampeni ponis saking Yustisi bab gugatipun Cina Tya Wongkeh menawi piyambakipun boten bayar sambutanipun gunggung kalebet waragad 575 badhe kalebetaken kunjara. Sarehning Raden Mangun Hardaka sampun ambekta arta sanalika lajeng kabayar kropyok 575, Raden Mangun Hardaka kalilan mantuk wilujeng boten saestu kalebetakan kunjara.
Sanes dinten kadahtengan dhurwardher malih, nyiwer barang gadhahinpun bab gugatipun Cina ingkang karampuangan ing pengadilan Landrad ngantos dumugi kalampahan kalelangaken barangipun telas, namung griya boten kalelang amargi griya sewan.

Kacapa Cakra Kartaka, ingkang barangipun sengkang tuwon dhuwung kagantung wonten kaonderan, sarehning sampun meh kalih wulan boten wonten katranganipun lajeng sowan nyuwun katrangan nanging dipun dhawuhi bilih saweg kaurusaken menawi sampun resik terang dede barang peteng inggih lajeng mantuk, saben let 8 utawi 10 dinten nyadhong malih, nanging inggih tansah dipun dhawuhi kados ingkang kasebat ing nginggil wau. 163
Sarehning sampun tita anggening nyarantosaken tansah dipun ubeng-ubeng kemawon, mongko mireng terang yen barangipun boten kahaken dhateng tiyang ingkang kapandungan, dhasar inggih barang sae, Cakra Kartaka rumaos yen badhe dipun pakewed, Cakra Kartaka lajeng gadhah atur rekes dhateng Karesidhenan, rekes lajeng kaparingaken Kanjeng Tuwan Asisten Residhen kadhawuhan nyurusaken, sanalika Kanjeng Tuwan Asisten lajeng utusan Mantri Pulisi nimbali Raden Mangun Hardaka boten kalilan pamit ingandikakaken ngajak sareng, anjujug ing Kantor Asistenan, Raden Mangun Hardaka gugup semu kuwatos lajeng sowan kairit Mantri Pulisi. Sa-

dangunipun ing Kantor Asistenan dereng kadangu Kanjeng Tuwan lajeng nimbali Jaksa, rekes kaparingaken Jaksa ingandikakaken mriksa, Jaksa lajeng maos rekes wau katawekaken dhateng Raden Mangun Hardaka, sanalika Raden Mangun Hardaka boten saged jawab, guwayanipun pucet boten gadhah bayu, Kanjeng Tuwan Asisten lajeng andangu piyambak kalayan dipun teter-teter, dangu-dangu lajeng matur prasaja, inggih temen anggantung barangipun Cakra Kartaka warni sengkang tuwin dhuwung kados ingkang kasebat ing rekes nanging lajeng kasambut kagentosaken pajeng 600, arta lajeng kadamel nyaur sambutanipun dhateng erna Tyo Wong Keh 164
ingkang sampun karempungan Yustisi, manawi, kapareng nyuwun pamit badhe nyuwun arta dhateng ingkang rama Den Tumenggung Karti Praja kadamel nebus, Kanjeng Tuwan boten marengaken panyuwunipun pamit wau, malah lajeng kadhawuhan anglebetaken ing kunjaran, sampun kalampahan Raden Mangun Hardaka katahan ing Kunjara.
Dumugi sapriki dereng wonten karampunganipun
Telas lelampahanipun Raden Hardaka, makaten punika lelempahan ingkang dhawah nistha.

Ing mangke anyariosaken lelampahanipun Jaka Madyana, inggih Mas Menggung Madyana, sadangunipun dados Asisten Wadana panindhakipun dhateng kawajiban; Madya tegeseipun boten kenceng, manahipun ayem boten kagetan manawi wonten dhawuh ingkang kasesa kadasta : dipun timbali pangageng ingkang sanalika kedah sowan, inggih lajeng sowan nanging boten kasesa, menawi wonten bencana kadasta: mireng tengara wonten griya kabesmen, wonten durjana, koyak, pandung kacepeng tuwin sanes-sanesipun inggih lajeng tandang nanging kalayan sareh, boten gugup, menawi wonten tiyang ingkang kalepatan, prakawis palanggaran, boten nate dipun sereg ing 165
prakawis, namung dipun serep-serepaken kalayan sareh, dipun dunung-dunungaken sampun ngantos purun nerak papacuh tuwin awisaning nagari, lajeng kawaos aken regelmen pulisi, dipun serepaken badhe patrapipun.

Cekakipun sadaya padamelan namung dipun lampahi kalayan sabar, ewadene bawahipun tentrem wilujeng, boten nate wonten prakawis ageng. Mangka leresipun padamelan Pulisi makaten boten kenging katindakaken kalayan sabar, dene anggenipun Mas Mangun Madyana pamanahipun makaten wau, saking katarik remen dhateng agama, dados kathah pasrahipun dhateng Gusti Allah.

Saben malem Jumu'ah ngundang para santri sarta tetiyang ingkang celak-celak ing Asistenan lajeng kawahosaken Kadis, para santri kapurih nyerep-nyerepaken surahosipun Kadis wau, supados tiyang-tiyang wau sami mangretos lajeng wilujengan Rasulan.

Saben kempalan Kepala dhusun, sasampunipun andhawuhaken dhawuhan nagari tuwin sanes-sanesipun padamelan ingkang perlu lajeng andongeng lelampahamipun para Nabi, miturut dalil Qur'an wusananipun lajeng mardi sadaya kanca kapala saka rerehanipun sami nglampahana ngibadah (sembahyang) 166

Sabem wulan siyam ngadegaken darusan wonten ing pandhapa, ing secelakipun griya Asistenan ngriku wonten masjid kina sampun risak lajeng dipun mulyakaken kangge sembahyang tiyang ingkang sampun sembahyang saben sonten kapurih sembahyang wonten ing masjid ngriku, terkadhang dipun imami piyambak.

Kacarios saya dangu Mas Mangun Madyana sangsaya remen dhateng tindak ing agama Islam, sembahyangipun kenceng sanget, sanadyan saweg perlu punapa kemawon menawi sampun dumugi wekdalipun sembahyang inggih kendel sembahyang. Ing satunggiling dinten pinuju Konperensi wonten ing Kabupaten ngantos dumugi luhur dereng bibaran Mas Mangun Madyana inggih lajeng pamitan sembahyang luhur, sawangsulipun sembahyang dipun dukani dhateng ingkang Bupati, bilih anggenipun nindakaken agama kenceng sanget makaten, temtu angendhakaken tumindaking Kapulisian ingkang sayogi, sarehning taksih remen dados priyantun.

B.B. "Sanadyan remena dhateng agama, kadamela sawatawis kemawon, kadhangkala sami pikantukipun; Raden Tumenggung inggih boten mahoni tiyang remen agama, dhasar sampun dados wajibipun tiyang agama Islam 167 inggih kedah anglampahi rukuning Islam, nanging sarehning taksih remen dados Pulisi, temtu boten saged cancut dhateng tindaking Pulisi." 167

Mas Mangun Madyana namung tumungkul boten mangsuli sareng wanci jam 3 lajeng bibaran.

Kacarios sareng Mas Mangun Madyana sampun dumugi ing griya lajeng anggagas dukanipun ingkang Bupati, pinanggih ing nalar inggih leres dukanipun ingkang Bupati wau, ananging kados pundi sarehning sami wajibipun, pemanggihipun Mas Mangun Madyana : menawi karangkep amesthi badhe cewet salah satunggal utawi bibrah kalih pisan kekencenganing cipta padamelahipun ingkang badhe keselehaken, sarehning pupuntonipun sampun mantep mila lajeng damel serat paturan nyuwun kendel saking padamelanipun Asisten Wadana.
Watawis sawulan Mas Mangun Madyana tampi beslit kendel kalayan hurmat saking penyuwunipun piyambak.
Sasampunipun kendel Mas Mangun Madyana saya nemen enggenipun anglampahi ngibadah sarta lajeng dados guru mulang ngaos Kitab Qur'an ngantos dumugi sapunika wilujeng ing gesangipun boten kirang satunggal punapa malah menawi sampun samekta lajeng badhe minggah kaji.

Telas lampahanipun Jaka Madyana 168
Inggih punika ingkang dipun wastani lelampahan dhawah madya.

Dene lelampahinpun Mas Mangun Mulyana sareng dados Asisten Wedana, anggenipun nindakaken kuwajiban sangsaya majeng, saya kenceng saya sregep meh boten wonten kendelipun boten ngetang sayah boten ngetang arip tuwin luwe, anggenipun nedha namung saengetipun kemawon, boten tilem menawi boten arip sanget, penindakipun pedamelan tuwin sanes-sanesipun menawi boten wonten sebab ingkang perlu kadamel ajeg Kadasta : : menawi tangi jam 4.30 enjing, lajeng

mlampah-mlampah, mila kerep nyepeng palanggaran, kadasta : tiyang ambekta kajeng jati peteng, ambekta kopi, ambekta erya terkadhang nyepeng durjana. Jam 7 mantuk lajeng dandan, jam 8 papriksa ing dhusun-dhusun numpak kapal utawi malampah, jam 12 mantuk, ningali serat-serat garapanipun Carik lajeng kacocogaken kalian kopi seratanipun piyambak menawi sampun cocog lajeng dipun tandhani, kupi lajeng kapurih nginggahaken buku rogester kalayah plek tedhak sungging : lajeng kacocogaken malih, menawi sampun buku regester inggih lajeng dipun teken lajeng kapurih 169
nginggahaken buku ekspedhisi, katur Kawadanan tuwin ingkang kadhawuhaken dhateng Kepala dhusun ugi kecocogaken piyambak, menawi sampun cocog saweg kaparingaken Upas utawi palayangan iangkang laleres anglampahaken serat-serat wau, mila inggih boten wonten serat ingkang cewet sadaya resik, rajin, jam 2 saweg bibaran, sabibaring kantoran, boten temtu lajeng nedha nanging maos serat-serat ingkang sampun kasadhiyakaken kadasta : buku angger hukum, penuntuh kandhungan sapanunggilanipun punapa dene Wurdhentuk tuwin serat-serat kabar, menawi siang boten nate tilem boten nate cucul ngantos dumugi jam 4.30, anggenipun maos serat-serat saweng kendel lajeng adus dandan, jam 7 sonten lenggah ing kantoran ningali serat-serat dhines ingkang mentas kaparingaken saking kawedanan, ingkang sanalika kenging dipun wangsuli inggih dipun ngengreng pisan, ingkang kedah taksih anjangkep-jangkepaken namung dipun cireni punapa saperlunipun, lajeng katampekaken ing Carik, jam 11 utawi jam 12 dalu saweg mapan tilem, jam 5 sampun tangi, samanten 170
punika manawi boten rondho, awit peiyambakipun kerep sanget rodho, bidhal saking griya jam 10 utawi jam 11, mantuk jam 2 utawi jam 3 dalu.
Menawi wonten kepala lapor kadurjanan agenga alita, sawanciwanci lajeng dipun priksa peiyambak kaleyan salesih sarta lajeng mangkat ngupados katrangan ngantos kalih utawi tingang dinten saweg mantuk, kerep kemawon mantuk sampun ambekta sakitan dalam cihnanipun sarta lajeng dipun priksa piyambak,

